देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

बुध
23 सितंबर, 2026
पटना

भादव, शुक्ल पक्ष, द्वादशी, संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 15 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 3:00



# जमुई कांडक मुख्य आरोपीक हाफ एनकाउंटर पुलिस कें देखिते चलबय लागल छल गोली

## पुलिस पैर मे गोली मारि मुख्य आरोपी कें पकड़लक, अखन धरि सात आरोपीक भए चुकल अछि गिरफ्तारी

- वीडियो बनौनिहार आ वायरल केनिहारक सेहो कएल जा रहल अछि तलाश

**जमुई, समदिया**


जमुई मे नाबालिग छात्राक संग कथित बदसलूकीक मामिला मे पुलिस पैघ कारबाइ केने अछि। पुलिसक अनुसार, घटनाक मुख्य आरोपी नंदन यादवक संग मुठभेड़ भेल, जाहि मे ओकर पैर मे गोली लागल अछि। एकटा दोसर आरोपीक पैर टूटबाक सेहो सूचना अछि। एहि घटना मे आरोपी सभक गिरफ्तारी लेल विशेष जांच दल अर्थात एसआइटी गठित कएल गेल छल।

पुलिसक अनुसार नंदन यादव समेत किछु आरोपी घटनाक बाद सं फरार छल आ हुनकर खोज चलि रहल छल। एहि क्रम मे पुलिसक नंदन यादव सं मुठभेड़ भए गेल। पुलिसक कहब अछि जे पहिने आरोपी दिस सं गोली चलाओल गेल, तकर बाद पुलिस जवाबी कारबाइ कएलक आ गोली नंदन यादवक पैर मे लागल। पुलिसक दावा अछि जे एहि मामिला मे अखन धरि कुल 7 आरोपी कें पकड़ल गेल अछि। पुलिस अधीक्षक विश्वजीत दयालक अनुसार, मुठभेड़क बाद एफएसएलक टीम सेहो घटनास्थल पर पहुंचि जांच केने अछि। मुख्य आरोपी नंदन यादव सं पूछताछ कएल जायत। वायरल वीडियो मे देखाइ देनिहार अन्य लोकक भूमिका संबंधी जानकारी सेहो जुटाओल जा रहल अछि।

### मड़वा पहाड़ पर पहिने सेहो भेल अछि घटना

जतय नाबालिग छात्राक संग कथित छेड़छाड़क घटना भेल ओ इलाका सांझक बाद सुनसान भए जाइत अछि। मड़वा पहाड़ी दिस जायबला सड़क पर अन्हार होइतहि असामाजिक तत्वक जमघट रहबाक बात स्थानीय लोक बतौने छथि। स्थानीय लोकक कहब अछि जे पहिने सेहो एहि क्षेत्र मे एहन घटना भेल अछि, मुदा लोकलाजक कारण बहुतो मामिला थाना धरि नहि पहुंचि सकल। घटनास्थल पर नियमित पुलिस गश्ती आ निगरानीक कमी कें लए कए सेहो सवाल उठाओल जा रहल अछि।





### पटना मे कांग्रेसक प्रदर्शन

जमुई घटनाक विरोध मे युवा कांग्रेसक कार्यकर्ता सभ सोमदिन पटना मे सरकारक विरुद्ध प्रदर्शन कएलनि। कारगिल चौक पर मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक पुतला दहन कएल गेल। प्रदर्शनकारी सभ सरकारक विरुद्ध नारा लगबैत मुख्यमंत्री सं नैतिक जिम्मेदारी स्वीकार करैत इस्तीफाक मांग कएलनि। विपक्षी दल राजद आ कांग्रेस सेहो घटनाक आधार पर मुख्यमंत्री सं इस्तीफाक मांग केने अछि।

### वीडियो वायरल कएनिहार पर सेहो कारबाइ

उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी जमुईक घटना कें घृणित अपराध बतौलनि। ओ कहलनि जे दोषी सभ कें कठोर सं कठोर सजा देबाक लेल सरकार तत्पर अछि। हुनकर अनुसार, मामिला मे पॉक्सो अधिनियम अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज कएल गेल अछि, जाहि मे कठोर दंडक प्रावधान अछि। ओ कहलनि जे घटना मे जे लोक प्रत्यक्ष रूप सं शामिल छलाह, जे वीडियो बनौलनि अथवा जे एकरा सोशल मीडिया पर वायरल कएलनि, सभक भूमिका जांचल जाएत आ कानूनक अनुसार कठोर कारबाइ कएल जाएत।

### तेजस्वीक आरोप : बिहार मे महिला-छात्रा सुरक्षित नहि

जमुई घटनाक आलोचना करैत विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव कहलनि जे बिहार मे कानून-व्यवस्थाक स्थिति चिंताजनक अछि। हुनकर आरोप अछि जे राज्य मे छात्रा आ महिला सुरक्षित नहि छथि। सड़क, घर, स्कूल अथवा कॉलेज - कतहु लड़कीक सुरक्षा सुनिश्चित नहि अछि। तेजस्वी यादवक कहब छल जे अपराधी दिन-देखाड़ स्कूल, कॉलेज आ घर धरि मे अपराध करैत छथि। हत्या, लूट आ अपहरणक घटना बढ़बाक आरोप लगबैत ओ कहलनि जे राज्य मे अपराधी बेलगाम भए गेल छथि। हुनकर अनुसार, सरकारक कार्यकाल मे एहन घटना बढ़ल अछि आ कानून-व्यवस्थाक स्थिति पर गंभीर प्रश्न उठि रहल अछि।

**एक नजरि**

### टीआरई-4 शिक्षक भर्ती लेल अधिसूचना जारी

**पटना :** बिहार मे चतुर्थ चरणक शिक्षक भर्ती परीक्षा (टीआरई-4) लेल बिहार लोक सेवा आयोग (बीपीएससी) अधिसूचना जारी कए देने अछि। एहि चरण मे प्राथमिक सं उच्च माध्यमिक धरि विद्यालय अध्यापकक कुल 32,388 पद पर नियुक्ति होयत। आयोगक परीक्षा नियंत्रक अमिताभ सिन्हाक अनुसार, ऑनलाइन आवेदनक प्रक्रिया 25 सितंबर 2026 सं शुरू होयत आ अभ्यर्थी 26 अक्टूबर धरि आवेदन कए सकताह। आवेदन शुल्क जमा करबाक अंतिम तिथि 25 अक्टूबर निर्धारित कएल गेल अछि।

### आइसीसी टी20आइ रैंकिंग मे भारत फेर बनल नंबर-1

**नई दिल्ली :** श्रेयस अय्यरक कप्तानी मे भारतीय टीम जापान कें दू रन सं हरौलाक बाद आइसीसी टी20आइ टीम रैंकिंग मे फेर शीर्ष स्थान प्राप्त कए लेने अछि। भारत-जापानक बीच ई पहिल अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट मैच छल। जीतक बाद जारी रैंकिंग मे भारत आ इंग्लैंड दुनूक 269 रेटिंग अंक अछि, मुदा भारत शीर्ष पर अछि। ऑस्ट्रेलिया 260 अंकक संग तेसर, न्यूजीलैंड 247 अंकक संग चारिम आ दक्षिण अफ्रीका 243 अंकक संग पांचम स्थान पर अछि।

# बिहार एमएलसी चुनावक घोषणा : 23 अक्टूबर कें मतदान

## 4 स्नातक आ 4 शिक्षक सीट पर चुनाव

- 29 सितंबर कें जारी होयत अधिसूचना, 27 अक्टूबर कें आओत परिणाम

**पटना, समदिया**

बिहार विधान परिषदक स्नातक आ शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक 8 सीट लेल चुनावक घोषणा कए देल गेल अछि। भारत निर्वाचन आयोग द्वारा जारी कार्यक्रमक अनुसार 4 स्नातक आ 4 शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे मतदान होयत। चुनावक अधिसूचना 29 सितंबर 2026 कें जारी होयत, जखन कि 23 अक्टूबर कें मतदान आ 27 अक्टूबर कें मतगणना होयत। संपूर्ण चुनाव प्रक्रिया 31 अक्टूबर धरि पूरा कए लेबाक अछि।एहि 8 सीट मे पटना स्नातक, दरभंगा स्नातक, तिरहुत स्नातक, कोसी स्नातक तथा पटना शिक्षक, दरभंगा शिक्षक, तिरहुत शिक्षक आ सारण शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र शामिल अछि। वर्तमान 8 सदस्यक कार्यकाल 16 नवंबर 2026 कें समाप्त होयत।





### 6 अक्टूबर धरि दाखिल कएल जा सकत नामांकन

चुनावक अधिसूचना 29 सितंबर कें जारी होयत। उम्मीदवार 6 अक्टूबर धरि नामांकन पत्र दाखिल कए सकताह। 7 अक्टूबर कें नामांकन पत्रक जांच होयत आ 9 अक्टूबर धरि नाम वापस लेबाक अवसर रहत। 23 अक्टूबर कें भोरे 8 बजे सं सांझ 4 बजे धरि मतदान होयत। चारि दिनक बाद 27 अक्टूबर कें मतगणना कएल जाएत। चुनाव कार्यक्रमक घोषणा संगहि संबंधित निर्वाचन क्षेत्र सभ मे आदर्श आचार संहिता लागू भए गेल अछि।

### जन सुराजक 5 उम्मीदवार घोषित

प्रशांत किशोरक जन सुराज पार्टी पहिने 5 सीट लेल अपन उम्मीदवारक घोषणा कए चुकल अछि। दरभंगा शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं एसपी राय, दरभंगा स्नातक सं रवींद्र यादव, सारण शिक्षक सं आफाक अहमद, पटना शिक्षक सं डॉ. दिव्या ज्योति आ कोसी स्नातक सं रजनीश रंजन कें उम्मीदवार बनाओल गेल अछि। बांकी 3 सीट - पटना स्नातक, तिरहुत स्नातक आ तिरहुत शिक्षक पर उम्मीदवारक घोषणा बाद मे करबाक बात पार्टी कहने अछि। जन सुराज पहिने सभ 8 सीट पर चुनाव लड़बाक बात कहने छल।

### राजदक 6 उम्मीदवार

राजद सेहो 8 मे सं 6 सीट पर अपन उम्मीदवारक घोषणा कए चुकल अछि। पार्टी द्वारा घोषित नाम मे डॉ. संजीव कुमार सिंह, दिलीप कुमार, नितेश कुमार, अनिल कुमार झा, जयराम यादव आ रश्मि विनायक गौतम शामिल छथि। दू सीट पर उम्मीदवारक घोषणा शेष अछि।

एमएलसी चुनावक घोषणा भेला सं बिहारक शिक्षक आ स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सभ मे राजनीतिक गतिविधि तेज भए गेल अछि। एहि चुनाव मे शिक्षक आ स्नातक मतदाता अपन प्रतिनिधिक निर्वाचन करताह।

# पाइ नहि देला पर नवजात कें बंधक बनौलक अस्पताल

- प्रसवक क्रम मे भए गेल छल महिलाक मृत्यु, परिजन अस्पताल पर लगौलनि लापरवाहीक आरोप

**दरभंगा, समदिया**

दरभंगा मे प्रसवक बाद एक निजी अस्पताल मे 19 वर्षीय महिलाक मृत्यु भए गेल। मृतकक परिजन इलाज मे लापरवाही आ प्रसवक बाद दोबारा ऑपरेशन करबाक आरोप लगौने छथि। परिजनक दावा अछि जे नवजात बच्ची कें सेहो अस्पताल प्रबंधन बकाया रकम नहि चुकाओल गेलाक कारण अपना लग राखि लेने अछि। मृतकक पहिचान कमतौल थाना क्षेत्रक अहियारी गामक वार्ड नंबर-10 निवासी राजा बाबूक पत्नी सोना देवीक रूप मे भेल अछि। करीब 10 मास पहिने दुनू परिवारक सहमति सं पहिने प्रेम-विवाह भेल छल।



मृतकक सासु अनीता देवीक अनुसार, 17 सितंबर कें सोना देवी कें दिल्ली मोड़ स्थित निजी अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल छल। चिकित्सक सिजेरियनक माध्यम सं बच्चीक जन्म करौलनि। परिजनक अनुसार, पहिल ऑपरेशनक बाद जच्चा-बच्चा दुनूक स्थिति ठीक छल। मुदा किछु समय बाद फेर ऑपरेशन करबाक बात कहल गेल। दोबारा ऑपरेशनक बाद सोना देवीक स्थिति बिगड़ि गेल आ 18 सितंबर कें हुनकर मृत्यु भए गेल। परिजनक आरोप अछि जे इलाजक नाम पर करीब 80 हजार टका लेल गेल। मृत्युक बाद शव घर पठा देल गेल, मुदा नवजात बच्ची कें अस्पताल मे राखि लेल गेल। ससुर विनोद दासक कहब अछि जे आब करीब 60 हजार टका बकाया देबाक मांग कएल जा रहल अछि।

# भवन निर्माण निगमक जीएम पर आय सं 103 प्रतिशत बेसी संपत्ति अर्जित करबाक आरोप

- इओयू जीएमक विभिन्न ठिकाना पर मारलक छापा
- ज्वेलरी, बैंक निवेश आ कतेको लग्जरी गाड़ीक पेपर बरामद

**पटना, समदिया**

बिहार राज्य भवन निर्माण निगम लिमिटेडक महाप्रबंधक (तकनीकी) कमलेश कुमारक विरुद्ध आय सं अधिक संपत्तिक मामिला मे आर्थिक अपराध इकाई (इओयू) बुधदिन भोर मे पैघ कारबाइ केलक। इओयू केर टीम पटना आ वैशाली स्थित कतेको ठिकाना पर एक संग छापेमारी केलक। संगहि वैशाली स्थित हुनकर पैतृक आवास पर सेहो छापा मारल गेल। कमलेश कुमार पर अपन ज्ञात आय सं 3 करोड़ 12 लाख 51 हजार टका बेसी संपत्ति अर्जित करबाक आरोप अछि। ई हुनकर ज्ञात आय सं करीब 103 प्रतिशत बेसी बताओल गेल अछि।



इओयू केर टीम मंगलक भोर करीब 7 बजे पटना केर राजीव नगर स्थित मेघा बिल्डिंग सेहो पहुंचल छल, मुदा ओतय घर मे ताला लागल छल। करीब साढ़े चारि सं पांच घंटा बाद टीम घर मे प्रवेश कए तलाशी शुरू कए सकल। राजीव नगर स्थित मेघा 25/सीक आवास पर 12 सदस्यीय टीम भोर 7 बजे सं उपस्थित छल। मकान जी+5 अछि।

इओयू अधिकारीक अनुसार, अखन धरि भेल छापेमारी मे लाखो टकाक ज्वेलरी, बैंक निवेश, निवेश सं जुड़ल पेपर आ कतेको लग्जरी गाड़ीक कागजात बरामद भेल अछि। बरामद सामग्री आ निवेश संबंधी कागजात कें अखन फ्रीज करबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। ज्वेलरी आ निवेश संबंधी कागजातक कुल मूल्यक आकलन सेहो कएल जा रहल अछि।

### 21 सितंबर कें दर्ज भेल छल एफआइआर

इओयू थाना मे 21 सितंबर 2026 के कांड संख्या 24/26 दर्ज कएल गेल। मामिला भ्रष्टाचार निवारण अधिनियम, 1988 (संशोधित 2018) केर धारा 13(2) सहपठित धारा 13(1)(बी) केर अंतर्गत दर्ज भेल अछि। एफआइआर दर्ज भेलाक बाद इओयू विशेष न्यायालय निगरानी, पटना सं तलाशी वारंट प्राप्त केलक। एहि वारंटक आधार पर 22 सितंबरक भोर मे संबंधित ठिकाना सभ पर एक संग तलाशी अभियान शुरू कएल गेल।




# नाबार्ड सरकार कें सौंपलक प्रस्ताव रुटैग स्मार्ट विलेज सेंटर बनत

## 1 हजार परिवार कें भेटत रोजगार, ग्रामीण क्षेत्र मे टिकाऊ विकास आ सस्त तकनीक पहुंचेबाक पहल

**पटना, समदिया**

बिहारक ग्रामीण इलाका मे कृषि, स्वरोजगार आ अत्याधुनिक सस्त तकनीकक पहुंच बढ़ेबाक लए रुटैग स्मार्ट विलेज सेंटर बनाओल जाएत। नाबार्ड आ दोसर एजेंसी सभक सहयोग सं शुरू कएल जा रहल एहि पहल अंतर्गत राज्यक प्रत्येक चयनित सेंटर सं कम सं कम 10 गाम अर्थात न्यूनतम 1000 ग्रामीण परिवार कें सीधा लाभ पहुंचाओल जाएत।

एहि योजनाक उद्देश्य छोट आ सीमांत किसान सभक आमदनी बढ़ेनाइ, स्थानीय स्तर पर उद्यमिता कें बढ़ावा देनाइ आ ग्रामीण क्षेत्र मे आजीविकाक अवसर कें टिकाऊ बनौनाइ अछि। सेंटरक स्थापना लए 500 सं 1000 वर्ग फीट स्थानक चयन कएल जाएत, जतय सं किसान आ युवा सभ कें विभिन्न तकनीकी सेवा, प्रशिक्षण आ प्रदर्शन उपकरण उपलब्ध कराओल जाएत। एहि मॉडल लागू भेलाक बाद ग्रामीण क्षेत्र सं होएबला पलायन मे कमी आएत



आ स्थानीय उत्पाद सभक बाजार लिंकेज कें नव मजबूती भेटत। नाबार्ड दिस सं एहि संबंध मे प्रस्ताव बिहार सरकार कें सौंपल गेल अछि।

### तीन श्रेणी मे बंटत सेंटर, 12 ट्रेड मे सं चयनक विकल्प

स्मार्ट विलेज सेंटर कें स्थानीय आवश्यकता आ क्षमता कें आधार पर तीन अलग-अलग श्रेणी मे वगीर्कृत कएल जाएत। एहि अंतर्गत कुल 12 कार्य क्षेत्रक पहचान कएल गेल अछि, जाहि मे सं प्रत्येक सेंटर कें कम सं कम दू ट्रेड पर अनिवार्य रूप सं काज करए पड़त। ट्रेडक चयन क्षेत्रक भौगोलिक स्थिति, किसान सभक मांग आ आर्थिक उपयोगिता कें ध्यान मे राखि कएल जाएत।

### पैक्स, स्वयं सहायता समूह आ एनजीओ कें भेटत जिम्मेदारी

एहि सेंटर सभक संचालन लए प्राइमरी एग्रीकल्चरल क्रेडिट सोसाइटी (पैक्स), स्वयं सहायता समूह (एसएचजी) फेडरेशन, कृषि विज्ञान केंद्र (केवीके), आरसेटी आ गैर-सरकारी संगठन सभ कें प्रोजेक्ट इंप्लीमेंटिंग एजेंसीक रूप मे चुनल जाएत। जं कोनो पैक्स एकसर एहि मॉडल कें चलाबय मे असमर्थ रहैत अछि, तं सहयोगी संस्था सभक संग संयुक्त रूप सं एकरा संचालित करबाक व्यवस्था कएल गेल अछि।

### राज्यक योजना आ सीएसआर फंड सं संचालन

स्मार्ट विलेज सेंटर सभ कें आत्मनिर्भर बनेबाक लए एकटा ठोस रेवेन्यू मॉडल तैयार कएल गेल अछि। एहि अंतर्गत देल जाएबला सेवा सभक बदला मे किफायती शुल्क लेल जाएत। एकर अतिरिक्त केंद्र आ राज्य सरकारक चलि रहल कल्याणकारी योजना सभ तथा कॉर्पोरेट सोशल रिस्पॉन्सिबिलिटी फंडक संग कन्वर्जेंस कए बुनियादी ढांचा आ बजटक विस्तार कएल जाएत।

10 गामक 1 हजार परिवारक लए 1000 वर्ग फीट मे तकनीकी सेंटर विकसित कएल जाएत। 12 कार्य क्षेत्र मे सं कम सं कम दू कार्य क्षेत्रक विकल्प प्रत्येक सेंटर कें देल जाएत। पैक्स, एसएचजी फेडरेशन, केवीके, एनजीओ आ कंपनी सभ कें एकर संचालनक अवसर देल जाएत। छोट आ सीमांत किसान सभ कें सस्त तकनीक, प्रशिक्षण आ बाजार धरि पहुंच उपलब्ध कराकए रोजगार, विकास आ समृद्धि मे सहायक बनेबाक प्लेटफॉर्म ई सेंटर उपलब्ध कराओत।

ग्रामीण क्षेत्र मे टिकाऊ विकास आ सस्त तकनीक पहुंचेबाक लए स्मार्ट विलेज सेंटरक रूपरेखा तैयार कएल गेल अछि। सक्षम एजेंसी सभक माध्यम सं एकर सफल संचालन सुनिश्चित कएल जाएत। बैंक सभक सेहो एहि मे महत्वपूर्ण भूमिका रहत। – गौतम सिंह, मुख्य महाप्रबंधक, नाबार्ड

# मसौढ़ी मोड़-जीरो माइल मार्ग पर 45 दिन धरि नो-एंट्री, वैकल्पिक रूट सं चलत गाड़ी

**पटना, समदिया**

पटना मे मसौढ़ी मोड़ सं जीरो माइलक बीच सड़क निर्माण काजक कारण मंगल दिन सं एहि मार्ग पर वाहनक आवागमन प्रभावित रहत। निर्माण काज करीब 45 दिन धरि चलबाक संभावना अछि। एकरा देखैत यातायात पुलिस वाहन चालक सभक लए वैकल्पिक मार्ग निर्धारित केने अछि।

पश्चिम दिस जाएबला वाहन मसौढ़ी मोड़ सं करीब 1 किलोमीटर आगू विजयनगरक नजदीक यू-टर्न लए गांधी सेतुक दिस जा सकत। एहि वैकल्पिक मार्गक उपयोग कए वाहन चालक निर्माण स्थल सं बचैत अपन गंतव्य दिस जा सकताह।

बाइपासक दिस सं आबि रहल वाहन जीरो माइल फ्लाइओवरक उपयोग करत। यातायात पुलिसक अनुसार, वैकल्पिक मार्गक उपयोग सं निर्माण स्थल पर वाहनक दबाव कम करबा आ जामक स्थिति सं बचबा मे मदति भेटत। निर्माण काजक दौरान यातायात व्यवस्था संभारबाक लए संबंधित मार्ग पर पुलिसकर्मी सभक तैनाती कएल जाएत। यातायात पुलिस वाहन चालक सभ सं अपील केने अछि जे निर्माण अवधिक दौरान प्रतिबंधित अथवा बाधित मार्ग पर जाएबाक प्रयास नहि करथि आ घटनास्थल पर तैनात पुलिसकर्मी सभक निर्देश पालन करथि।

निर्माण एजेंसी करीब 45 दिन मे सड़क निर्माण काज पूरा करबाक आश्वासन देलक अछि। एहि दौरान मार्ग पर यातायात व्यवस्था बनौने रखबाक लए पुलिसक निगरानी रहत।

### जीपीओ आरओबी पर मालवाहक वाहनक परिचालनक समय बदलल

एहि बीच पटना जीपीओ आरओबी पर जामक समस्या कम करबाक लए मालवाहक वाहनक परिचालनक समय मे सेहो बदलाव कएल गेल अछि। ई व्यवस्था 21 सितंबर सं लागू कएल गेल अछि। व्यस्त समय मे आरओबी पर मालवाहक वाहनक परिचालन पर रोक रहत।

बुद्ध मार्ग आ मीठापुर दिस सं आबि रहल मालवाहक वाहन सभक लए भोर 9 बजे सं 11 बजे धरि आ सांझ 6 बजे सं राति 8:30 बजे धरि परिचालन बंद रहत। एहि अवधि मे मालवाहक वाहन सभ कें वैकल्पिक रास्ता सं पठाओल जाएत।

निर्धारित प्रतिबंधित अवधि मे मालवाहक वाहन अनीसाबाद, बेऊर आ न्यू बाइपासक रास्ता सं अपन गंतव्य धरि जा सकत। जीपीओ आरओबीक दूनू छोर पर पुलिसकर्मी सभक तैनाती कए यातायात व्यवस्थाक निगरानी कएल जाएत। मीठापुर-महुली एलिवेटेड फ्लाइओवर पर यातायात शुरू भेलाक बाद 28 अगस्त सं जीपीओ आरओबी पर वाहनक दबाव बढ़लाक बात सामने आएल अछि।

# पटना जीपीओ मल्टी मॉडल हब मे आब निःशुल्क पार्क नहि कए सकब गाड़ी

**पटना, समदिया**

पटना जीपीओ गोलंबरक नजदीक स्थित मल्टी मॉडल हब मे अक्टूबर सं वाहन पार्क करबाक लए शुल्क देबय पड़त। पटना स्मार्ट सिटी लिमिटेड हबक संचालन आ रखरखावक जिम्मेदारी निजी एजेंसी कें सौंपबाक प्रक्रिया शुरू कए देलक अछि। पार्किंगक शुल्क दर एखन तय नहि भेल अछि।

पटना स्मार्ट सिटी लिमिटेडक सीईओ मो. शमशादक अनुसार, पार्किंग शुल्क तय करबाक लए पटना जंक्शन, एयरपोर्ट आ दोसर प्रमुख स्थान पर लागू पार्किंग दरक अध्ययन कएल जा रहल अछि। एहि आधार पर मल्टी मॉडल हबक शुल्क दर निर्धारित कएल जाएत।

मल्टी मॉडल हब मे कतेको स्तर पर पार्किंगक व्यवस्था कएल गेल अछि। ग्राउंड फ्लोर पर 6 कार आ 32 बस ठाढ़ कएल जा सकत। पहिल मंजिल पर 67, दोसर मंजिल पर 76 आ तेसर मंजिल पर 76 कारक पार्किंग क्षमता अछि। एहि तरहे परिसर मे एक संग 225 कार ठाढ़ कएल जा सकत।

वाहन हब मे प्रवेश करबाक समय टिकट काउंटरक माध्यम सं यूजर चार्ज लेल जाएत। पार्किंग व्यवस्था कें स्मार्ट बनेबाक लए स्मार्ट पार्किंग मैनेजमेंट सिस्टम लगाओल जा रहल अछि।

वाहन बूम बैरियरक नजदीक पहुंचिते सेंसर ओकर पहचान कए लेत। एकर बाद एएनपीआर कैमरा सं वाहनक नंबर प्लेट स्कैन कएल जाएत आ स्वचालित तरहे टिकट जनरेट भए जाएत। टिकट बनलाक बाद बूम बैरियर खुलि जाएत। एहि तरहे पार्किंग मे प्रवेशक प्रक्रिया कें स्वचालित बनेबाक तैयारी अछि।

मल्टी मॉडल हब मे नियमित रूप सं वाहन पार्क कएनिहार सभक लए मंथली पासक सुविधा सेहो उपलब्ध रहत। एहि सं रोज आवागमन कएनिहार यात्री सभ कें सुविधा भेटबाक आशा अछि। पार्किंग व्यवस्था शुरू भेलाक बाद सड़क पर बेतरतीब तरहे वाहन ठाढ़ करबाक कारण होएबला ट्रैफिक दबाव कम करबा मे सेहो मदति भेटबाक आशा अछि।

मल्टी मॉडल हब परिसर मे दू-पहिया वाहनक लए रोटरी तकनीक आधारित पार्किंग तैयार कएल जाएत। एहि मे एक संग 96 बाइक ठाढ़ कएल जा सकत। पटना स्मार्ट सिटी दिस सं शहर मे तीन स्थान पर एहि तरहक रोटरी पार्किंग बनेबाक योजना अछि।

मल्टी मॉडल हब आ 440 मीटर लंबा सब-वेक संचालन लए निजी एजेंसीक चयनक प्रक्रिया चलि रहल अछि। 19 सितंबर कें भेल टेंडर कमिटीक बैठक मे चारि एजेंसी कें योग्य पाओल गेल अछि। एहि एजेंसी सभ कें लए 22 सितंबर धरि आपत्ति मांगल गेल अछि। एकर बाद फाइनेंशियल बिड खोलल जाएत आ एजेंसीक चयन कएल जाएत।

निजी एजेंसी कें मात्र मल्टी मॉडल हबक पार्किंग आ परिसरक संचालनक जिम्मेदारी नहि भेटत, बल्कि 440 मीटर लंबा सब-वेक संचालन आ रखरखाव सेहो एजेंसीक जिम्मा रहत।

मल्टी मॉडल हब परिसर मे व्यावसायिक गतिविधि लए सेहो स्थान तैयार कएल गेल अछि। एतय 4763 वर्ग फीटक रेस्तरां, हब मे पांचटा दोकान आ सब-वे मे छओटा दोकान बनाओल गेल अछि। एकर अतिरिक्त बैंकिंग सुविधाक लए एटीएम स्पेस आ इलेक्ट्रिक वाहनक लए ईवी चार्जिंग स्टेशनक व्यवस्था सेहो कएल जा रहल अछि।

मल्टी मॉडल हब करीब 16 महीना सं तैयार अछि। आब एकर संचालन लए निजी एजेंसीक चयनक प्रक्रिया आगू बढ़ि रहल अछि। एजेंसीक चयन आ पार्किंग शुल्क तय भेलाक बाद अक्टूबर सं एतय व्यवस्थित पार्किंग व्यवस्था शुरू करबाक तैयारी अछि।

# रिटायर्ड कोल इंडिया कर्मीक घर 7 लाखक चोरी, घर मे खिड़कीक ग्रिल काटि घुसल चोर

## गहना-टाका सहित मोबाइल उड़ेलक, एक गिरफ्तार

**पटना, समदिया**

दानापुर थाना क्षेत्रक सुल्तानपुर मस्जिद इलाका मे कोल इंडिया कें सेवानिवृत्त कर्मी रहमतुल्लाह खानक घर चोर सभ करीब 7 लाख रुपैयाक संपत्ति पर हाथ साफ कए देलनि। चोर सभ सोन-चांदीक गहना, नकदी सहित तीन मोबाइल फोन लए फरार भए गेलाह। चोरीक घटना घर मे लागल सीसीटीवी कैमरा मे कैद भए गेल। पुलिस शकक आधार पर नजदीक मे रहनिहार एक युवक कें हिरासत मे लए कए पूछताछ शुरू कए देलक। हुनका लग सं चोरीक तीनू मोबाइल बरामद भेलाक बात सामने आएल अछि।

### खिड़कीक ग्रिल काटि घर मे घुसल

रहमतुल्लाह खानक अनुसार, ओ बिहार सं बाहर रहैत छथि। करीब तीन दिन पहिने पत्नीकेर इलाजक लए पैतृक घर सुल्तानपुर मस्जिद आएल छलाह। देर राति करीब 2:30 बजे हुनका घर मे खटखटक आवाज सुनाइ देलनि। उठि कए देखलनि तं एक युवक छत दिस सं भागैत नजरि आएल।

चोर छत दिस सं घर मे दाखिल भेल छलाह। ओ सभ एकटा कोठरीक खिड़कीक ग्रिल काटि भीतर प्रवेश कएलनि। एकर बाद गोदरेज आ लॉकर तोड़ि ओकरा मे राखल गहना आ दोसर सामान निकालि लेलनि।



### सुतल परिवारक लग सं मोबाइल लए गेल

चोर सभ ऊपरी मंजिलक दोसर कोठरी मे राखल गोदरेज आ अटैची कें सेहो खंगाललक। एकर बाद सीढ़ी सं नीचा हॉल मे पहुंचल, जतय रहमतुल्लाह खान, हुनकर पत्नी आ छोट बेटा सुतल छलाह।

चोर सभ एतहि सं तीन मोबाइल फोन उठा लेलक आ फेर छत दिस सं घर सं बाहर निकलि गेल। परिवार कें घटना संबंधी जानकारी भेलाक बाद पुलिस कें सूचना देल गेल।

### तीनू मोबाइल बरामद, युवक हिरासत मे

घटनाक सूचना डायल-112 आ स्थानीय पुलिस कें देल गेल। पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि कए जांच शुरू कएलक। सीसीटीवी फुटेज देखलाक बाद पीड़ित परिवार नजदीक मे रहनिहार एक युवक पर संदेह जतौलनि।

पुलिस युवक कें हिरासत मे लए कए पूछताछ शुरू कएलक। पुलिसक अनुसार, हिरासत मे लेल गेल युवकक लग सं चोरीक तीनू मोबाइल बरामद भेलाक बात सामने आएल अछि। गहना आ दोसर सामानक बरामदगी कें लए पुलिस पूछताछ कए रहल अछि।

### लगातार चोरीक घटना सं लोक मे चिंता

दानापुर इलाका मे पछिला किछु दिन मे चोरीक कतेको घटना सामने आएल अछि। हालहि मे खगड़ी रोड स्थित श्याम गार्डेन अपार्टमेंट मे सीबीआई कर्मीक फ्लैट मे दिन-देखाड़ चोरी भेल छल। आर्य समाज मंदिर रोडक एसकेपुरम लेन-8 मे मौसिम कुमारीक बंद घरक ताला तोड़ि करीब 6 लाख रुपैयाक संपत्ति चोरी होएबाक शिकायत भेल छल। मिथिला कॉलोनी मे आलोक राजक घर सं दिन-देखाड़ आईपैड चोरीक मामिला सेहो सामने आएल छल। लगातार चोरी, बाइक चोरी आ मोबाइल छिनताइक घटना सं स्थानीय लोक मे सुरक्षाक लए चिंता बढ़ल अछि।

# पीएमसीएच आ आईजीआईएमएस मे बोखारक रोगीक संख्या बढ़ल

### मौसिम बदलिते पटना मे बेमारीक अटैक

**पटना, समदिया**

बरखा आ बदलैत मौसिमक कारण पटना मे बोखार, टाइफाइड आ वायरल संक्रमणक मामिला तेजी सं बढ़ि रहल अछि। स्वाइन फ्लू संगे टाइफाइड आ वायरल संक्रमणक प्रकोप सेहो बढ़ैत देखाइ पड़ि रहल अछि। शहरक प्रमुख सरकारी अस्पताल सभक ओपीडी मे रोज 50 सं बेसी रोगी टाइफाइड जेहन लक्षण लए पहुंचि रहल छथि। रोगी सभ मे तेज बोखार, खांसी, कमजोरी आ चक्करक संग गला मे दर्द, सुख्खल खांसी आ जोड़ मे दर्दक शिकायत प्रमुख रूप सं सामने आबि रहल अछि। पीएमसीएच, आईजीआईएमएस, एनएमसीएच, एम्स पटना आ न्यू गार्डिनर रोड



अस्पतालक ओपीडी मे पछिला एक सप्ताह मे 300 सं बेसी रोगी मे टाइफाइडक पुष्टि भेल अछि। एहि मे पीएमसीएच मे 98, आईजीआईएमएस मे 92, एनएमसीएच मे 45, एम्स मे 58 आ न्यू गार्डिनर रोड अस्पताल मे 7 रोगी शामिल छथि।

अस्पताल सभक अनुसार, किछु समय पहिने धरि ई संख्या 100 सं सेहो कम छल। कंकड़बाग, बुद्धा कॉलोनी, राजीव नगर, बोरिंग रोड, गर्दनीबाग, दानापुर, महेंद्रू आ नेपाली नगर सहित कतेको इलाका मे जलजमावक कारण मच्छरक प्रकोप बढ़बाक शिकायत अछि। स्थानीय लोकक कहब अछि जे कतेको स्थान पर नियमित फॉगिंग आ एंटी लार्वा छिड़काव नहि भए रहल अछि। टूटल नाला, जमा पानि, पोखरि आसपास उगल घास आ गंदगी मच्छरक पनपबाक कारण बनि रहल अछि।

पीएमसीएचक अधीक्षक डॉ. राजीव कुमार सिंह आ आईजीआईएमएसक प्रवक्ता प्रो. डॉ. विभूति प्रसन्न सिन्हा कहलनि जे टाइफाइड आ वायरल बोखारक रोगीक संख्या बढ़ल अछि। रोगी सभक लक्षणक आधार पर आवश्यक जांच कराओल जा रहल अछि। मौसिम मे बदलाव कें देखैत स्वाइन फ्लू जेहन लक्षण बला रोगी सभक सैंपल लेबाक निर्देश देल गेल अछि। वायरल बोखार आ डेंगूक संग स्वाइन फ्लूक सेहो जांच कराओल जा रहल अछि। सैंपल पटना सिटी स्थित अगमकुआं आरएमआरआई सेंटर पठाओल जा रहल अछि। अस्पताल सभ मे रोगी सभ कें जांच सं पहिने आवश्यक प्रक्रिया आ जरूरी दवाइ सेहो उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। चिकित्सक सभक अनुसार, बरखा आ जलजमावक कारण बैक्टीरिया तथा मच्छरक प्रकोप बढ़ि जाइत अछि। एहि कारण लगातार बोखार, खांसी अथवा शरीर मे दर्द रहला पर चिकित्सकीय जांच करौनाइ जरूरी अछि।

# फतुहा मे प्लास्टिक रीसाइक्लिंग फैक्ट्री लागत फर्नीचर बनेबा सं 9 हजार कें रोजगार

**पटना, समदिया**

फतुहा मे प्लास्टिक कचरा सं फर्नीचर बनाओल जाएत। एकरा लए नव वेस्ट-टू-वेल्थ रीसाइक्लिंग फैक्ट्री लगाओल जाएत। एहि मे प्रतिदिन 10 सं 14 टन प्लास्टिक कचरा रीसाइकिल कए कुर्सी, मेज, डाइनिंग टेबल, बेंच, बाल्टी आ इंटरलॉकिंग टाइल्स जेहन उत्पाद तैयार कएल जाएत। एहि संयंत्रक शुरूआत भेलाक बाद प्रत्यक्ष आ अप्रत्यक्ष रूप सं 9 हजार लोक कें रोजगार भेटत। फैक्ट्री शुरू भेलाक बाद लैंडफिल साइट आ प्राकृतिक जलस्रोत पर प्लास्टिक कचराक बोझ कम होयत। संयंत्र मे सिंगल-यूज आ कम गुणवत्ता बला रिजेक्टेड प्लास्टिक कें रीसाइकिल कए टिकाऊ सामान तैयार कएल जाएत। 20 लीटरक एकटा बाल्टी बनेबाक लए 2 सं 3 किलोग्राम प्लास्टिकक उपयोग होइत अछि, जखनकि एकटा मजबूत बेंच तैयार करबा मे कम सं कम 40 किलोग्राम प्लास्टिक कचराक खपत होयत। वर्तमान मे शहरक डंपिंग यार्ड मे 60 प्रतिशत सं बेसी हिस्सा नॉन-बायोडिग्रेडेबल प्लास्टिकक अछि, जे नाला जाम होएब, पशु सभक मृत्यु आ माटि-पाताल पानिके बंजर आ जहरीला बनेबाक प्रमुख कारण अछि। कचरा बिननिहार आ कबाड़ कारोबारी सभ कें सप्लाई चेन सं जोड़ल जाएत। हुनका सभ कें कचराक उचित मूल्य सीधा बैंक खाता मे देल जाएत। डोर-टू-डोर ड्राई वेस्ट कलेक्शन आ प्राइमरी सेग्रीगेशनक जिम्मेदारी महिला स्वयं सहायता समूह सभ कें सौंपल जाएत। सरकारी स्कूल, आंगनबाड़ी केंद्र, पंचायत भवन आ पार्कक लए कम लागत मे वाटरप्रूफ आ टरमाइट-प्रूफ मजबूत फर्नीचर उपलब्ध कराओल जाएत। एकर सं नॉन-बायोडिग्रेडेबल प्लास्टिक सं मुक्ति भेटत। नाला जाम नहि होयत आ भूमिगत पानि प्रदूषित होए सं बचत। बिहार मे पहिने जोन आ फेर जिलावार नव वेस्ट-टू-वेल्थ रीसाइक्लिंग फैक्ट्री लगाओल जाएत। फतुहा सं पहिने सीतामढ़ी मे फैक्ट्री खोलल गेल अछि। एकर सराहना प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी ह्यमन की बातह्न कार्यक्रम मे कएने छलाह। सीतामढ़ीक बाद आब फतुहा आ आगू बिहारक दोसर जिला आ जोन मे सेहो एहि तरहक फैक्ट्री स्थापित कएल जाएत। कलेक्शन आ सेग्रीगेशन : घर, होटल आ डंपिंग ग्राउंड सं एकत्र कएल गेल कचरा कें ऑटोमेटेड सेंसर आ मैन्युअल सॉर्टिंगक माध्यम सं एचडीपीई, एलडीपीई आ पॉलीप्रोपाइलीन मे छांटल जाएत।कटिंग आ वाशिंग : छांटल गेल प्लास्टिक कें छोट-छोट टुकड़ा मे काटि कए री-सकुर्लेटेड वाटर यूनिट मे रसायनक माध्यम सं धोआल जाएत, जाहि सं धूलि आ ग्रीस हटि सकय।

# रोसड़ा मे दू अलग-अलग सड़क दुर्घटना मे दू युवकक मृत्यु, एक घायल

## मब्बी चौक लग बाइकक ठोकर सं आ सिनेमा चौक पर अज्ञात वाहनक ठोकर सं युवकक मृत्यु

**रोसड़ा, समस्तीपुर, समदिया**

रोसड़ा थाना क्षेत्र मे सोमदिन राति आ मंगलदिन भोर मे भेल दू अलग-अलग सड़क दुर्घटना मे दू युवकक मृत्यु भए गेल, जखन कि एक युवक गंभीर रूप सं घायल भए गेल। दुनू घटनाक बाद घटनास्थलपर लोकसभक भीड़ जुटि गेल। सूचनापर पहुंचल पुलिस दुनू युवकक शव पोस्टमार्टम लेल समस्तीपुर सदर अस्पताल पठा देलक।



पहिल घटना सोमदिन राति मब्बी चौक लग भेल। स्थानीय लोकक अनुसार अमरजीत पासवानक 18 वर्षीय पुत्र दिलखुश कुमार अपन चचेरा भाइ गौतम कुमारक संग बाजार मे सामान कीनबाक लेल गेल छल। सामान कीनलाक बाद दुनू पैदल घर घुरि रहल छल। एहि दौरान पाछू सं तेज गति सं आबि रहल बाइक सवार दुनू कें ठोकर मारि देलक। दुर्घटना मे दुनू सड़कपर खसि गंभीर रूप सं घायल भए गेल। घटना पछाति बाइक सवार घटनास्थल सं फरार भए गेल। सूचना भेटलापर परिजन घटनास्थलपर पहुंचलाह आ दुनू घायल कें इलाज लेल रोसड़ा अनुमंडलीय अस्पताल लए गेलाह। ओतहि इलाजक क्रम मे चिकित्सक दिलखुश कुमार कें मृत घोषित कए देलनि। दोसर दिस गौतम कुमारक इलाज अस्पताल मे चलि रहल अछि। दोसर घटना मंगलदिन भोर मे रोसड़ा बाजारक सिनेमा चौक लग भेल। एतय अज्ञात वाहनक ठोकर सं विभूतिपुर थाना क्षेत्रक वार्ड 14 निवासी महेंद्र सहनीक पुत्र संजीत कुमार सहनीक मृत्यु भए गेल। स्थानीय लोकक अनुसार संजीत पहिने दोसर प्रदेश मे रहि कए काज करैत छल। वर्तमान मे नरहन स्टेट मे गणेश चतुर्दशीक अवसरपर आयोजित गणेश उत्सव मेला मे ओ चाउमिनक दोकान लगा रखने छल। बताओल गेल जे मंगलदिन भोर मे ओ दोकानक लेल सामान आनबाक लेल बाइक सं रोसड़ा बाजार जा रहल छल। एहि दौरान सिनेमा चौक लग अज्ञात वाहन ओकर बाइक मे ठोकर मारि देलक। दुर्घटनाक बाद वाहन चालक घटनास्थल सं फरार भए गेल। किछु समय बाद राहगीरक नजरि सड़कपर पड़ल संजीतपर पड़ल। लोक सभ ओकरा तत्काल रोसड़ा अनुमंडलीय अस्पताल पहुंचौलनि, जतय चिकित्सक जांचक बाद ओकरा मृत घोषित कए देलनि। दुनू घटनाक सूचना भेटलापर रोसड़ा पुलिस कारबाइ करैत दुनू युवकक शव पोस्टमार्टम लेल समस्तीपुर सदर अस्पताल पठा देलक। पुलिस दुनू मामिला मे दुर्घटनाक कारण आ ठोकर मारि फरार भेल वाहनक पहचानक जांच कए रहल अछि।

# लदनियां थाना क्षेत्र मे छापामारी मे 85 किलो गांजा बरामद

## तीन व्यक्ति हिरासत मे लेल गेल



**लदनियां, समदिया**

लदनियां थाना क्षेत्र मे पुलिस गुप्त सूचनाक आधार पर छापामारी कए 85 किलोग्राम गांजा सदृश पदार्थ बरामद कएलक अछि। एहि मामिला मे स्कॉर्पियो सवार तीन व्यक्ति कें विधिसम्मत प्रक्रिया अंतर्गत हिरासत मे लए थाना आनल गेल अछि। जानकारीक अनुसार लदनियां थाना क्षेत्र मे एसआई पुलिस चौधरी सशस्त्र बलक संग पुलिस वाहन सं गुप्त सूचनाक आधार पर पथलगाढ़ा सं कुमरखत दिस जायबला सड़क पर छापामारी केलनि। कारबाइक क्रम मे उजला रंगक स्कॉर्पियो वाहन, जकर पंजीयन संख्या बीआर 07 बीसी 9518 अछि, पर सवार तीन व्यक्ति कें 85 किलोग्राम गांजा सदृश पदार्थक संग पकड़ल गेल। हिरासत मे लेल गेल व्यक्तिक पहचान मोहम्मद उमर फारूक (65 बरख), पिता–मोहम्मद नसीम, मोहम्मद इम्तियाज, पिता मोहम्मद उमर फारूक, दुनू निवासी अलीनगर, दरभंगा तथा उदय शंकर दास उर्फ परमेश्वर दास (48 बरख), पिता स्वर्गीय दुखी दास, ग्राम जटही, थाना बाबूबरही, जिला मधुबनीक रूप मे भेल अछि। पुलिस द्वारा बरामद पदार्थ आ स्कॉर्पियो वाहन कें जब्त कए विधिसम्मत प्रक्रिया अंतर्गत थाना आनल गेल। एहि मामिला मे कांड संख्या 394/26 दर्ज कए जांच आ अन्य कानूनी कारबाइ शुरू कएल गेल अछि। पुलिसक कहब अछि जे मामिला मे आगांक कारबाइक संग आवश्यक कानूनी प्रक्रिया पूरा कएल जा रहल अछि।

# अकौर मे पांच वर्षीय बच्चाक हत्या मामिला मे प्राथमिकी दर्ज

## आरोपी जेल पठाओल गेल, मामी कें चोरी करैत देखि नानी सं केने छल शिकायत

### एहि कारणें हत्या करबाक आरोप

**बेनीपट्टी, समदिया**

स्थानीय थाना क्षेत्रक अकौर गाम मे ननिहाल आएल पांच वर्षीय बच्चा सुशांत कुमारक हत्या मामिला मे पुलिस प्राथमिकी दर्ज कए लेने अछि। मृतकक पिता हरलाखी थाना क्षेत्रक दुर्गापट्टी निवासी अमर भगत अपन सरहोजि आ अज्ञात व्यक्तिक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज करौलनि। प्राथमिकी मे उल्लेख अछि जे 7 सितंबर कें हुनकर पत्नी आ बच्चा अपन मायके बेनीपट्टी थाना क्षेत्रक अकौर आएल छल। घरेलू विवादक बीच बच्चा अपन नानीक बक्सा मे राखल रुपैया चोरी करैत मामी कें देखि लेने छल आ एहि संबंध मे अपन नानी सं शिकायत केने छल।

प्राथमिकी मे आरोप लगाओल गेल अछि जे एहि बात सं आक्रोशित भए साला की पत्नी रेशम देवी अज्ञात व्यक्तिक संग मिलि बच्चाक हत्या कए देलनि। आरोप अछि जे हत्या कए बच्चाक हाथ-पैर बांधि, मुंह आ आंखि बंद कए बोरी मे राखि घरक पाछांक गड्ढा मे फेकि देल गेल। घटनाक सूचना सोमदिन सांझ भेटलापर पुलिस घटनास्थलपर पहुंचल छल। ओतय आक्रोशित लोक सभ आरोपी महिला कें बांधि रखने छलाह। पुलिस महिला कें हिरासत मे लए लेलनि। एहि संबंध मे थानाध्यक्ष इंस्पेक्टर अनुप कुमार बतौलनि जे गिरफ्तार आरोपी महिला कें जेल पठा देल गेल अछि। ओ कहलनि जे अज्ञात आरोपीसभक संबंध मे सेहो पता लगाओल जा रहल अछि। मामिलाक अनुसंधान जारी अछि।

### स्वच्छता ही सेवा अभियान अंतर्गत पंचायत सभ मे चलल सफाइ अभियान

**बेनीपुर।** तारडीह प्रखंडक विभिन्न पंचायत मे स्वच्छता ही सेवा अभियानक अंतर्गत मंगलदिन व्यापक साफ-सफाइ अभियान चलाओल गेल। एहि क्रम मे पंचायतक विभिन्न सार्वजनिक स्थल, सड़क आ आसपासक क्षेत्र मे सफाइ कए लोक सभ कें स्वच्छताक प्रति जागरूक कएल गेल। अभियानक दौरान स्थानीय जनसमुदाय कें कचरा यत्र-तत्र नहि फेकबाक, निर्धारित स्थानपर कचरा जमा करबाक आ ओकर समुचित निस्तारण करबाक लेल प्रेरित कएल गेल। एहि अवसरपर उपस्थित लोक सभ कें स्वच्छता शपथ सेहो दिलाओल गेल। अभियान मे स्वच्छता पर्यवेक्षक कैथवार राजकिशोर यादवक नेतृत्व मे संबंधित कर्मी आ स्थानीय लोक सहभागी भेलाह।

# लोडेड देसी कट्टा बरामदगी मामिला मे आरोपी कें 3 सालक सजा

**रोसड़ा, समस्तीपुर, समदिया**

रोसड़ा थाना क्षेत्रक डाक बंगला चौक सं करीब 50 मीटर उत्तर सड़कक कात संदिग्ध अवस्था मे ठाढ़ युवक लग सं लोडेड देसी कट्टा बरामदगीक मामिला मे मंगलदिन अदालत आरोपी कें दोषी ठहरबैत 3 सालक कठोर कारावासक सजा सुनौलनि। अपर मुख्य न्यायिक दंडाधिकारी प्रथम रोसड़ा सिकंदर पासवानक अदालत मामिलाक सुनवाइ पूरा केलाक बाद शिवाजीनगर प्रखंडक रहियार कोची गाम निवासी उमेश चौधरीक पुत्र पुरुषोत्तम चौधरी कें आर्म्स एक्टक विभिन्न धारा मे दोषी ठहरौलनि। मामिला 16 अगस्त 2023क रातिक अछि। पुलिसक अनुसार डाक बंगला चौक सं करीब 50 मीटर उत्तर सड़कक कात एकटा युवक संदिग्ध अवस्था मे ठाढ़ छल। एहि बीच पुलिसक गाड़ी देखिते ओ भागबाक प्रयास केलक। भागबाक क्रम मे ओ सड़कपर खसि पड़ल। पुलिस बलक सहयोग सं ओकर तलाशी लेल गेल, जाहि मे कमर सं एकटा लोडेड देसी कट्टा बरामद भेल। घटना कें लए कए रोसड़ा थाना मे पदस्थापित पीटीसी प्रवेज अख्तरक आवेदनपर आरोपीक विरुद्ध आर्म्स एक्टक अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज कएल गेल छल। पुलिस पुरुषोत्तम चौधरी कें गिरफ्तार कए न्यायिक हिरासत मे पठा देने छल।

मामिलाक सुनवाइक दौरान अभियोजन पक्ष द्वारा प्रस्तुत साक्ष्य आ गवाहक आधारपर अदालत आरोपी कें दोषी मानलक। धारा 25(1-बी)ए आर्म्स एक्टक अंतर्गत 3 वर्षक कठोर कारावास आ 1 हजार रुपैया जुमार्नाक सजा सुनाओल गेल। जुमार्ना नहि देलापर 3 मासक अतिरिक्त साधारण कारावास भुगतबाक होयत। ओतहि धारा 26 आर्म्स एक्टक अंतर्गत सेहो 3 वर्षक कठोर कारावास आ 1 हजार रुपैया जुमार्नाक सजा सुनाओल गेल। जुमार्ना नहि देलापर 1 मासक अतिरिक्त साधारण कारावास भुगतबाक होयत।

### शिकायतक एक मास बादो कब्रिस्तानक अतिक्रमित भूमि नहि भेल खाली

**मनीगाछी।** मनीगाछी अंचल क्षेत्रक नेहरा पूर्वी पंचायत स्थित कब्रिस्तानक अतिक्रमित भूमि शिकायतक एक मास बादो खाली नहि कराओल गेल अछि। एहि मामिला कें लए कए आब कब्रिस्तानक घेराबंदी कें लए सेहो विवाद उत्पन्न भए गेल अछि। नेहरा निवासी जदयू नेता समीम मनसूरीक अनुसार खाता संख्या 2777, खेसरा संख्या 1755 आ रकबा 48 डिसमिल कब्रिस्तानक भूमि अतिक्रमित अछि। हुनकर आरोप अछि जे नेहरा पूर्वी पंचायतक मुखिया प्रतिनिधि श्याम सहनी उक्त भूमिपर अतिक्रमण केने छथि। ओ बतौलनि जे एहि संबंध मे गत माह 22 तारीख कें सहयोग पोर्टलपर शिकायत कएल गेल छल।

# बैंकसभक लचर प्रदर्शन पर डीएम सख्त, ऋण स्वीकृति आ डिस्बर्सल मे शिथिलता बर्दाश्त नहि

**सीतामढ़ी, समदिया**

समाहरणालय स्थित विमर्श सभाकक्ष मे जिलाधिकारी तनय सुल्तानियाक अध्यक्षता मे जिला परामर्शदात्री समिति, जिला स्तरीय समीक्षा समिति आ जिला स्तरीय क्रियान्वयन समितिक संयुक्त बैसार आयोजित भेल। बैसार मे विभिन्न बैंकक ऋण स्वीकृति, डिस्बर्सल आ सरकारक प्राथमिकतावला योजनाक क्रियान्वयनक समीक्षा कएल गेल। समीक्षाक क्रम मे बैंकसभक लचर प्रदर्शन, ऋण स्वीकृति आ डिस्बर्सल मे अनावश्यक विलंब तथा विभिन्न योजना सं संबंधित लंबित आवेदनपर जिलाधिकारी कड़ा नाराजगी व्यक्त केलनि। ओ बैंक अधिकारी सभ कें स्पष्ट निर्देश देलनि जे लाभुक सभ कें समयपर ऋण उपलब्ध करेनाइ सुनिश्चित करथि। कोनो स्तरपर अनावश्यक विलंब अथवा शिथिलता कें गंभीरता सं लेल जायत। जिलाधिकारी कहलनि जे जिला मे उद्योग, लघु उद्योग, सेवाआधारित उद्यम आ रोजगार सृजन कें बढ़ावा देनाइ सरकारक प्राथमिकता अछि। एहि लेल बैंक ऋण प्रवाह मे तेजी अनथि आ सीडी रेशियो मे सुधार सुनिश्चित करथि। ओ पीएमएफएमई आ पीएम विश्वकर्मा योजनाक लंबित आवेदनसभक शीघ्र निष्पादन करबाक तथा पात्र लाभुक सभ कें समयपर ऋण उपलब्ध कराबऽक निर्देश देलनि। संगहि, डेयरी आ मत्स्य क्षेत्र सं जुड़ल किसान सभ कें ऋण वितरण मे तेजी अनबाक लेल कहलनि। जिलाधिकारी सभ बैंक कें प्रत्येक मास नीलाम पत्र कार्यालय मे जा कए पंजी-9 आ 10क मिलान करबाक निर्देश देलनि। संगहि, प्रखंड आ अनुमंडल स्तरपर सेहो समयबद्ध ढंग सं मिलान सुनिश्चित करबाक लेल कहलनि। बैसार मे डीडीसी श्रीमती श्वेता भारती, एलडीएम अनिल कुमार सिंह, डीपीआरओ कमल सिंह, बैंकिंग प्रभारी अधिकारी आशुतोष श्रीवास्तव, जीएम-डीआइसी श्रीमती प्रिया भारती, रिजर्व बैंकक प्रतिनिधि सहित सभ प्रमुख बैंकक अधिकारी उपस्थित छलाह।

# शिक्षकक ज्ञान, संवेदना आ आचरण समाज निर्माणक आधार : प्रो. मुनेश्वर यादव

**दरभंगा, समदिया**

ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक दूरस्थ शिक्षा निदेशालयक अधीन शिक्षाशास्त्र विभाग मे बीएड (सत्र 2026-28)क नवप्रवेशित छात्र-छात्रा सभ लेल मंगलदिन दीक्षारंभ-सह-वगारंभ समारोह आयोजित कएल गेल। कार्यक्रमक उद्देश्य विद्यार्थी सभ कें शैक्षणिक गतिविधि, अनुशासन, शिक्षक-प्रशिक्षण आ भावी शिक्षकक दायित्व सं परिचित करायब छल। मुख्य अतिथि विश्वविद्यालयक राजनीति शास्त्र विभागक प्रो. मुनेश्वर यादव कहलनि जे शिक्षक आ शिक्षण संस्थान इंडस्ट्री ऑफ नॉलेजक रूप मे काज करैत अछि, जतय नव विचार आ ज्ञानक सृजन होइत अछि। शिक्षक कें सकारात्मक आ सृजनात्मक दृष्टिकोण अपनबैत विद्यार्थीसभक प्रति स्नेह, संवेदना आ जिम्मेदारीक भाव रखबाक चाही। हुनकर अनुसार शिक्षकक ज्ञान, संवेदना आ आचरण समाज निर्माणक आधार अछि। विशिष्ट अतिथि कुलसचिव डॉ. दिव्या रानी हांसदा कहलनि जे नीक शिक्षक बनेबाक पहिल शर्त अनुशासन आ कर्तव्यक प्रति ईमानदारी अछि। शिक्षकक आचरण विद्यार्थीसभक संग-संग पूरा समाज कें प्रभावित करैत अछि। तें शिक्षक कें अपन व्यवहार आ जिम्मेदारीक प्रति सदैव सजग रहबाक चाही।



अध्यक्षताक क्रम मे दूरस्थ शिक्षा निदेशालयक निदेशक प्रो. एच.के. सिंह जॉन ड्यूईक गार्डन थॉटक चर्चा करैत कहलनि जे शिक्षक कें विद्यार्थीसभक भीतर निहित क्षमता कें पहचानि ओकर विकास लेल अनुकूल वातावरण तैयार करबाक चाही। ओ शिक्षक मे हेड, हार्ट एंड हैंड अर्थात मस्तिष्क, हृदय आ हाथक समन्वय कें आवश्यक बतौलनि। विभागाध्यक्ष डॉ. अरविंद कुमार मिलन अतिथि सभ आ विद्यार्थीसभक स्वागत केलनि। मंच संचालन डॉ. निधि वत्स केलनि, जखन कि धन्यवाद ज्ञापन डॉ. रेशमा तबस्सुम केलनि।

### कब्रिस्तानक पाछां संदिग्ध अवस्था मे भेटल राजमिस्त्रीक शव

**सिंहवाड़ा।** सिंहवाड़ा थाना क्षेत्रक शंकरपुर वार्ड नंबर-1 स्थित पैघ कब्रिस्तानक पाछां मंगलदिन 55 वर्षीय राजमिस्त्रीक संदिग्ध परिस्थिति मे शव भेटला सं इलाका मे हड़कंप मचि गेल। मृतकक पहचान शंकरपुर वार्ड नंबर-4 निवासी मोहम्मद मुस्तफा उर्फ तेतरक रूप मे भेल अछि। मृतकक पुत्र सलाउद्दीन बतौलनि जे हुनकर पिता मंगलदिन भोर करीब 10 बजे राजमिस्त्रीक काज करबाक लेल घर सं निकलल छलाह। दिउंस मे भोजन करबाक समय धरि घर नहि घुरलापर परिजन हुनकर खोजबीन शुरू केलनि। एहि क्रम मे जानकारी भेटल जे खेतक मापीक स्थान सं किछु दूरीपर पैघ कब्रिस्तानक पाछां हुनकर शव पड़ल अछि। शव भेटबाक सूचना पर घटनास्थलपर ग्रामीणसभक भीड़ जुटि गेल। सूचना भेटिते सिंहवाड़ा थाना पुलिस घटनास्थलपर पहुंचि मामिलाक जानकारी लेलनि।

# वासभूमिहीन परिवारक पहिचान लेल जिला मे शुरू भेल अभियान बसेरा-2

**सहरसा, समदिया**

अभियान बसेरा-2क अंतर्गत जिला मे संभावित वासभूमिहीन परिवारक पहिचान, सर्वेक्षण आ आवेदन प्राप्त करबाक लेल व्यापक अभियान शुरू कएल गेल अछि। अभियानक प्रभावी क्रियान्वयन कें लए कए जिलाधिकारी दीपेश कुमार वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्य मे भूमि सुधार उपसमाहर्ता, बीडीओ, सीओ आ राजस्व अधिकारीसभक संग समीक्षा बैसार कए आवश्यक निर्देश देलनि। एहि क्रम मे अपर समाहर्ता निशांत मंगलदिन प्रेस वार्ता कए अभियानक उद्देश्य आ आवेदन प्रक्रियाक जानकारी देलनि। ओ बतौलनि जे संभावित वासभूमिहीन परिवार धरि पहुंचबाक लेल घर-घर सर्वेक्षण कएल जायत। एहि काज मे जनप्रतिनिधि, पंचायत स्तरीय पदाधिकारी, जीविका समूह आ स्थानीय कर्मीसभक सहयोग लेल जायत। जिलाक सभ पंचायतक पंचायत सरकार भवन मे 22 सं 25 सितंबर धरि विशेष शिविर लगा कए आवेदन लेल जायत। ओतहि सभ अंचल कार्यालय मे 22 सं 28 सितंबर धरि विशेष शिविर आयोजित होयत, जतय भोर 6 बजे सं आवेदन प्राप्त कएल जायत। एकर बाद सामान्य कार्यालय अवधि मे सेहो आवेदन जमा करबाक सुविधा जारी रहत। प्रत्येक अंचल कार्यालय मे विशेष डेस्कक व्यवस्था कएल गेल अछि। आवेदन जमा करयवला प्रत्येक व्यक्ति कें आवेदन संख्या आ प्राप्तिक तिथि अंकित पावती देल जायत। संगहि, प्राप्त आवेदनक पंजी सेहो संधारित कएल जायत। अपर समाहर्ता बतौलनि जे बिहारभूमि पोर्टलक माध्य मे ऑनलाइन आवेदन करबाक सुविधा सेहो उपलब्ध अछि। ओ स्पष्ट केलनि जे आवेदन करबाक लेल आवेदक कें पटना जेबाक आवश्यकता नहि अछि। आवेदक अपन पंचायत सरकार भवन अथवा संबंधित अंचल कार्यालय मे आवेदन जमा कए सकैत छथि।

# करमा-धरमा पूजाक लेल झूरी काटए गेल 5 युवती बाढ़िक पानि मे डूबल, एकक मृत्यु

**भागलपुर, समदिया**

नारायणपुर प्रखंडक भ्रमरपुर गाम मे मंगलदिन भोर मे करमा-धरमा पूजाक लेल झूरी काटऽ गेल 5 युवती सड़कक कात बाढ़िक पानि सं भरल गड्ढा मे डूबल गेलीह। हादसा मे स्थानीय लोक सभ 4 युवती कें सुरक्षित निकालि लेलनि, जखन कि 18 वर्षीय रिमझिम कुमारीक डूबला सं मृत्यु भए गेल। घटनाक बाद गाम मे शोकक वातावरण पसरि गेल। घटना भ्रमरपुर गामक वार्ड संख्या 4 स्थित कामामाय स्थानक लग भेल। बताओल जाइत अछि जे करमा-धरमा पूजा कें लए कए पांचू युवती झूरी काटऽ गेलीह। एहि बीच सड़कक कात बाढ़िक पानि सं भरल गहींर गड्ढा मे पैर फिसलि गेला सं सभ डूबऽ लगलीह। युवती सभ कें डूबैत देख आसपासक लोक तुरंत पानि मे उतरि बचाव कार्य शुरू केलनि आ 4 युवती कें सुरक्षित बाहर निकालि लेलनि। एहि बीच घटनाक सूचना भवानीपुर थाना पुलिस कें देल गेल। पुलिस स्थानीय लोकसभक सहयोग सं पानि मे रिमझिम कुमारीक खोज मे जुटि गेल। बहुत प्रयासक बाद ओकर शव बरामद कएल गेल।



हादसाक बाद स्थानीय ग्रामीण सभ सड़कक कात बनल खुलल गड्ढा आ ओहि मे जमा बाढ़िक पानि कें लए कए संबंधित विभाग आ ठेकेदारक कार्यप्रणालीपर सवाल उठौलनि। ग्रामीणसभक कहब अछि जे सड़कक कात गड्ढा खुलल पड़ल छल आ ओहि मे बाढ़िक पानि जमा भेल रहबाक कारण खतरा बनल छल। ग्रामीणसभक अनुसार समय रहैत जं गड्ढा कें सुरक्षित कए देल गेल रहैत तं हादसा कें टारल जा सकैत छल।

# राजस्व आ विकास योजनाक समीक्षा लंबित मामिलाक शीघ्र निष्पादनक निर्देश

**सहरसा, समदिया**

सुपौल जिला समाहरणालय स्थित लहटन चौधरी सभागार मे मंगलदिन कोशी प्रमंडल सहरसाक आयुक्त दिनेश कुमारक अध्यक्षता मे सहरसा, सुपौल आ मधेपुरा जिलाक राजस्व, विकास, सीसीटीवी अधिष्ठापन आ विधि-व्यवस्थाक समीक्षात्मक बैसार भेल। बैसार मे विभिन्न विभागक लंबित काजक समीक्षा करैत आयुक्त अधिकारी सभ कें आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। आयुक्त ऑनलाइन म्यूटेशन, परिमार्जन आ आधार सीडिंगक काज शीघ्र पूरा करबाक निर्देश देलनि। परिमार्जन प्लस आ डिजिटाइज्ड जमाबंदी सं संबंधित मामिलाक सेहो समीक्षा कएल गेल। सुपौल जिलाधिकारी ई-मापीक काज अभियान चला कए पूरा करबाक, जमाबंदीक लगान अद्यतन करबाक तथा जाहि मामिला मे खाता, खेसरा आ रकबा अंकित नहि अछि, ताहि सभक अभियान चला कए निष्पादन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। अभियान बसेरा-2क अंतर्गत प्राप्त आवेदनसभक समीक्षा करैत पात्र लाभुक सभ कें योजनाक लाभ उपलब्ध कराबऽक निर्देश देल गेल। सेवा संवाद समाधान आ बिहार लोक शिकायत निवारण अधिकार अधिनियम सं संबंधित लंबित मामिलाक शीघ्र निष्पादनपर सेहो जोर देल गेल। बैसार मे प्रधानमंत्री सूर्य घर योजना, लोहिया स्वच्छ बिहार अभियान, मुख्यमंत्री कन्या विवाह योजना आ सामाजिक सुरक्षा पेंशन सहित विभिन्न विकास योजनाक प्रगतिक समीक्षा कएल गेल। विधि-व्यवस्थाक समीक्षा क्रम मे गंभीर मामिला मे त्वरित कारबाइ आ गिरफ्तारी करबाक तथा वारंट आ नीलाम पत्र सं जुड़ल मामिलाक शीघ्र निष्पादनक निर्देश देल गेल। बैसार मे सुपौल जिलाधिकारी सावन कुमार, सहरसा जिलाधिकारी दीपेश कुमार, मधेपुरा जिलाधिकारी अभिषेक रंजन, पुलिस अधीक्षक शरथ आर.एस., विक्रम सिहाग सहित तीनू जिलाक वरीय पदाधिकारी सभ उपस्थित छलाह।

# झंझारपुर मे फर्जी क्लीनिक पर स्वास्थ्य विभागक छापा

**छापामारी सं स्पष्ट भेल फर्जी स्वास्थ्य संस्थानक भरमार, आखिर एकर जिम्मेदार के**

**» लंगड़ा चौक मे सात संस्थानक जांच सं मचल हड़कंप**

झंझारपुर, समदिया

झंझारपुर प्रखंड क्षेत्र मे अवैध आ फर्जी रूप सं संचालित स्वास्थ्य संस्थानक विरुद्ध स्वास्थ्य विभाग देर सं सही, मुदा आब सख्ती शुरू कए देलक अछि। प्रखंड चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. मुकेश कुमारक नेतृत्व मेविभागीय टीम लंगड़ा चौक क्षेत्र मे छापामारी अभियान चलौलनि। मुदा छापामारीक भनक लगिते कतेकोफर्जी संस्थानक संचालक अपन-अपन संस्थान छोड़ि फरार भए गेलाह, तं कतेको संस्थानक संचालक तालालगा देलनि। अनचोके भेल एहि कारबाइ सं फर्जी स्वास्थ्य संस्थानक संचालक मे हड़कंप मचि गेल।अभियानक दौरान टीम कुल सातटा क्लीनिक, पैथोलॉजी सेंटर आ जांच घरक निरीक्षण केलक। जांचक क्रम मे डॉ. सबिया खानम क्लीनिक खुलल भेटल, जतय चिकित्सक मरीजक इलाज करैत देखाइ पड़लनि।टीम क्लीनिक संचालन सं संबंधित सभ कागजात, चिकित्सकक शैक्षणिक योग्यता आ पंजीकरण प्रमाणपत्र 24 घंटाक भीतर प्रस्तुत करबाक निर्देश देलक। विशेष रूप सं एमबीबीएस



डिग्री देखेबाक निर्देश देल गेल अछि।ओतहि मिथिला जांच घर आ स्वास्थ्य पैथोलॉजी जांचक दौरान बंद भेटल। दुनू संस्थानक गेट पर ताला लटकल छल। टीम संचालक कें नोटिस दए कागजातक संग उपस्थित होबाक निर्देश देलक। शीतल जांच घर खुलल भेटल, मुदा ओतय कोनो कर्मी उपस्थित नहि छल। जीवन पैथोलॉजी, जय माता दी जांच घर आ संगम एक्स-रेक संचालक सेहो घटनास्थल पर उपस्थित नहि छलाह। सभ संस्थानक संचालक केंआवश्यक कागजात उपलब्ध करबाक निर्देश देल गेल अछि। स्वास्थ्य विभागक अधिकारीक कहब अछि जेएहि कारबाइक मुख्य उद्देश्य बिना वैध अनुमति आ पंजीकरणक संचालित स्वास्थ्य संस्थानक पहचानकरब आ रोगी कें अनधिकृत इलाज सं बचायब अछि। एकर संगहि विभागीय टीम ईहो जांच कए रहल अछि जे एहि संस्थान सभ मे इलाज आ जांच लेल निर्धारित मानकक पालन भए रहल अछि वा नहि। मुदा एहि छापामारीक बाद एकटा पैघ सवाल सेहो उठि रहल अछि—स्वास्थ्य विभागक ई जांच मात्र जांचधरि सीमित रहत वा फर्जी संस्थानक विरुद्ध ठोस कारबाइ सेहो होयत? विभागीय जांच टीम लेल प्रत्येक दिन सभ संस्थानक निरीक्षण करब संभव नहि अछि। एहि कारण फर्जी क्लीनिक, जांच घर आ नर्सिंगहोमक संचालन पर प्रभावी रोक लगेनाइ चुनौती बनल अछि।स्थानीय स्तर पर जानकार सूत्रक कहब अछि जे कारबाइक डर सं कतेको फर्जी संस्थानक बोर्ड हटा देल गेल अछि, मुदा अंदरखाने काम पूर्ववत चलि रहल अछि। सूत्रक अनुसार, संस्थानक बाहर बोर्ड नहि रहबाककारण मीडिया आ संबंधित विभागक नजरि सं बचबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। ऐहन परिस्थिति मेस्वास्थ्य विभाग कें मात्र छापामारी आ कागजातक जांच धरि सीमित नहि रहि, बल्कि अनधिकृत रूप संसंचालित पाओल गेल संस्थानक विरुद्ध नियमानुसार त्वरित कारबाइ करबाक आवश्यकता अछि। नहि तंछापामारीक सूचना मिलिते संस्थान बंद कए देब आ कारबाइक बाद पुनः खोलि देबाक क्रम जारी रहत।

# वर्षो सं अधर मे जर्जर पड़ल झंझारपुर कृषि उत्पादन बाजार समिति

**» दोकान लगबैत दोकानदार आ खरीददार जान खतरा लए पहुंचैत छथि**

**डीएमक निरीक्षण सं जागल उम्मीद**

झंझारपुर, समदिया

झंझारपुर उत्पादन बाजार समिति हटिया गाछीक कायाकल्पक बाट करीब डेढ़ बरख सं देखल जा रहल अछि। बाजार समितिक उन्नयन, नव भवन निर्माण आ नवीकृत व्यवस्था लागू करबाक लेल कतेको बेर जांच आ सर्वेक्षण भए चुकल अछि, मुदा धरातल पर काज शुरू नहि भए सकल अछि। आब जिलाधिकारी आनंद शर्माक निरीक्षणक बाद एक बेर फेर स्थानीय लोक मे उम्मीद जागल अछि जे जल्दिए बाजारसमितिक तस्वीर बदलत।जिलाधिकारी, मधुबनी द्वारा झंझारपुर बाजार समितिक भौतिक निरीक्षण कएल गेल। निरीक्षणक क्रम मेबाजार समिति मे प्रस्तावित नव निर्माण कार्य लेल तैयार डीपीआरक अनुरूप जमीनक स्थल निरीक्षणकएल गेल। एहि अवसर पर अनुमंडल पदाधिकारी झंझारपुर टोनी कुमारी, जिला कृषि पदाधिकारी, मधुबनी आ जिला सहकारिता पदाधिकारी, मधुबनी सेहो उपस्थित छलाह। जिलाधिकारी द्वारा संबंधित अधिकारीसभ कें आवश्यक दिशा-निर्देश देल गेल। उल्लेखनीय अछि जे झंझारपुर बाजार समिति उत्तर बिहारक प्रमुख कृषि मंडी सभ मे सं एक मानल जाइत अछि। एतय प्रतिदिन सैकड़ो किसान अपन उपज लए कए पहुंचैत छथि। मुदा बाजार समितिक जर्जर आधारभूत संरचनाक कारण किसान आ व्यापारी दुनू कें भारी कठिनाइक सामना करय



पड़ैत अछि। बाजार परिसर मे नहि पर्याप्त शेडक व्यवस्था अछि, नहि गोदामक समुचित सुविधा आ नहि जलनिकासकउचित प्रबंध। बरखा होइतहि पूरा परिसर कीचड़ सं भरि जाइत अछि।स्थानीय किसान आ व्यापारी दीर्घ समय सं हटिया गाछी कें आधुनिक सुविधा सं संपन्न करबाक मांगकरैत आबि रहल छथि। एहि बीच कतेको बेर अधिकारी सभक दौरा सेहो भेल, मुदा योजना कागजक पन्नाधरि सीमित रहल आ धरातल पर काज शुरू नहि भए सकल। स्थानीय लोकक कहब अछि जे करीब 10बरख सं बाजार समिति मे दोकान लगबैत दोकानदार आ खरीदारी लेल आबि रहल लोक जर्जर भवन आअसुरक्षित परिसरक बीच अपन जान हथेली पर लए कए पहुंचैत छथि। जर्जर संरचना आ अव्यवस्थितव्यवस्थाक कारण कोनो अनहोनीक आशंका सदिखन बनल रहैत अछि। आब डीएम स्वयं स्थल पर पहुंचि जमीनक निरीक्षण कएलनि आ संबंधित अधिकारी सभ कें आवश्यकदिशा-निर्देश देलनि, तं स्थानीय लोक कें योजना एहि बेर धरातल पर उतरबाक उम्मीद जागल अछि। किसान सभक कहब अछि जे बाजार समितिक आधुनिकीकरण भेला सं झंझारपुर क्षेत्रक कृषि व्यवसाय कें नव गति भेटत। किसान कें अपन उपजक उचित मूल्य भेटबाक अवसर बढ़त आ व्यापारिक गतिविधि मे सेहो विस्तार होयत।

# नाटक समाजक दर्पण आ संस्कृतिक संवाहक अछि : कुणाल

**भारतेंदु हरिश्चंद्र लिखित अंधेर नगरीक बाल कलाकार सभ केलनि मंचन**

मधुबनी, समदिया

नाटक समाजक दर्पण आ संस्कृतिक संवाहक अछि। ई मात्र मनोरंजनक साधन नहि, बल्कि सामाजिक कुरीतिपर प्रहार करबाक, ऐतिहासिक धरोहर कें सुरक्षित रखबाक आ मानवीय मूल्यक विकास करबाक सशक्त माध्यम अछि। उक्त बात संगीत नाटक अकादमी सम्मान सं राष्ट्रपति द्वारा सम्मानित रंगकर्मी कुणाल राजनगर स्थित अरविंद पैलेस मे आयोजित कार्यक्रम मे कहलनि। लोकहित रंगपीठ सेवा संस्थान द्वारा आयोजित एहि कार्यक्रम मे रंगकर्मी कुणाल कें पाग, मिथिला चित्रशैली मे निर्मित नटराजक चित्र आ प्रशस्तिपत्र प्रदान कए सम्मानित कएल गेल। संस्था सभक सचिव तथा वरिष्ठ रंगकर्मी प्रो. महेंद्रलाल कर्ण, प्रो. प्रवीण कुमार झा आ वरिष्ठ संस्कृतिकर्मी विमल मस्कारा द्वारा हुनका रंगसम्मान सं सम्मानित कएल गेल। सम्मान ग्रहण कएलाक बाद अपन संबोधन मे कुणाल कहलनि जे नाटक देखला आ ओहि मे भाग लेला सं लोक मे सहानुभूति, संवाद कौशल, आलोचनात्मक सोच आ सामूहिक भावना विकसित होइत अछि। नाटक जीवनक जटिलता कें कलात्मक ढंग सं बुझय मे सेहो



सहायता करैत अछि।एहि अवसर पर सम्मान कार्यक्रमक क्रम मे भारतीय जन नाट्य संघ (इप्टा)क राष्ट्रीय सचिव इंद्रभूषणरमन बमबम, मधुबनी इकाईक सचिव रंजीत कुमार आ अन्य अभिनेता-रंगकर्मी, लोकरंग मधुबनीक निदेशक जटाधर पासवान, रंगरेज मिथिलाक निदेशक तथा साहित्य अकादमी सम्मान सं सम्मानित ऋषि वशिष्ठ आ रंगरेज मिथिलाक अन्य अभिनेता-रंगकर्मी, वरिष्ठ रंगकर्मी, लेखक-निर्देशक श्याम भास्कर,वरिष्ठ रंगकर्मी, कवि आ चित्रकार विमल मस्कारा, रंगकर्मी प्रो. प्रवीण कुमार झा, अरविंद परफॉर्मिंग आट्र्स,राजनगरक निदेशक अरविंद गुप्ता तथा जयनगर सं आएल रंगकर्मी सभ सेहो कुणाल कें पाग, दोपटा, स्मृतिचिह्न आदि प्रदान कए सम्मानित कएलनि। एहि अवसर पर अरविंद परफॉर्मिंग आट्र्सक तत्वावधान मे अरविंद गुप्ताक निर्देशन मे भारतेंदु हरिश्चंद्र लिखित प्रसिद्ध नाटक अंधेर नगरीक मंचन कएल गेल।नाटक मे कुल 45 बाल आ किशोर कलाकार सहभागी भेलाह। अरविंद परफॉर्मिंग आट्र्सक दिस सं सभ कलाकार कें प्रमाणपत्र आ स्मृतिचिह्न प्रदान कएल गेल।कार्यक्रमक प्रारंभ शिवलाल संगीत महाविद्यालयक छात्र सभ द्वारा अशोक कुमार सिंहक नेतृत्व मे स्वागत गान सं भेल। अमित कुमारक निर्देशन मे मिथिला लोककला मंचक कलाकार सभ झिझिया आ जट-जटिन लोकनृत्यक भव्य प्रस्तुति देलनि। मंचीय व्यवस्थाक जिम्मेदारी सुमित कुमार सम्हारलनि,जखन कि मंच संचालन वरिष्ठ पत्रकार प्रमोद सर्राफ केलनि। अंत मे प्रो. महेंद्र लाल कर्ण सभ अतिथि,कलाकार आ सहभागी सभक प्रति धन्यवाद आ आभार व्यक्त केलनि।

# परसौनीक विद्यालय परिसर मे शिक्षा संकल्प यात्रा आयोजित

बिस्फी, समदिया

बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक उच्च माध्यमिक विद्यालय परसौनी उत्तरीक परिसर मे साक्षरता दर बढ़ेबाक, शिक्षा व्यवस्था मे गुणात्मक सुधार अनबाक आ पंचायत स्तर पर शैक्षणिक जागरूकता फैलाबयक उद्देश्य सं शिक्षा संकल्प यात्राक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता विद्यालयक प्रधानाध्यापक राजेश कुमार झा केलनि। कार्यक्रमक प्रारंभ विद्यालयक छात्रा सभ द्वारा प्रस्तुत स्वागत गान सं भेल, जाहि संउपस्थित अतिथि सभक स्वागत कएल गेल। ओतहि विद्यालय परिवारक दिस सं अतिथि सभ कें पाग, दोपटा आ माला पहिरा कए सम्मानित कएल गेल। उपस्थित अभिभावक, शिक्षक आ छात्र-छात्रा कें संबोधित करैत बिहार लोक प्रशासन एवं ग्रामीण विकास



संस्थानक सदस्य तथा प्रसिद्ध शिक्षाविद् निवेशशुक्ला कहलनि जे शिक्षा मात्र किताबी ज्ञान नहि, बल्कि व्यक्ति कें संस्कारवान, आत्मनिर्भर आ जिम्मेवार नागरिक बनेबाक माध्यम अछि। ओ कहलनि जे अध्ययन वीरक खोज आ करियर मार्गदर्शन सेहो शिक्षा संकल्प यात्राक प्रमुख उद्देश्य मे सं एक अछि। गाम आ सरकारी विद्यालय मे लुका-छिपा रहलप्रतिभाशाली अध्ययन वीर सभ कें खोजि कए हुनका उचित अवसर आ मार्गदर्शन उपलब्ध करेनाइ एहियात्राक उद्देश्य अछि। ओ कहलनि जे यात्राक मुख्य जोर एहि बात पर अछि जे प्रत्येक घरक बच्चा नियमित रूप सं विद्यालय जाय आ अभिभावक सेहो विद्यालयक गतिविधि मे सक्रिय भागीदारी निभाबथि। एहि अवसर पर एमडीएम प्रभारी गंगा प्रसाद यादव, मनोज कुमार, प्रदीप रंजन झा, नवीनमेहता, विद्यानंद सिंह, पंकज कुमार, अभिलाष श्रीवास्तव, रेणु कुमारी सहित कतेको लोक उपस्थित छलाह।

# भाकपा माले आ खेग्रामसक संयुक्त जिला कमिटीक बैसार संपन्न

मधुबनी, समदिया

भाकपा माले जिला कमिटी आ खेग्रामसक नेतासभक संयुक्त बैसार जिला सचिव ध्रुव नारायण कर्णकअध्यक्षता मे भेल। बैसार कें संबोधित करैत मिथिला प्रभारी सह पोलित ब्यूरो सदस्य धीरेंद्र झा कहलनिजे छात्र-युवाक आंदोलनक तर्ज पर गामक गरीब लोकक आंदोलन कें तेज करबाक आवश्यकता अछि।तखने दलित-गरीबक हकमारी रोकल जा सकत। ओ कहलनि जे भूमिहीन कें जमीन देबाक मामिला मे सरकार नीतिगत निर्णय लेबा सं पाछां हटि रहल अछि। पीपी एक्ट, 1947क अंतर्गत जतय जे लोक बसल छथि, हुनका बासगीत पर्चा देल जाए। प्रत्येक पंचायत मे भूमिहीन लोक लेल आवासीय कॉलोनी बनाओलजाए आ सभ भूमिहीन कें 5 डिसमिल जमीन देबाक लेल मंत्रिमंडल कें निर्णय लेबाक चाही। खेग्रामसक 13-14 अगस्तक सत्याग्रह सं जे वातावरण बनल अछि, तकरा आओर तेज कएल जाएत। आगू ओ कहलनि जे मोदी




सरकार गरीबक अधिकारक कानून मनरेगा कें कमजोर कएलक अछि, मुदा नव कानून जी राम जीक अंतर्गत सेहो गरीब कें काज नहि देल जा रहल अछि। गांधी जयंतीक अवसर पर 2 अक्टूबर कें सभ पंचायत भवन पर मांग दिवस मनाओल जाएत आ काजक मांग लेल आवेदन देल जाएत। माले जिला सचिव ध्रुव नारायण कर्ण कहलनि जे पूरा जिला मे मजदूर-किसानक बीच पार्टीक विस्तार भए रहलअछि। बुलडोजर राजक विरोध मे गरीब लोकक प्रतिरोध आंदोलन चलाओल जाएत आ एकरा आओर तेजकएल जाएत।

# सिंघासो मे 9म राष्ट्रीय पोषण माहक मेला आयोजित

बिस्फी, समदिया

बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक सिंघासो पंचायत स्थित आंगनबाड़ी केंद्र संख्या 95क परिसर मे 9म राष्ट्रीय पोषण माह 2026क आयोजन कएल गेल। एहि अवसर पर हमर आंगनबाड़ी, हमर जिम्मेदारीक अंतर्गत निर्धारित विभिन्न उपविषय पर सेविका सभ द्वारा लाभुक, समुदाय सदस्य आ जनप्रतिनिधि सभक संग चर्चा आजागरूकता कार्यक्रम आयोजित कएल गेल।कार्यक्रमक उद्घाटन सीडीपीओ अहमद रजा खान दीप प्रज्वलित कए केलनि। कार्यक्रमक अध्यक्षता सेक्टर 4क पर्यवेक्षक संजना कुमारी केलनि। कार्यक्रमक दौरान अन्नप्राशन, जागरूकता रैली, व्यंजन प्रदर्शन सहित कतेको गतिविधिक आयोजन कएल गेल। एहि अवसर पर सीडीपीओ अहमद रजा खान संतुलित आ पौष्टिक आहारक महत्व पर विस्तार सं चर्चा केलनि। ओ बच्चा, गर्भवती महिला आ धात्री माताक लेल पर्याप्त पोषण, प्रोटीनयुक्त आ संतुलित आहारक आवश्यकता पर जानकारी देलनि। ताजा आ गरमपकाओल भोजनक महत्व सेहो लोक कें बुझाओल गेल।कार्यक्रम मे आंगनबाड़ी केंद्रक संचालन आ ओकर गुणवत्ता मे समुदायिक भागीदारी आ जिम्मेदारी परसेहो चर्चा भेल। सीडीपीओ कहलनि जे आंगनबाड़ी केंद्र कें प्रभावी ढंग सं संचालित करबाक लेलसमुदायिक स्वामित्व आ जवाबदेही आवश्यक अछि। ओतहि पर्यवेक्षक संजना कुमारी कहलनि जे बच्चाकशारीरिक आ मानसिक विकास लेल उचित पोषणक संग खेलक गतिविधि आ प्रारंभिक उद्दीपन सेहो अत्यंत आवश्यक अछि। ओ प्रधानमंत्री मातृ वंदना योजनाक संबंध मे जानकारी देलनि आ केंद्र कें स्वच्छ, सुचारु, नीक आ लाभुक लेल उपयोगी बनेबाक लेल सामूहिक जिम्मेदारी पर जोर देलनि। कार्यक्रम मे सेविका सुलेखा, मीना, इंदिरा, समीमा, वीना, राबिया, नाहिदा, निख्खत, जिन्नत, रेहाना, जन्नतुन आचंद्रिका सहित कतेको जनप्रतिनिधि सेहो उपस्थित छलाह।

# स्वच्छता सेवाक अंतर्गत ब्लैक स्पॉट क्षेत्र मे व्यापक सफाइ अभियान

मधुबनी, समदिया

स्वच्छता ही सेवा कार्यक्रमक अंतर्गत लोहिया स्वच्छ बिहार अभियानक अंतर्गत जिलाक विभिन्न प्रखंड मे व्यापक सफाइक अभियान चलाओल गेल। अभियानक क्रम मे विभिन्न क्षेत्र मे चिन्हित ब्लैक स्पॉट स्थल पर विशेष रूप सं व्यापक स्तर पर साफ-सफाइक काज कएल गेल।ब्लैक स्पॉट क्षेत्र मे जमा कचरा, गंदगी आ अन्य अपशिष्ट पदार्थ कें हटबैत संबंधित स्थल सभक साफ-सफाइ कएल गेल। अभियान मे स्वच्छताकर्मी सभक संग स्थानीय जनप्रतिनिधि आ आम लोक सेहोउत्साहपूर्वक भाग लेलनि। लोक सभ श्रमदान करैत स्वच्छताक प्रति अपन प्रतिबद्धता व्यक्त कएलनि। एहि अवसर पर डीआरडीए निदेशक मो. सरफराजुद्दीन कहलनि जे स्वच्छता मात्र कोनो एकटा विभाग अथवा व्यक्ति मात्रक जिम्मेदारी नहि, बल्कि ई सामूहिक जिम्मेदारी अछि। स्वच्छ आ सुंदर वातावरणलेल आम लोकक सक्रिय भागीदारी आवश्यक अछि। ओ कहलनि जे ब्लैक स्पॉट क्षेत्रक पहचान कएओतय विशेष सफाइक अभियान चलाओल गेला सं एहि स्थल सभ कें स्वच्छ रखबाक प्रयास कें बलभेटत। संगहि लोक कें नियमित रूप सं अपन आसपासक क्षेत्र मे स्वच्छता बनौने रखबाक लेल आगूआबय चाही। लोहिया स्वच्छ बिहार अभियानक जिला समन्वयक संजीव कुमार कहलनि जे स्वच्छता ही सेवा कार्यक्रमक अंतर्गत जिला मे विभिन्न गतिविधिक माध्यम सं स्वच्छताक प्रति जनजागरूकता बढ़ाओल जा रहल अछि। ब्लैक स्पॉट क्षेत्र मे चलाओल गेल विशेष अभियान सेहो एहि दिशा मे महत्वपूर्ण पहल अछि।

**सात सूत्री मांगक समर्थन मे राज्यस्तरीय कार्यक्रम आयोजित**

# विभिन्न ज्वलंत समस्या लेल किसान सभाक अंचल कार्यालय पर धरना

मधुबनी, समदिया

राज्यस्तरीय कार्यक्रमक अंतर्गत बिहार राज्य किसान सभा अंचल किसान काउंसिल, जयनगर द्वाराविभिन्न ज्वलंत समस्या कें लए सात सूत्री मांगक समर्थन मे जयनगर अंचल कार्यालय परिसर मेएकदिवसीय धरना देल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता अंचल अध्यक्ष उपेंद्र कुमार यादव केलनि।धरना कार्यक्रम कें संबोधित करैत बिहार राज्य किसान सभाक जिला अध्यक्ष रामजी यादव, सीपीआई (एम) लोकल कमिटीक सचिव कुमार राणा प्रताप सिंह, गणेशी यादव, दलित शोषण मुक्ति मंचक जिला सचिव विजय कुमार पासवान, बिहार राज्य किसान सभाक अंचल सचिव मोहम्मद मंजूर, एआईएलयू साथीचंदेश्वर प्रसाद, एआईएलयू जयनगरक सचिव



मुकेश कुमार, राम कुमार यादव, सुनील कुमार सिंह, धीरेंद्रकुमार सिंह, शिव कुमार यादव, आत्मा राम, सुकेंद्र प्रसाद, शंकर कुमार महतो, नंदलाल सिंह, पवन यादव, कपिल देव यादव, श्याम प्रसाद गुप्ता, नागेश्वर यादव, सत्यनारायण यादव, गणेशी यादव, सुरेश गुप्ता सहित अन्य वक्ता अपन विचार रखलनि। धरना मे दाखिल-खारिज आ परिमार्जनक नाम पर होइत अवैध वसूली बंद करबाक, निजी नलकूप लेल निःशुल्क विद्युत आपूर्ति करबाक आ सरकारी नलकूप कें चालू करबाक मांग कएल गेल। किसान सभ कहलनि जे फार्मर आईडीक बहाना बना किसान कें उर्वरक सं वंचित करबाक प्रक्रिया बंद होय। एहि संगकिसान सभक केसीसी ऋण माफ करबाक, प्रखंड मे शीघ्र शीतगृहक निर्माण करबाक तथा सब्जी आउटलेटदोकान बना कए मंडीक व्यवस्था करबाक मांग सेहो उठाओल गेल। मनरेगा कें पुनः बहाल करबाक आवीबी ग्राम जी योजना कें रद्द करबाक मांग कएल गेल। धरना मे जल-नल योजना कें दुरुस्त करबाक तथा शौचालय योजना मे होइत कथित लूट-खसोट पर रोक लगयबाक मांग सेहो प्रमुख रूप सं उठाओल गेल। वक्ता सभ कहलनि जे किसान आ आम लोक सं जुड़ल एहि समस्याक समाधान लेल सरकार आ प्रशासन कें ठोस पहल करबाक आवश्यकता अछि।

# नूरचक मे घटिया पीसीसी सड़क निर्माणक शिकायत

**बिना जांच कएल लौटि गेलाह डीडीसी**

मधुबनी, समदिया

बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक नूरचक गाम मे मस्जिद सं धोबी टोल धरि कराओल गेल पीसीसी सड़क निर्माण मे व्यापक अनियमितताक शिकायत पर जांच लेल पहुंचल डीडीसी ग्रामीण सभ सं भेंट केने बिना वापसलौटि गेलाह। शिकायतक बाद पैघ संख्या मे ग्रामीण घटनास्थल पर जुटल छलाह। डीडीसीक ग्रामीण सभ सं भेंट नहि भेला सं लोक मे निराशा देखल गेल। घटिया सड़क निर्माण सं संबंधित वायरल वीडियो आ ग्रामीण सभक आरोप अछि जे संबंधित सड़क ग्रामीण कार्य विभागक अधीन अछि। मुदा विभाग सं आवश्यक अनापत्ति प्रमाणपत्र (एनओसी) लेने बिना आनन-फानन मे सड़कक निर्माण करा देल गेल। ग्रामीण सभक अनुसार



14 सितंबर 2024 कें सड़क पर पीसीसी ढलाई कएल गेल, जाहि मे निर्धारित मानकक अनुरूप सीमेंटक उपयोग नहि करबाक आ पर्याप्त क्योरिंग नहि करबाक शिकायत अछि। ग्रामीणक कहब अछि जे निर्माणक दोसर दिनहि सं सड़क टूटय लागल।ग्रामीण सभ इहो आरोप लगौलनि जे निर्धारित 6 इंचक बदला सड़कक ढलाई मात्र 2 सं ढाई इंच मोटगरकएल गेल अछि। निर्माण स्थल पर प्राक्कलन आ कार्यकारी एजेंसी सं संबंधित कोनो सूचनापट्ट सेहो नहि लगाओल गेल अछि। ग्रामीण सभ जिला प्रशासन सं पूरा मामिलाक निष्पक्ष तकनीकी जांच करबाक, दोषी लोकक विरुद्ध कारबाइ करबाक आ निर्धारित मानकक अनुरूप सड़कक पुनर्निर्माण करेबाक मांग केलनि।

# कोशी स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक द्विवार्षिक चुनावक घोषणा, 23 अक्टूबर कें मतदान

## 22 सितंबर सं आदर्श आचार संहिता लागू

सहरसा, समदिया

भारत निर्वाचन आयोग, नव दिल्ली द्वारा बिहार विधान परिषदक कोशी स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक द्विवार्षिक निर्वाचन 2026क घोषणा कए देल गेल अछि। एहि संबंध मे मंगल कें कोशी प्रमंडलीय आयुक्त दिनेश कुमार प्रेस वार्ता कए निर्वाचन कार्यक्रमक जानकारी देलनि। आयुक्त कहलनि जे निर्वाचनक्षेत्र मे आदर्श आचार संहिता तत्काल प्रभाव सं लागू भए गेल अछि, जे 22 सितंबर सं 31 अक्टूबर 2026 धरि प्रभावी रहत। ओ कहलनि जे निर्वाचन लेल अधिसूचना 29 सितंबर कें जारी कएल जाएत। नाम निर्देशन पत्र दाखिल करबाक आखरी तिथि 6 अक्टूबर निर्धारित कएल गेल अछि। नाम निर्देशन पत्रकसंवीक्षा 7 अक्टूबर कें होयत, जखन कि अभ्यर्थिता वापस लेबाक आखरी तिथि 9 अक्टूबर राखल गेल अछि। मतदान 23 अक्टूबर कें कराओल जाएत, जखन कि मतगणना 27 अक्टूबर कें निर्धारित कएल गेल अछि। प्रमंडलीय आयुक्त बतौलनि जे कोशी स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे कुल 14 जिला शामिल अछि। एहिमे खगड़िया, सहरसा, मधेपुरा, सुपौल, अररिया, किशनगंज, पूर्णिया, कटिहार, भागलपुर, मुंगेर, लखीसराय,शेखपुरा, जमुई आ बांका जिला शामिल अछि। सभ जिला मे कुल 181 मतदान केंद्र बनाओल गेल अछि।निर्वाचन क्षेत्र मे कुल 1,34,593 मतदाता अपन मताधिकारक प्रयोग करताह। एहि मे 1,02,554 पुरुष,32,034 महिला आ 4 ट्रांसजेंडर मतदाता शामिल छथि। प्रमंडलीय आयुक्त कहलनि जे निर्वाचन केंस्वच्छ, निष्पक्ष आ सुरक्षित ढंग सं संपन्न करबाक लेल आवश्यक तैयारी कएल जा रहल अछि। निर्वाचनकार्य मे लगाओल जाएबला सभ कर्मीक लेल संबंधित जिला मे प्रशिक्षणक व्यवस्था कएल जाएत। मतगणना पूर्णिया मे संपन्न होयत। ओ कहलनि जे निर्वाचन सं संबंधित अन्य आवश्यक जानकारी समय-समय पर उपलब्ध कराओल जाएत। प्रेस वार्ताक दौरान जिलाधिकारी दीपेश कुमार, उप मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी, पूर्णिया प्रमंडल, पूर्णिया दिनेश लाल दास सहित विभिन्न अधिकारी उपस्थित छलाह।




» 14 जिलाक 181 मतदान केंद्र पर 1.34 लाख सं बेसी मतदाता करताह मतदान

# डीआईजी उदाकिशुनगंज एसडीपीओ कार्यालयक निरीक्षण कए लंबित कांडक निष्पादनक देलनि निर्देश

## अपराध नियंत्रण लेल सतर्कता बढ़ेबाक संग समयबद्ध ढंग सं मामिलाक निष्पादन पर जोर

सहरसा, समदिया



कोशी प्रक्षेत्रक पुलिस उप-महानिरीक्षक डॉ. कुमार आशीष मंगलदिन मधेपुरा जिलाक उदाकिशुनगंज अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी (एसडीपीओ) कार्यालयक निरीक्षण केलनि। निरीक्षणक दौरान ओ क्षेत्र मेअपराध नियंत्रण कें लए अधिकारी सभ कें विशेष सतर्कता बरतबाक आ लंबित कांड सभक गुणवत्तापूर्ण एवं समयबद्ध निष्पादन पर विशेष ध्यान देबाक निर्देश देलनि। डीआईजी लंबित कांडक निष्पादन लेलअगिला मासक लक्ष्य निर्धारित करैत संबंधित पुलिस पदाधिकारी सभ कें आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे लंबित मामिलाक निष्पादन मे गुणवत्ता संग समयबद्धता सेहो सुनिश्चित कएल जाय, जाहि सं पीड़ित लोक कें शीघ्र न्याय भेटि सकय। निरीक्षणक क्रम मे एसडीपीओ कार्यालय मे संधारितविभिन्न पंजी आ अभिलेखक जांच कएल गेल। एहि संग लंबित कांडक स्थिति, कार्यालयक कार्यप्रणाली आपुलिस भवन सभक अवस्थाक सेहो जायजा लेल गेल। डीआईजी अनुमंडल कार्यालय मे कार्यरत पुलिस पदाधिकारी आ पुलिसकर्मी सभ द्वारा कएल जा रहल काजक समीक्षा करैत आवश्यक सुधारक संबंध मे दिशा-निर्देश देलनि। निरीक्षणक दौरान उदाकिशुनगंज अनुमंडल क्षेत्रक सभ अंचल पुलिस निरीक्षक, पर्यवेक्षी पदाधिकारी आ थानाध्यक्ष उपस्थित छलाह। डीआईजी सभ पदाधिकारी कें क्षेत्र मे कानून-व्यवस्था बनौने रखबाक संग आम लोकक समस्या गंभीरतापूर्वक सुनबाक आ ओकर समाधान लेल तत्परता सं ारबाइ करबाक निर्देश देलनि। ओ पुलिस पदाधिकारी सभ कें आम लोकक संग नीक समन्वय स्थापित करैतहुनकर शिकायतक नियमानुसार आ शीघ्र समाधान सुनिश्चित करबाक लेल कहलनि। निरीक्षणक दौरानअपराध नियंत्रण, लंबित कांडक निष्पादन आ पुलिसक कार्यप्रणाली कें आओर प्रभावी बनेबाक विषय पर विशेष जोर देल गेल।

# दरभंगा मे नमामि गंगेक संकल्प कें धरातल पर उतारबाक पहल : डॉ. गोपाल जी ठाकुर

## बुडको आ नमामि गंगे अधिकारी संग सांसदक बैसार

दरभंगा, समदिया

दरभंगा जिला मे स्वच्छ जलापूर्ति, सीवरेज आ जलनिकासी व्यवस्था मजबूत करबाक लेल बुडकोक निर्माणाधीन परियोजना सभ कें मिशन मोड मे पूरा करबाक निर्देश सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर देलनि।ओ मंगल कें बलभद्रपुर, लहेरियासराय स्थित अपन संसदीय कार्यालय मे नमामि गंगे आ बुडकोक वरिष्ठ प्रशासनिक अधिकारी तथा तकनीकी अभियंतासभक संग उच्चस्तरीय समीक्षा बैसार केलनि।बैसारक दौरान सांसद दरभंगा शहर मे चलि रहल सीवरेज, ड्रेनेज आ रिवर फ्रंट विकास कार्यक बिंदुवारसमीक्षा केलनि। ओ कहलनि जे योजना सभ मात्र कागजपर सीमित नहि रहय, बल्कि निर्धारित समय- सीमा मे धरातलपर देखाइ देबाक चाही, जाहि सं जनता कें सीधा लाभ भेटय। कार्य मे उदासीनता बरतयवला अधिकारी कें चिन्हित कए कारबाइ करबाक चेतावनी सेहो देलनि। डॉ. ठाकुर कहलनि जे शहरक दूषित पानि बिना शोधनक पोखरि आ प्राकृतिक जलस्त्रोत मे नहि पहुंचय,एहि लेल आधुनिक सीवरेज आ जलनिकासी व्यवस्थाक माध्यम सं ठोस कार्ययोजना शीघ्र शुरू करबाकआवश्यकता अछि। ओ बुडको अधिकारि सभ कें कलस्टर आधारित कचरा प्रबंधन, पारंपरिक जलस्त्रोत मेभूजल पुनर्भरण आ नगर निगमक तालाबक डिजिटल सर्वे शुरू करबाक निर्देश देलनि।सांसद तालाबक भौतिक सत्यापन कए ओकरा अतिक्रमणमुक्त करबाक, ऐतिहासिक तालाबसभकनवीनीकरण एवं संरक्षण तथा नगर निगम क्षेत्र मे रेलवे चट्टी गुमटी सं कंगवा गुमटी धरि दुनू कात नाला निर्माण शुरू करबाक निर्देश देलनि। नमामि गंगे कार्यक्रमक अंतर्गत जिला गंगा समितिक अधिकारि सभ कें नदीक तटवर्ती क्षेत्र मे रहनिहारलोक सभ कें जल संचयनक माध्यम सं रोजगार सं जोड़बाक दिशा मे सेहो शीघ्र पहल करबाक निर्देशदेलनि। बैसार मे बुडकोक परियोजना निदेशक अभय कुमार पांडेय सहित संबंधित अधिकारी आ अभियंताउपस्थित छलाह।



» पोखरि आ जलस्रोतक सफाइक लेल देलनि निर्देश

# नाबालिग छात्रा सं बदसलूकीक विरोध मे कांग्रेस निकाललक न्याय मार्च

सीतामढ़ी, समदिया

जमुई मे कोचिंग सं घुरि रहल नाबालिग छात्रा सं मारपीट, छेड़छाड़ आ बदसलूकीक घटनाक विरोध मेसीतामढ़ी जिला कांग्रेसक कार्यकर्ता सभ जिलाध्यक्ष अमित कुमार टुन्नाक नेतृत्व मे धरना देलाक बादगांधी मैदान सं वीर कुंवर सिंह चौक धरि न्याय मार्च निकालि प्रदर्शन केलनि। प्रदर्शनकारी महिला सभ कें सुरक्षा देबा मे सरकारक विफलताक आरोप लगबैत नारा लगा रहल छलाह। जिलाध्यक्ष अमित कुमारटुन्ना कहलनि जे जमुईक घटना सं बिहारक छवि पर गंभीर प्रश्न उठल अछि। हुनकर कहब छलनि जे राज्यक कानून-व्यवस्था सवालक घेरा मे अछि। ओ कहलनि जे जं सड़कपर एकटा बेटीक संग सरेआमबदसलूकी करबाक दुस्साहस होइत अछि तं सरकारक जिम्मेदारी तय होमय चाही। हुनका मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सं बयान देबाक बदला जवाबदेही स्वीकार करबाक आ पद सं इस्तीफा देबाक मांग केलनि।प्रदेश कांग्रेस प्रतिनिधि मो. अफाक खान, सीताराम झा, रितेश रमण सिंह, डॉ. राजीव कुमार काजू, मो. शम्स शाहनवाज, घनश्याम मिश्र, आलोक सिंह राठौर, आफताब अंजुम, ताराकांत झा आ महिला नेत्री रितुठाकुर कहलनि जे एक दिस भाजपा बेटी बचाओ-बेटी पढ़ाओ आ नारी शक्तिक नारा दैत अछि, जखन किदोसर दिस बेटीक सुरक्षा सं जुड़ल घटना सभ चिंताक विषय बनि रहल अछि। कांग्रेस नेता सभ प्रश्नउठौलनि जे बेटीक सुरक्षा आ नारी सम्मानक दाबी धरातलपर कतय धरि प्रभावी अछि।विरोध प्रदर्शन मे यूथ कांग्रेसक नेशनल कोऑर्डिनेटर दीपक शुक्ला, प्रो. राम प्रवेश कुशवाहा, यूथ कांग्रेस जिलाध्यक्ष डॉ. रोहन कुमार गुप्ता, सोहन प्रसाद, सुंदरम पाठक, चुन्नू सिंह, अमजद खान, राजू कुमार, विवेक कुमार झा, एनएसयूआई अध्यक्ष सक्षम कुमार, इंदल पासवान, उमा कुमारी, वीरेंद्र कुशवाहा, अख्तर रजाखान, संजोगी देवी, शैलेंद्र खिरहर, सुप्रिया कुमारी, मृत्युंजय कुमार यादव, जैनेंद्र कुमार राम, मोबास्सिर खान,नीरज कुमार यादव, महेश कुमार आ सुलेखा देवी सहित कतेको कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।



# अनंत चतुर्दशी 25 सितंबर कें, भगवान विष्णुक पूजा आ व्रतक विशेष महत्व

सहरसा, समदिया

संसारक पालनहार भगवान विष्णुक अनंत स्वरूपक बोध करेनिहार कल्याणकारी व्रत अनंत चतुर्दशी एहिबरख 25 सितंबर, शुक्रदिन मनाओल जाएत। भाद्रपद शुक्लपक्षक चतुर्दशी तिथि कें मनाओल जायवला एहिपर्वक सनातन धर्म मे विशेष धार्मिक आ आध्यात्मिक महत्व अछि। पंडित तरुण झा कहलनि जे स्कंद पुराण, ब्रह्म पुराण आ भविष्य पुराण सहित विभिन्न धार्मिक ग्रंथ मे भाद्रपद शुक्लपक्षक चतुर्दशी तिथि कें अनंत चतुर्दशी व्रत करबाक उल्लेख भेटैत अछि। एहि दिन श्रद्धालु भगवान विष्णुक विधिवत पूजा-अर्चना करैत छथि आ अनंत व्रतक कथा श्रवण करैत छथि।ओ कहलनि जे अनंत चतुर्दशीक दिन भगवान विष्णुक अनंत स्वरूपक पूजा करबाक संग अनंत सूत्रधारण करबाक परंपरा अछि। श्रद्धालु विधि-विधानपूर्वक पूजा-अर्चना कएलाक बाद अनंत प्रभुक नाम संहाथ मे धागा बान्हैत छथि आ प्रसाद ग्रहण करैत छथि। मान्यता अछि जे श्रद्धा आ नियमपूर्वक एहिव्रतक पालन कएला सं भगवान विष्णुक कृपा प्राप्त होइत अछि।पंडित झा कहलनि जे एहि दिन भगवान विष्णु आ नारायणक कीर्तन करब तथा यथासंभव प्रभुक नामक स्मरण करब सुखद आ फलदायी मानल गेल अछि। श्रद्धालु सभ कें श्रद्धा आ भक्तिक संग भगवान अनंतक आराधना करबाक चाही। ओ कहलनि जे 14 सितंबर सं प्रारंभ भेल गणेश पूजाक समापन सेहो 25सितंबर कें होयत। एहि दिन गणपति प्रतिमाक विधिवत विसर्जन कएल जाएत। अनंत चतुर्दशीक अवसरपर भगवान विष्णुक आराधनाक संग गणेश प्रतिमा विसर्जन कें लए कए सेहो श्रद्धालु सभ मे विशेषउत्साह रहत।




# मीटरिंग यूनिट स्थापना लेल बुधदिन 3 घंटा बिजली आपूर्ति रहत बाधित

सहरसा, समदिया

जीआइएस पॉलिटेक्निक परिसर मे मीटरिंग यूनिट स्थापित करबाक कार्यक कारण बुधदिन, 23 सितंबर कें शहरक कतेको इलाका मे विद्युत आपूर्ति बाधित रहत। विद्युत विभागक अनुसार कार्य कें सुरक्षित आसुचारु रूप सं पूरा करबाक लेल संबंधित विद्युत फीडरक आपूर्ति निर्धारित समय धरि अस्थायी रूप संबंद राखल जाएत। विभागक अनुसार 11 केवी विद्यापति फीडर आ 11 केवी इंजीनियरिंग ओल्ड फीडरकविद्युत आपूर्ति भोर 9:30 बजे सं दिउंस 12:30 बजे धरि बाधित रहत। एहि कारण बियाडा औद्योगिकक्षेत्र, सीपी पासवान रोड, विद्यापति नगर, प्रताप नगर, गायत्री मंदिर, फकीर टोला आ वीर कुंवर सिंह रोडसहित आसपासक संबंधित क्षेत्र मे बिजली आपूर्ति प्रभावित रहत। सहायक विद्युत अभियंता, विद्युत आपूर्ति प्रमंडल, सहरसा शहरी उपभोक्ता सभ सं अपील केलनि अछि जे निर्धारित समय कें ध्यान मे राखिअपन आवश्यक विद्युत संबंधी काज पहिने पूरा कए लिअथि आ विभागीय कार्य मे सहयोग करथि।विभागक दिस सं कहल गेल अछि जे कार्यक आवश्यकताक अनुसार विद्युत आपूर्ति बाधित रहबाकअवधि मे किछु कमी-बेसी भए सकैत अछि। कार्य पूरा होइतहि विद्युत आपूर्ति सामान्य कए देल जाएत।



# श्रीमद्भागवत कथाक पांचम दिन उमड़ल श्रद्धालुक भीड़

सहरसा, समदिया

नगर निगम क्षेत्रक पटुआहा स्थित द आम गाछी विवाह भवन मे आयोजित श्रीमद्भागवत कथा के पांचमदिन श्रद्धालुक भारी भीड़ उमड़ल। वृंदावन सं पधारल श्री श्री तुलसी जी महाराज श्रद्धालु सभ केंश्रीमद्भागवत कथाक रसपान करौलनि। कथाक दौरान भगवानक लीला, भक्ति आ धर्म सं जुड़ल विभिन्न प्रसंगक वर्णन कएल गेल, जे सुनि श्रद्धालु सभ भावविभोर भए गेलाह। कथाक शुभारंभ सं पहिने द आम गाछी सं भव्य कलश यात्रा निकालल गेल छल। यात्रा रामगाछी संहोइत मनोकामना हनुमान मंदिर आ राधा-कृष्ण मंदिर पहुंचल, जतय विधि-विधानपूर्वक कलश मे पवित्रजल भरल गेल। तकर बाद श्रद्धालु कलश लए विवाह भवन पहुंचलाह, जतय पूजा-अर्चना आ धार्मिकअनुष्ठान संपन्न कराओल गेल। आयोजक सभ बतौलनि जे श्रीमद्भागवत कथा प्रतिदिन दिउंस 1 बजे संसांझ 5 बजे धरि आयोजित कएल जा रहल अछि। कथा मे श्रद्धालुक बढ़ैत सहभागिता सं क्षेत्र मे भक्तिमय वातावरण बनल अछि।




## पंचायत, अंचल आ ऑनलाइन माध्यम सं लेल जाएत आवेदन

# 24 सितंबर सं 7 दिन धरि पंचायतो मे लागत बसेराक शिविर

मधुबनी, समदिया

अभियान बसेरा अंतर्गत वासभूमि विहीन योग्य परिवार सभ कें पर्चा उपलब्ध कराबय लेल 24 सितंबर सं लगातार 7 दिन धरि पंचायत आ अंचल स्तरपर शिविर लगाओल जाएत। जिलाधिकारी आनंद शर्मा एहिसंबंध मे संबंधित अधिकारी सभ कें आवश्यक निर्देश देलनि अछि। अभियान अंतर्गत पंचायत, अंचल आबिहार भूमि पोर्टलक माध्यम सं आवेदन देबाक व्यवस्था कएल गेल अछि। पंचायत सरकार भवन मे आयोजित होमयवला शिविर मे लोक अपन आवेदन जमा कए सकताह। ऑनलाइन आवेदन सेहो बिहार भूमि पोर्टलक माध्यम सं देल जा सकैत अछि। जिलाधिकारी कहलनि जे आवेदन देबाक लेल ककरो जिलामुख्यालय अथवा राज्य मुख्यालय जाए आ भीड़ लगाबयक आवश्यकता नहि अछि। ओ कहलनि जे गलत सूचना अथवा अफवाह फैला कए लोक मे भ्रम उत्पन्न करयवला तत्वसभपर प्रशासनक नजरि रहत। एहन लोकक विरुद्ध बीएनएसएसक प्रासंगिक धाराक अंतर्गत कठोर कारबाइ कएल जाएत। शिविरक सफलआयोजन लेल जिलाधिकारी वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं जिला, अनुमंडल आ अंचल स्तरक अधिकारीसभक संग समीक्षा बैसार केलनि। ओ निर्देश देलनि जे पंचायत आ अंचल सं प्राप्त आवेदन कें अंचलाधिकारी निर्धारित प्रक्रिया अनुसार पोर्टलपर अपलोड करौताह आ जांचक बाद योग्य लाभुकक चयनकए प्रमाण-पत्र वितरित करताह।शिविर मे आवेदन लेल अलग काउंटर, कर्मीक तैनाती, बैसबाक व्यवस्था, पंजी संधारण आ पावती रसीद देबाक निर्देश देल गेल अछि। विकास मित्र, पंचायत सचिव आ राजस्व कर्मचारी पंचायत मे भ्रमण कए लोक सभ कें शिविरक जानकारी देताह। जनप्रतिनिधिसभक संग समन्वय करबाक तथा सार्वजनिकस्थलपर होर्डिंग, फ्लेक्स आ माइकिंगक माध्यम सं व्यापक प्रचार-प्रसार करबाक निर्देश सेहो देल गेलअछि। जिलाधिकारी विकास मित्र आ राजस्व कर्मचारी कें जवाबदेही सं काज करबाक निर्देश देलनि। विकास मित्र महादलित परिवारसभक घर-घर पहुंचि शिविरक जानकारी देताह, जाहि सं कोनो योग्य परिवारलाभ सं वंचित नहि रहय। जिलाधिकारी कहलनि जे महादलित टोला मे आयोजित विशेष शिविर मे भूमिहीन परिवारक घर-घर सत्यापन, निःशुल्क आवेदन, पावती, लंबित आवेदनक स्थिति, पर्चा भेटलाक बाद दखल सं वंचित परिवारक सूची आ आवश्यक दस्तावेजक जानकारी उपलब्ध कराओल जाए। ओ डॉ. भीमराव आंबेडकर समग्र सेवा अभियान अंतर्गत प्राप्त आवेदनक नियमानुसार निष्पादन करबाक निर्देश देलनि। अभियान बसेरा-2 अंतर्गत बंदोबस्ती प्रमाण-पत्र वितरण लेल जिलाक लक्ष्य 1,314 निर्धारित कएल गेल अछि, जे पूरा करबाक सख्त निर्देश देल गेल अछि।




# मिथिला पद्धति सं हैदराबाद मे भए रहल भव्य गणेश पूजनोत्सव

दरभंगा/हैदराबाद, समदिया


मिथिला पद्धति सं तेलंगानाक राजधानी हैदराबाद मे चलि रहल 10 दिवसीय गणेश पूजनोत्सव प्रवासी मैथिलक संग स्थानीय लोकक बीच सेहो आकर्षणक केंद्र बनल अछि। झा फ्रेंड्स एसोसिएशनक तत्वावधान मे विगत 30 बरख सं आयोजित होइत आबि रहल गणेश पूजा उत्सव मे एहि बेर नंदी केर पीठ पर भगवान शिवक भेष धारण कयने 15 फीट ऊंच गणपतिक प्रतिमा भक्त सभ कें विशेष रूप सं आकर्षित कए रहल अछि। खास बात ई अछि जे एहि प्रतिमाक निर्माण कएनिहार कलाकार सेहो मैथिल छथि। सोमदिन देर सांझ उप्पल विधानसभा क्षेत्रक बीएमसी विधायक बंडारी लक्ष्मण रेड्डी पूजा पंडालक निरीक्षण केलनि आ मिथिला पद्धति सं होइत विशेष आरती मे भाग लेलनि। एहि अवसरपर एसोसिएशनक दिस सं हुनका मिथिला चित्रकला सं सुसज्जित पाग आ दोपटा प्रदान कए स्वागत कएल गेल। एहि दौरान मिथिला सामाजिक मंच, ग्रेटर हैदराबादक संरक्षक शंभुनाथ झा, अध्यक्ष धीरेंद्र कुमार झा आ महासचिव रंजन कुमारक संग विद्यापति सेवा संस्थान, दरभंगाक मीडिया संयोजक डॉ. प्रवीण कुमारझाक सेहो उल्लेखनीय उपस्थिति रहलनि। एसोसिएशनक अध्यक्ष दिगंबर झा कहलनि जे तेलंगाना क्षेत्र मेमिथिलाक भागिन विघ्नहर्ता गणपतिक पूजनक परंपरा बहुत पुरान अछि। मुदा, झा फ्रेंड्स एसोसिएशन द्वारा मिथिला पद्धति सं आयोजित होइत 10 दिवसीय गणपति पूजनोत्सव प्रवासी मैथिल जनक संगस्थानीय लोकक बीच सेहो सदिखन आकर्षणक केंद्र रहल अछि। मुख्य यजमान चंदन कुमार झा कहलनि जे एहि पूजनोत्सवक उद्देश्य बच्चासभक प्रतिभा कें प्रोत्साहित करब सेहो अछि। एहि लेल प्रतिदिन नृत्य, गायन, चित्रकारी, रंगोली, तंबोला, म्यूजिकल चेयर सहित विभिन्न प्रतियोगिताक आयोजन कए बच्चासभक उत्साहवर्धन कएल जाइत अछि। ओ कहलनि जे बृहस्पतिदिन हवन आ अन्नदानक कार्यक्रमक बाद शुक्रदिन गणपतिक भव्य विसर्जन कएल जाएत।



# ई मोरल पुलिसिंग नहि, गुंडागर्दी अछि



सच्चिदानंद सच्चू



सभ्य समाजक पहिल पहिचान की अछि? कानूनक सम्मान, दोसरक स्वतंत्रताक आदर आ कमजोरक सुरक्षा। मुदा जखन समाज मे किछु लोक स्वयं के कानून सं ऊपर बुझए लगैत अछि, तखन ओहि समाजक सभ्यताक बुनियाद पर प्रश्नचिह्न ठाढ़ भए जाइत अछि। जमुई मे दू नाबालिग छात्र-छात्राक संग जे घटना भेल, से एहि प्रश्न कें फेर सं हमरा सभक सामने ठाढ़ कए देने अछि। पुलिसक अनुसार 19 सितंबरक सांझ कोचिंग सं लौटि रहल दसम कक्षाक दू नाबालिग छात्र-छात्रा कें किछु युवक रोकलक, हुनका सभक संग दुर्व्यवहार आ माइरपीट केलक तथा छात्राक संग यौन दुर्व्यवहार सेहो भेल। घटनाक वीडियो बनाओल गेल आ बाद मे सोशल मीडिया पर वायरल कए देल गेल। पुलिस करीब सात आरोपितक पहिचान करबाक बात कहलक अछि, जाहि मे तीन लोकक गिरफ्तारी भए चुकल अछि। एहि घटनाक जांच लेल एसआइटी सेहो गठित भेल अछि। एहि घटना पर सभ सं पैघ चिंता मात्र ई नहि अछि जे किछु युवक कानून अपन हाथ मे लए लेलनि। चिंता एहि मानसिकताक अछि जे किछु लोक कें ई अधिकार के देलक जे ओ तय करत जे कोन युवक कोन युवतीक संग चलत? ककरा सं बात करत? कतय जायत? कोन कपड़ा पहिरत? आ अपन निजी जीवन कोना जीयत? एहि तरहक व्यवहार कें बेसी काल मोरल पुलिसिंग कहि कए प्रस्तुत कएल जाइत अछि। मुदा नैतिकता ककरा कहल जायत आ ओकर ठेकेदार के होयत? समाज मे नैतिकताक चर्चा जरूर होयबाक चाही, मुदा नैतिकताक नाम पर कानून हाथ मे लए कए कोनो व्यक्ति कें रोकब, अपमानित करब, मारब, धमकाएब अथवा ओकरा संग यौन दुर्व्यवहार करब नैतिकता नहि भए सकैत अछि। ई तं सीधा-सीधा गुंडागर्दी अछि। सभ्य समाज मे कोनो व्यक्तिक व्यवहार पर आपत्ति हो तं कानूनक रस्ता अछि। अभिभावक अपन संतान सं बात कए सकैत छथि। शिक्षक समझा सकैत छथि। समाज मे संवाद भए सकैत अछि। मुदा सड़क पर ककरो घेरि कए पूछताछ करब, धमकायब आ शारीरिक रूप सं प्रताड़ित करबक अधिकार ककरो नहि अछि। सब सं पैघ प्रश्न ई अछि जे आखिर ई मनबढ़ू तबका चाहैत की अछि? की ओ चाहैत अछि जे आजुक लड़का ओकर हिसाब सं चलैक? आजुक लड़की ओकर हिसाब सं घर सं निकलैक? दुनू कोन कपड़ा पहिरत, ककरा सं मित्रता करत, कतय घुमत - एहि सभक फैसला सेहो ओ करय? जं समाज एहि दिशा मे चलि पड़त तं व्यक्तिक स्वतंत्रता, संविधानक अधिकार आ कानूनक शासनक अर्थे की रहि जायत? युवावस्था मे दोस्ती होयब अपराध नहि अछि। कोनो लड़का आ लड़की एक-दोसराक मित्र भए सकैत अछि। कोनो युवती अपन पसंदक कपड़ा पहिरि सकैत अछि। कोनो युवक अपन पसंदक स्थान पर जा सकैत अछि। एहि सभ बात पर असहमति भए सकैत अछि, पारिवारिक अथवा सामाजिक संवाद भए सकैत अछि; मुदा असहमतिक उत्तर हिंसा नहि भए सकैत अछि। वास्तव मे मोरल पुलिसिंगक समस्या तखने जन्म लैत अछि जखन कानूनक जगह भीड़ लेबाक प्रयास करैत अछि। जखन लोक मानि लैत अछि जे पुलिस, न्यायालय आ संविधानक जरूरत नहि - हम स्वयं तय करब जे सही की आ गलत की - तखन कानून व्यवस्था कमजोर होइत अछि आ भीड़क मनोवृत्ति मजबूत। जमुईक घटना एहि कारण सेहो गंभीर अछि जे पीड़ित दुनू नाबालिग छथि। बच्चा सभक सुरक्षा लेल विशेष कानून अछि। मुदा घटनाक वीडियो बना कए ओकरा सोशल मीडिया पर पसारब पीड़ितक पीड़ा कें आरो बढ़ा देलक। पुलिस एहि मामिला मे करीब 120 सोशल मीडिया प्रोफाइल पर मामिला दर्ज कएलक अछि, कारण वीडियो मे नाबालिग पीड़िताक पहिचान उजागर होइत छल। एहि ठाम सोशल मीडिया प्रयोगकर्ताक जिम्मेदारी सेहो कम नहि अछि। कोनो अपराधक वीडियो देखबाक उत्सुकता बुझल जा सकैत अछि, मुदा नाबालिग पीड़िताक पहिचान उजागर करैत सामग्री साझा करब संवेदनहीनता अछि आ कानूनी रूप सं सेहो गंभीर विषय अछि। पुलिस स्वयं लोक सं एहि तरहक वीडियो साझा नहि करबाक अपील कएलक अछि। एहि पूरा प्रकरण मे एकटा अत्यंत महत्वपूर्ण पक्ष पीड़िताक गोपनीयता अछि। दुनू पीड़ित नाबालिग छथि। अपराधक शिकार भेल बच्चाक पहिचान सार्वजनिक करब, ओकर फोटो अथवा वीडियो साझा करब, ओकर नाम, चेहरा, स्कूल, घर अथवा परिवारक संबंध मे जानकारी पसारब - ई पीड़िताक पीड़ा कें आरो गहींर करैत अछि। अपराधी सं न्याय पाबि रहल पीड़ित कें समाजक नजरि मे फेर अपराधक विषय बना देब कोनो संवेदनशील समाजक लक्षण नहि भए सकैत अछि। सोशल मीडिया पर कोनो आपत्तिजनक वीडियो भेटला पर ओकरा सबूत अथवा खबरिक नाम पर आगू बढ़ेनाइ सेहो उचित नहि अछि। कानून अपन प्रक्रिया सं जांच करत, आम लोकक जिम्मेदारी अछि जे पीड़िताक पहिचान गोपनीय राखय आ एहन सामग्रीक प्रसार रोकय। विशेष रूप सं पत्रकार, सोशल मीडिया पेज आ डिजिटल प्लेटफॉर्म सभ कें ई बात बुझबाक जरूरत अछि जे समाचारक अधिकार सं पहिने पीड़ितक गरिमा आ गोपनीयताक अधिकार अछि। न्याय मात्र अपराधीक सजा सं नहि, बल्कि पीड़ित कें सम्मानपूर्वक अपन जीवन मे लौटबाक सुरक्षित वातावरण देला सं सेहो सुनिश्चित होइत अछि। एहि घटनाक बहन्ने समाज कें एकटा मूल प्रश्न पर सोचबाक आवश्यकता अछि - हम अपन बच्चा सभ लेल कोन समाज छोड़ि रहल छी? एहन समाज जतय हुनका अपन जीवनक फैसला कानून आ परिवारक सुरक्षित संवादक भीतर करबाक स्वतंत्रता रहत, अथवा एहन समाज जतय सड़क पर किछु मनबढ़ू लोक तय करत जे हुनका कोना जीबाक अछि? सभ्य समाज मे नैतिकता जरूरी अछि, मुदा नैतिकताक पहरा बंदूक, लाठी, गारि आ भीड़क हाथ मे नहि भए सकैत अछि। नैतिकता संवाद सं आबैत अछि, शिक्षा सं आबैत अछि, संवेदना सं आबैत अछि। कानून तोड़ि कए नैतिकता स्थापित नहि कएल जा सकैत अछि। जमुईक घटना पर कठोर कानूनी कारबाइ जरूरी अछि। संगहि समाजक भीतर पसरि रहल एहि मानसिकताक विरोध सेहो जरूरी अछि। कारण अपराधी बदलि सकैत अछि, घटना बदलि सकैत अछि, स्थान बदलि सकैत अछि - मुदा जं हम तय करब जे दोसर कोना जीबय, जं ई मानसिकता जीवित रहल, तं एहन घटना फेर-फेर सामने अबैत रहत। मोरल पुलिसिंगक नाम पर ककरो अपमानित करबाक, हिंसा करबाक अथवा कानून अपन हाथ मे लेबाक अधिकार ककरो नहि अछि। नैतिकताक नाम पर जे कानून तोड़ैत अछि, ओ नैतिक प्रहरी नहि - कानूनक नजरि मे अपराधी अछि।

मुदा घटनाक वीडियो बना कए ओकरा सोशल मीडिया पर पसारब पीड़ितक पीड़ा कें आरो बढ़ा देलक। पुलिस एहि मामिला मे करीब 120 सोशल मीडिया प्रोफाइल पर मामिला दर्ज कएलक अछि, कारण वीडियो मे नाबालिग पीड़िताक पहिचान उजागर होइत छल। एहि ठाम सोशल मीडिया प्रयोगकर्ताक जिम्मेदारी सेहो कम नहि अछि। कोनो अपराधक वीडियो देखबाक उत्सुकता बुझल जा सकैत अछि, मुदा नाबालिग पीड़िताक पहिचान उजागर करैत सामग्री साझा करब संवेदनहीनता अछि आ कानूनी रूप सं सेहो गंभीर विषय अछि। पुलिस स्वयं लोक सं एहि तरहक वीडियो साझा नहि करबाक अपील कएलक अछि। एहि पूरा प्रकरण मे एकटा अत्यंत महत्वपूर्ण पक्ष पीड़िताक गोपनीयता अछि। दुनू पीड़ित नाबालिग छथि। अपराधक शिकार भेल बच्चाक पहिचान सार्वजनिक करब, ओकर फोटो अथवा वीडियो साझा करब, ओकर नाम, चेहरा, स्कूल, घर अथवा परिवारक संबंध मे जानकारी पसारब - ई पीड़िताक पीड़ा कें आरो गहींर करैत अछि। अपराधी सं न्याय पाबि रहल पीड़ित कें समाजक नजरि मे फेर अपराधक विषय बना देब कोनो संवेदनशील समाजक लक्षण नहि भए सकैत अछि। सोशल मीडिया पर कोनो आपत्तिजनक वीडियो भेटला पर ओकरा सबूत अथवा खबरिक नाम पर आगू बढ़ेनाइ सेहो उचित नहि अछि। कानून अपन प्रक्रिया सं जांच करत, आम लोकक जिम्मेदारी अछि जे पीड़िताक पहिचान गोपनीय राखय आ एहन सामग्रीक प्रसार रोकय।

# खाद्य आपूर्ति श्रृंखला कें मजबूत करय सरकार

ज्ञानेंद्र कुमार

प्रशांत महासागर मे जाहि तरहक गर्मी अलनीनो कें शक्तिशाली बना देने अछि, तकर असरि अगिला वर्ष फरवरी सं पहिने समाप्त होयबाक संभावना नहि अछि। अगिला किछु मास धरि तापमान आ वर्षाक मिजाज सामान्य रहत, ई उम्मीद करब कठिन अछि। कतहु तेज बरखा, कतहु प्रचंड गर्मी आ कतहु बाढ़ि सन मौसमी घटना एकर संकेत पहिने देने अछि। एकर असरि जाड़ पर पड़बाक आशंका सेहो अछि। विश्व मौसम विज्ञान संगठन (डब्ल्यूएमओ) केर अनुसार, प्रशांत महासागर मे अगस्त मास मे तापमान सामान्य सं 2.2 सं 2.6 डिग्री धरि बेसी भए गेल। एतबे नहि, समुद्रक गहराइ मे सेहो कतेको भाग मे पानि सामान्य सं आठ डिग्री बेसी गरम पाओल गेल अछि। एहि गर्मी सं अलनीनो कें आरो बल भेटल अछि। डब्ल्यूएमओक मानब अछि जे सितंबर सं नवंबर धरि दुनियांक सभ भाग मे सामान्य सं बेसी तापमान रहबाक आशंका अछि। पहिने सं धरती पर बढ़ैत गर्मी बीच अलनीनो केर प्रभाव तापमान कें आरो बढ़ा सकैत अछि। एहि कारण बरखा आ तापमान मे वृद्धि संग-संग सूखा आ बाढ़िक खतरो बढ़ि सकैत अछि। वास्तव मे, प्रशांत महासागरक पानि गरम भेला पर भारत दिस आबयबला हवाक दबाव आ दिशा मे परिवर्तन होइत अछि। एकर असरि बादलक आवाजाही आ वर्षाक मार्ग पर सेहो पड़ैत अछि। एहि कारण हजारो किलोमीटर दूर स्थित भारत सन देशक मौसिम पर सेहो एकर प्रभाव पड़ैत अछि। भारत मे कम बरखा भेला पर सेहो अलनीनो केर प्रभाव बनल रहि सकैत अछि। बीतल अगस्त एकर उदाहरण रहल, जखन सामान्य सं 16 प्रतिशत कम बरखा भेल आ सितंबरक पहिल पखवाड़ा सेहो अगस्ते जकां रहल। जं हिंद महासागर मे विकसित होमयबला इंडियन ओशन डाइपोल (आइओडी) आगू चलि सकारात्मक रहल, तं अलनीनो केर चपेट मे पड़ल मानसून कें आरो बल भेटि सकैत अछि। सामान्यतः मानल जाइत अछि जे अलनीनो केर कारण हवाक ताकति



घटैत अछि आ कतेको क्षेत्र मे बरखा सामान्य सं कम रहैत अछि। मुदा ई सेहो कटु सत्य अछि जे भारतक मानसून मात्र अलनीनो पर निर्भर नहि करैत अछि। बंगालक खाड़ी मे बनयबला कम दबावक क्षेत्र, मानसूनी टर्फक स्थिति आ हिंद महासागरक परिस्थिति सेहो वर्षाक मात्रा आ ओकर क्षेत्रीय वितरण कें बहुत प्रभावित करैत अछि। कतेको बेर कुल बरखा बहुत कम नहि होइत अछि, मुदा ओकर समय आ क्षेत्रीय वितरण असंतुलित भए जाइत अछि। एकर कारण देशक कतेको राज्य मे बुआइ, अंकुरण आ फसिलक आरंभिक वृद्धि प्रभावित होइत अछि। कतेको बेर शक्तिशाली अलनीनो केर समय मे सेहो देशक किछु भाग मे बेसी बरखा होइत अछि। ई बहुत हद धरि आइओडीक स्थिति पर निर्भर करैत अछि जे ओ सकारात्मक रहैत अछि वा नहि। जं आइओडी सकारात्मक नहि भेल तं अलनीनो केर दबाव बढ़ि सकैत अछि। एहि स्थिति मे मध्य भारत, उत्तर-पश्चिम भारत आ प्रायद्वीपीय क्षेत्र मे बरखा सामान्य सं कम रहबाक खतरा बनल रहि सकैत अछि। एहि बेर केंद्र सरकारक जोर जिलावार मौसिमक निगरानी पर अछि। अलनीनो केर खतरा मात्र मौसिमक विषय नहि, बल्कि एकर सीधा संबंध उत्पादन, खाद्य वस्तुक दाम आ ग्रामीण अर्थव्यवस्था सं सेहो अछि। अलनीनो केर असरि मात्र मानसून धरि सीमित नहि रहत। जं ई मजबूत रहल तं जाड़ मे सेहो तापमान सामान्य सं बेसी रहबाक आशंका अछि। समूचा उत्तर भारत मे जाड़ छोट होयबाक आ फरवरी-मार्च मे गर्मी बढ़बाक रुझान पहिने सं देखल जा रहल अछि। एहि वास्तविकता सं सेहो मुंह नहि मोड़ल जा सकैत अछि जे 2022-24 केर शक्तिशाली अलनीनो पहिने सं गरम होइत धरतीक तापमान बढ़य मे नकारात्मक भूमिका निभौलक आ 2024 कें दुनियांक सभ सं गरम वर्षक रूप मे दर्ज कएल गेल। वास्तव मे, अलनीनो सन चक्रीय जलवायु घटना प्रत्येक तीन सं सात वर्ष मे होइत अछि। एकर पुनरावृत्ति समूचा संसार लेल कठिनाइ उत्पन्न कए रहल अछि। एकर सर्वाधिक असर भूमध्यरेखीय आ उष्णकटिबंधीय क्षेत्र पर पड़ैत अछि। भारत मे कर्नाटक आ पंजाब सन राज्य मे सेहो एकर प्रभाव देखल गेल अछि। ई घटना मानसूनक मिजाज कें बहुत हद धरि प्रभावित कए सकैत अछि। एहि परिस्थिति मे समय रहैत चेतावनी देनिहार आंकड़ा आपस मे साझा करब आ सीमापार पारदर्शी वैज्ञानिक सहयोग कें बढ़ावा देब अत्यंत आवश्यक अछि।

# मात्र एआइक कारण दुनियां भरि मे प्रति वर्ष 4.6 करोड़ टन ई-कचरा उत्पन्न होयत

आकांक्षा मिश्रा

कृत्रिम बुद्धिमत्ता (एआइ) सं पैदा होमयबला इलेक्ट्रॉनिक कचरा मात्र डेटा सेंटर धरि सीमित नहि अछि। एक नव अध्ययनक अनुसार, एआइ सं जुड़ल ई-कचराक मात्रा पहिने लगाओल गेल अनुमान सं 40 सं 60 प्रतिशत धरि बेसी भए सकैत अछि। ई अध्ययन वैश्विक गैर-सरकारी संगठन बेसल एक्शन नेटवर्क द्वारा कएल गेल अछि। अमेरिका स्थित एहि संगठनक रिपोर्ट द कमिंग एआइ वेस्ट वेव मे अनुमान लगाओल गेल अछि जे मात्र एआइक कारण दुनियां भरि मे प्रति वर्ष 3 सं 4.6 करोड़ टन धरि ई-कचरा उत्पन्न भए सकैत अछि। एकर प्रमुख कारण एआइक तेजी सं बढ़ैत उपयोगक संग हार्डवेयर आ विद्युत उपकरणक संख्या मे होमयबला भारी वृद्धि अछि। रिपोर्ट मे कहल गेल अछि जे एखन धरि एआइ डेटा सेंटरक पर्यावरण पर पड़यबला प्रभावक आकलन मुख्य रूप सं कार्बन उत्सर्जन आ मीठ पानिक उपयोग धरि सीमित रहल अछि। मुदा ई-कचराक प्रभाव, ओकर संभावित विषाक्त प्रकृति आ पर्यावरणीय न्याय पर पड़यबला असरि कें एखन धरि बहुत हद धरि अनठियाओल गेल अछि।

**एआइक बुनियादी ढांचा पर खरबों डॉलरक निवेश :** बेसल एक्शन नेटवर्कक निष्कर्षक अनुसार, वर्ष 2025 सं 2030क बीच दुनियां भरि मे मात्र एआइक बुनियादी ढांचा तैयार करबा लेल करीब 7 ट्रिलियन डॉलर निवेश होयबाक अनुमान अछि। एहि सं 2030 धरि डेटा सेंटरक क्षमता मे करीब 219 गीगावाट वृद्धि भए सकैत अछि। एक गीगावाट डेटा सेंटर क्षमता लेल करीब 70 हजार टन विद्युत-यांत्रिक बुनियादी ढांचाक आवश्यकता होइत अछि। एहि मे सर्वर, बिजली वितरण प्रणाली, भंडारण व्यवस्था, शीतलन प्रणाली आ



एआइक लेल उपयोग होमयबला विशेष चिप तथा त्वरक शामिल अछि। रिपोर्टक अनुसार, ई सभ सेहो एआइक नुकायल लागतिक हिस्सा अछि। पहिने लगाओल गेल अधिकांश अनुमान मे एआइ सं उत्पन्न होमयबला कचराक गणना करैत मात्र डेटा सेंटरक सर्वर आ त्वरक पर ध्यान देल गेल छल। जखनकि डेटा सेंटर मे उपलब्ध कुल इलेक्ट्रॉनिक बुनियादी ढांचा मे एहि सभक हिस्सा मात्र 13 प्रतिशत अछि। अध्ययन मे कहल गेल अछि जे जखन पूरा प्रणाली कें ध्यान मे राखल जाइत अछि, तखन एआइ सं उत्पन्न होमयबला ई-कचराक अनुमान 40 सं 60 प्रतिशत धरि बढ़ि जाइत अछि।

**बेसी एआइ कचरा किएक? :** एआइ डेटा सेंटर अतिरिक्त ई-कचरा उत्पन्न करैत अछि। एकर एकटा कारण एआइ तकनीकक अत्यंत तीव्र विस्तार सेहो अछि। इंटेलक सह-संस्थापक गॉर्डन मूर 1965 मे एक नियम प्रस्तुत केने छलाह। एहि अनुसार, सामान्यतः कोनो चिपक कंप्यूटिंग क्षमता लगभग प्रत्येक दू वर्ष मे बढ़ैत रहल अछि। एहि प्रगति सं बिना हार्डवेयरक औसत आकार बढ़ौने बेसी शक्तिशाली कंप्यूटर तैयार करब संभव होइत छल। एकरा ऊर्ध्वाधर विस्तार अर्थात वर्टिकल स्केलिंग कहल जाइत छल। मुदा एआइक क्षेत्र मे तकनीकी विकासक गति एतेक तेज भए गेल अछि जे मात्र वर्टिकल स्केलिंगक माध्यम सं बढ़ैत आवश्यकता पूरा करब कठिन भए रहल अछि। एहि कारण बेसी कंपनी बेसी संख्या मे चिप जोड़ि कंप्यूटिंग क्षमता बढ़ा रहल अछि। एकरा हॉरिजॉन्टल स्केलिंग कहल जाइत अछि। एहि सं विद्युत-यांत्रिक बुनियादी ढांचा बढ़ैत अछि आ परिणामस्वरूप कचराक मात्रा सेहो बढ़ैत अछि। रिपोर्ट मे कहल गेल अछि जे एक-एक चिपक प्रत्येक नव पीढ़ी कें बेसी तेज बनयबाक बदला एआइ बुनियादी ढांचा समानांतर रूप सं काज करयबला विशेष चिपक बहुत पैघ संख्या लगा कए बढ़ाओल जा रहल अछि।

# चुनावी चंदाक मामिला मे राजनीतिक दल होथि जवाबदेह

अशोक

बीबीसीक हालक खोजी रिपोर्ट मे छह पंजीकृत मुदा अमान्यता प्राप्त राजनीतिक दल (आरयूपीपी) कें भेटल भारी-भरकम चंदाक पड़ताल भारतीय राजनीतिक व्यवस्थाक एक परिचित मुदा महत्वपूर्ण पक्ष कें उजागर करैत अछि। ई एहन प्रवृत्ति अछि जे चारूकात पसरल देखाइत अछि। राजनीतिक दल आ हुनका लाभ पहुंचेनिहार लोक एहि गठजोड़ सं लाभ उठबैत छथि, भले ई निंदनीय, गैर-कानूनी अथवा चिंताजनक किएक नहि लागय। एहि सं पहिने 18 जुलाई 2025 कें एसोसिएशन फॉर डेमोक्रेटिक रिफॉर्म्स (एडीआर) अपन रिपोर्ट जारी केने छल, जाहि मे कहल गेल छल जे वित्तीय वर्ष 2022-23 मे पंजीकृत मुदा अमान्यता प्राप्त राजनीतिक दलक घोषित आय मे 223 प्रतिशतक वृद्धि भेल। रिपोर्टक अनुसार, एहि श्रेणी मे आबयवला 2,764 दल मे मात्र 739 दल अपन वित्तीय अभिलेख चुनाव आयोगक समक्ष जमा केने छल। चुनाव आयोग कानूनक अनुसार राजनीतिक दलक भविष्य आ दिशा तय करयवला प्रमुख संस्था अछि। ह्यचुनाव प्रणाली कें स्वच्छ बनायबह्न शीर्षक सं 9 अगस्त 2025 कें जारी प्रेस नोट मे चुनाव आयोग कहल छल जे चुनावी व्यवस्था कें स्वच्छ बनयबाक व्यापक आ निरंतर रणनीतिक अंतर्गत 2,854 पंजीकृत मुदा अमान्यताप्राप्त राजनीतिक दल मे सं 334 दल कें सूची सं हटा देल गेल अछि। आब ई देखनाइ महत्वपूर्ण होयत जे चर्चा मे आएल ई छह दल चुनाव आयोगक एहि ह्यनिरंतर रणनीतिह्नक हिस्सा छथि वा नहि। 16 अक्टूबर 1994 कें चुनाव चिह्न (आरक्षण एवं आवंटन) आदेश, 1968 अंतर्गत तत्कालीन मुख्य चुनाव आयुक्त टीएन शेषन एक आदेश जारी कए देशक लगभग सभ राजनीतिक दल—मान्यताप्राप्त राष्ट्रीय अथवा राज्य स्तरीय दल आ पंजीकृत मुदा अमान्यताप्राप्त दल—मे व्याप्त खराब कार्यप्रणाली पर प्रश्न उठौने छलाह। हुनकर कहब छल जे हुनका एखन धरि एको एहन दल नहि भेटलनि जे अपन संविधान अथवा नियम-विनियमक प्रावधानक अनुरूप अपन कार्य करैत हो। हुनका द्वारा जारी आदेश मे सभ दल कें अपन कार्यप्रणाली सुधारबाक लेल नोटिस देल गेल छल आ कहल गेल छल जे चुनाव आयोग ह्यमूक दर्शकह्न बनि नहि रहत। लोक प्रतिनिधित्व अधिनियम, 1951क धारा 29-ए अंतर्गत पंजीकरणक बाद चुनाव आयोगक दिशानिर्देश मे कहल गेल अछि जे राजनीतिक दल कें अपन संविधान मे ई उल्लेख करबाक होयत जे पंजीकरणक पांच वर्षक भीतर ओ चुनाव लड़त। जं कोनो दल लगातार छह वर्ष धरि चुनाव नहि लड़ैत अछि तं ओकरा मान्यताप्राप्त दलक सूची सं हटाओल जा सकैत अछि। मुदा सूची सं हटेनाइ अर्थात डीलिस्टिंगक अर्थ पंजीकरण रद्द होयब नहि अछि, कारण चुनाव आयोग कें पंजीकरण रद्द करबाक अधिकार नहि अछि। एहि कारण पंजीकृत मुदा अमान्यताप्राप्त राजनीतिक दल मान्यता नहि रहितो धारा 29-बी अंतर्गत चंदा प्राप्त करबाक आ धारा 29-सी अंतर्गत आयकर मे छूट पाबयक अधिकार राखैत अछि। ह्यमान्यताह्नक प्रश्न चुनाव चिह्न आदेशक आदेश संख्या 6 सं निर्धारित होइत अछि, जाहि मे चुनाव चिह्न आवंटनक उद्देश्य सं मान्यताप्राप्त आ गैर-मान्यताप्राप्त राजनीतिक दलक बीच भेद कएल गेल अछि। एहि कारण, कोनो दल सूची सं हटा देल गेल हो अथवा अमान्यता प्राप्त श्रेणी मे हो, ओकरा चंदा प्राप्त करबाक अधिकार रहैत अछि। मुदा प्रश्न ई अछि जे एहन चंदा पर आयकर छूट भेटैत रहल अछि कि नहि, कारण सूची सं हटेबाक उद्देश्ये हुनका अयोग्य ठहरायब अछि। कॉमनवेल्थ ह्यूमन राइट्स इनिशिएटिवक वरिष्ठ अनुसंधानकर्ता वेंकटेश नायकक रिपोर्टक अनुसार, 2024क लोकसभा चुनावक समय 22 राजनीतिक दलक लग कुल 18,742.31 करोड़ रुपैया छल। एहि मे चुनावक घोषणा समय उपलब्ध धनराशि आ घोषणा सं चुनाव समाप्त होय धरि जुटाओल 7,416.31 करोड़ रुपैयाक चंदा शामिल छल। चुनाव आयोग कें देल गेल हिसाबक अनुसार, चुनावक बाद एहि दल सभक लग 14,848.46 करोड़ रुपैया बचल छल, जाहि मे नकद, बैंक खाता आ सावधि जमा शामिल छल। चुनाव संबंधी खर्चक बाद ई राशि बचल छल। अध्ययनक अनुसार, विगत दशक मे राजनीतिक चंदा पर भेटयवला कर छूटक कारण सरकारी खजानाक 11,813 करोड़ रुपैयाक नोकसान भेल। एहि मामिला मे निजी दानदाता आ हिंदू अविभाजित परिवार राजनीतिक दल कें चंदा देबाक मामिला मे कॉरपोरेट सं आगू रहल। वित्तीय वर्ष 2022-23 मे व्यक्तिगत दानदाता 2,275.85 करोड़ रुपैयाक कर छूटक दावा केने छलाह, जखन कि कॉरपोरेट 514.4 करोड़ आ फर्म तथा एसोसिएशन 115.71 करोड़ रुपैयाक दावा केने छल। राजनीतिक दल कें भेटल घोषित चंदा 2015-16 मे 43 दलक लेल 714 करोड़ रुपैया सं बढ़ि 2023-24 मे 27 दलक लेल 7,203 करोड़ रुपैया भए गेल। मुदा नौ वर्षक कुल 28,287 करोड़ रुपैयाक चंदा मे मात्र 41.76 प्रतिशत पर कर छूटक दावा कएल गेल। एहि सं शेष करीब 58 प्रतिशत रकम पर प्रश्न उठैत अछि। नायकक अनुसार, जं दानदाता कर छूट नहि चाहैत छलाह तं चंदा देबाक पाछां हुनका की प्रेरित करैत छल - पारदर्शिताक अभाव मे एकर उत्तर स्पष्ट नहि अछि। 2018 मे सत्तारूढ़ दल द्वारा इलेक्टोरल बॉन्डक रूप मे आनल गेल सुधार राजनीतिक चंदाक व्यवस्था पर गोपनीयताक एकटा मोट परदा ठाढ़ कए देलक। सुप्रीम कोर्ट 2024 मे एकरा असंवैधानिक घोषित कए देलक, मुदा बाद मे सामने आएल चंदा सं जुड़ल जानकारी एहन कतेको प्रश्न ठाढ़ कएलक, जाहि सभक उत्तर एखन धरि स्पष्ट नहि भेल अछि। अधिकांश पंजीकृत मुदा अमान्यताप्राप्त दल इलेक्टोरल बॉन्ड पाबयक योग्ये नहि छलाह, कारण ई सुविधा ओहि दल सभ धरि सीमित छल जे हालक लोकसभा अथवा विधानसभा चुनाव मे कम सं कम एक प्रतिशत मत प्राप्त केने छल। तखन प्रश्न उठैत अछि जे ई चंदा के देलक आ किएक देलक। राजनीतिक दल सभक पारदर्शिता बरतबा मे रुचि कम रहल अछि। केंद्रीय सूचना आयोगक 2013क ओ आदेश, जाहि अंतर्गत राजनीतिक दल सभ कें सूचना अधिकार अधिनियमक दायरा मे आनबाक बात कहल गेल छल, ओकरा टारबाक लेल दल सभ एकजुट भए गेल। आयकर विभाग सेहो राजनीतिक दलक खाताक जांच कें सामान्य करदाताक खाताक जांच जतेक प्राथमिकता नहि दैत होयत। चुनाव आयोगक लग सेहो एहि लेल पर्याप्त अधिकार, इच्छाशक्ति आ संसाधन नहि अछि। एहि पृष्ठभूमि मे लेख मे सुप्रीम कोर्टक न्यायिक निगरानी मे इलेक्टोरल बॉन्ड आ कथित लेन-देन मामिलाक जांच करबाक आवश्यकता पर जोर देल गेल अछि। एहि मे ओ छोट राजनीतिक दल सेहो शामिल छथि, जिनका भारी चंदा भेटल आ हुनका द्वारा खर्च सेहो देखाओल गेल, मुदा चुनावी प्रक्रिया मे हुनकर सक्रियता स्पष्ट नहि देखल गेल। लेखकक मत अछि जे संविधानक अनुच्छेद 324 अंतर्गत चुनाव आयोग राजनीतिक दल सभ कें अपन खाताक नियंत्रक एवं महालेखा परीक्षक अथवा हुनका द्वारा नामित व्यक्ति सं लेखा-परीक्षण करयबाक निर्देश दए सकैत अछि। चुनावक समय राजनीतिक दलक खर्च पर सीमा तय करबाक विषय पर सेहो विचार होयबाक चाही। चंदा पर भेटयवला कर छूट कें चुनावी खर्चक सीमा सं जोड़ल जाय आ अन्य सभ प्रकारक चंदा पर पूरा कर लगाओल जाय।



# बिहार, महाराष्ट्र आ आब यूपी...

## ओवैसीक गठबंधनक फॉर्मूला कतेक सफल

कहल जाइत अछि जे दिल्लीक रास्ता उत्तर प्रदेश सं होइत कए जाइत अछि... आ एहि राजनीतिक बाट पर सभक नजरि रहैत अछि। उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव होए मे आब किछुए महीनाक समय बचल अछि। एहन स्थिति मे प्रदेशक राजनीतिक शतरंज पर सभ अपन-अपन दांव चलेबाक तैयारी मे छथि। मुदा एहि ओवैसी बीजेपी कें हराबय लए संग आबिकए चुनाव लड़बाक खुला प्रस्ताव देलनि, तं दोसर दिस एकटा शर्त सेहो रखलनि। राजनीतिक पार्टी सभ, खास कए सपा आ कांग्रेस कें प्रस्ताव दैत असदुद्दीन ओवैसी कहलनि जे उत्तर प्रदेश मे कोनो एकटा दल एकसर बीजेपी कें नहि रोकि सकैत अछि। जं केओ नहि चाहैत अछि जे बीजेपी

### आंकड़ा बता रहल पूरा किस्सा

दांव-पेंच सं पहिने राज्य मे एकटा चेहराक खूब चर्चा अछि। ऑल इंडिया मजलिस-ए-इत्तेहादुल मुस्लिमीन (एआईएमआईएम)क प्रमुख असदुद्दीन ओवैसी एहि दिन मे उत्तर प्रदेश मे बहुत सक्रिय देखाइ पड़ि रहल छथि। मुस्लिम वोटक सहाराक संग ओ प्रदेशक राजनीति मे एआईएमआईएमक जगह बनेबाक प्रयास कए रहल छथि।

हालहि मे उत्तर प्रदेश मे चुनावी गठबंधन कें लए ओ एकटा एहन बयान देलनि, जाहि सं राज्यक राजनीति मे बहुत हलचल देखल गेल। एक दिस सरकार बनाबय, तं ओ हुनका सभ सं बातचीत कए सकैत अछि। ओ कहलनि जे बीजेपी कें सत्ताक बाहर राखबाक लए ओ सभक संग देबाक लए तैयार छथि। मुदा ई बुझनाइ जरूरी अछि जे एकसर बीजेपी कें नहि रोकल जा सकैत अछि।

ओवैसी कहलनि जे ओ बिहार मे सेहो गैर-बीजेपी दल सभ कें एक संग आबयक अपील केने छलाह, मुदा हुनकर बात नहि मानल गेल आ राज्य मे बीजेपी गठबंधनक सरकार बनि गेल। ओवैसीक एहि बयानक बाद एकटा पैघ



सवाल उठि रहल अछि जे एआईएमआईएम एखन धरि जाहि दल सभक संग चुनावी तालमेल केने अछि, ओ सभ कें कतेक लाभ आ नोकसान भेल? ओवैसी उत्तर प्रदेश सं पहिने महाराष्ट्र, बिहार आ तेलंगाना मे पार्टी सभक संग गठबंधन मे चुनाव लड़ि चुकल छथि। एहन मे एहि राज्य सभ मे एआईएमआईएम आ गठबंधन करनिहारि पार्टी सभक प्रदर्शन केहन रहल, ई आंकड़ा सं बुझल जा सकैत अछि। निर्वाचन आयोगक उपलब्ध चुनावी आंकड़ा सेहो एहि चुनाव सभक परिणामक जानकारी दैत अछि।

ओवैसीक राजनीतिक जमीनक आधार तेलंगाना अछि। हैदराबाद मे हुनकर पिता जाहि पार्टीक शुरूआत केने छलाह, आब ओवैसी ओकरा आगू बढ़ा रहल छथि। हैदराबाद हुनकर राजनीतिमक सब सं मजबूत आधार रहल अछि। 2023 मे भेल विधानसभा चुनाव मे ओवैसीक पार्टी 9 सीट पर चुनाव लड़लक आ 7 सीट पर जीत हासिल कएलक। निर्वाचन आयोगक आंकड़ा अनुसार एआईएमआईएम 9 सीट पर उम्मीदवार उतारि 7 सीट जीतलक आ ओकर वोट हिस्सा 2.23 प्रतिशत रहल। 2024क लोकसभा चुनाव मे हैदराबाद सं ओवैसी सेहो जीत हासिल केने छलाह।

2018 मे तेलंगाना विधानसभा चुनावक बात करी तं तखन एआईएमआईएम आ तत्कालीन तेलंगाना राष्ट्र समिति बीच औपचारिक गठबंधनक बदला दोस्ताना तालमेल छल। एआईएमआईएम 8 सीट पर चुनाव लड़लक आ 7 सीट जीतलक। मुदा टीआरएस कें एकर लाभ नहि भेटल आ मुस्लिम वोट कांग्रेसक पक्ष मे गेलाक बात एहि विश्लेषण मे कहल गेल अछि। महाराष्ट्र मे एआईएमआईएम प्रकाश आंबेडकरक वंचित बहुजन आघाड़ी संग गठबंधन केने छल। 2019क लोकसभा चुनाव मे वंचित बहुजन आघाड़ी एआईएमआईएमक संग मिलि कए 47 सीट पर चुनाव लड़लक। तखन वंचित बहुजन आघाड़ी कें एको सीट पर जीत नहि भेटल, जखनकि औरंगाबाद सीट पर एआईएमआईएम जीत हासिल कएलक। 2024क लोकसभा चुनाव मे वंचित बहुजन आघाड़ी कांग्रेसक गठबंधनक संग चुनाव लड़लक।

तेलंगानाक बाद बिहार मे सेहो ओवैसीक पार्टीक प्रभाव देखाइ पड़ल। 2020क विधानसभा चुनाव मे एआईएमआईएम 20 सीट पर चुनाव लड़लक। एहि मे 5 सीट अमौर, बहादुरगंज, बायसी, जोकीहाट आ कोचाधामन–पर ओवैसीक पार्टी जीत हासिल कएलक। ई पांचू सीट 2015 मे महागठबंधनक कब्जा मे छल। बाद मे एआईएमआईएमक चारि विधायक आरजेडी मे शामिल भए गेलाह। एहि चुनाव मे एआईएमआईएम उपेंद्र कुशवाहाक राष्ट्रीय लोक समता पार्टी आ मायावतीक बहुजन समाज पार्टीक संग मिलि कए चुनाव लड़लक। दूनू पार्टी कें खास लाभ नहि भेल; बसपा कें एकटा सीट भेटल आ राष्ट्रीय लोक समता पार्टी अपन खाता नहि खोलि सकल। 2025क विधानसभा चुनाव मे सेहो ओवैसीक पार्टी पांच सीट पर जीत हासिल कएलक। एहि मे जोकिहाट, बहादुरगंज, कोचाधामन, अमौर आ बायसी सीट शामिल अछि। ई सभ पांचू सीट मुस्लिम बहुल सीमांचल क्षेत्र मे अछि। एआईएमआईएम 2017क यूपी विधानसभा चुनाव 38 सीट पर लड़लक। 37 सीट पर पार्टीक जमानत जब्त भए गेल छल। एहि चुनाव मे एआईएमआईएम कें 2,04,142 वोट भेटल छल। 2022क विधानसभा चुनाव मे एआईएमआईएम 95 सीट पर चुनाव लड़लक आ ओकरा मात्र 0.49 प्रतिशत वोट भेटल, मुदा कोनो सीट पर जीत नहि भेटल। निर्वाचन आयोगक चुनावी अभिलेख मे 2017 आ 2022क उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनावक विस्तृत परिणाम उपलब्ध अछि।

2024क लोकसभा चुनाव मे उत्तर प्रदेश मे एआईएमआईएम पल्लवी पटेलक अपना दल कमेरावादी सहित कतेको दलक संग मिलि कए पीडीएम न्याय मोर्चा बनौलक। ई मोर्चा सपा प्रमुखक पीडीए फॉर्मूलाक विकल्पक रूप मे पेश कएल गेल छल, जाहि मे पिछड़ा, दलित आ मुसलमानक बात कहल गेल। एहि मोर्चा 25 सीट पर उम्मीदवार उतारलक, मुदा एआईएमआईएमक एको उम्मीदवार एहि 25 सीट मे नहि छल। 2017 सं 2024 धरि गठबंधनक प्रयोग हो अथवा एकसर चुनाव लड़बाक रणनीति, उत्तर प्रदेश मे एआईएमआईएमक चुनावी प्रदर्शनक आंकड़ा मे एखन धरि कोनो विधानसभा सीटक जीत दर्ज नहि भेल अछि। 2022 मे सेहो पार्टी कोनो सीट नहि जीतलक।

# जंतर-मंतर पर सरकार सं सवाल
# डीयूएसयू चुनाव मे एबीवीपी कें वोट

पेपर लीकक विरुद्ध युवा सभ जंतर-मंतर पर आंदोलन कएलनि, सरकार सं सवाल पूछलनि आ फेर दिल्ली विश्वविद्यालय छात्र संघ (डीयूएसयू) चुनाव मे राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघक छात्र संगठन आ बीजेपी समर्थित अखिल भारतीय विद्यार्थी परिषद (एबीवीपी) चारि मे सं तीन पद पर जीत हासिल कएलक। ई सवाल उठैत अछि जे एकरा केहन राजनीतिक संदेशक रूप मे देखल जाए? डीयूएसयू 2026 चुनाव मे एबीवीपी अध्यक्ष, सचिव आ संयुक्त सचिव पद जीतलक, जखनकि उपाध्यक्ष पद निर्दलीय उम्मीदवार दीपांशु शौकीन जीतलनि। बीजेपीक अनुसार, एहि परिणाम सं ई देखाइत अछि जे युवा सभक भरोसा कोन दिस अछि। मुदा डीयूएसयू चुनावक परिणाम कें मात्र जेन जीक राजनीतिक पसंदक सीधा प्रमाण मानब उचित नहि होयत। दिल्ली विश्वविद्यालयक छात्र राजनीति मे राष्ट्रीय मुद्दाक संग जातीय आ क्षेत्रीय समीकरण, उम्मीदवारक व्यक्तिगत पकड़ आ संगठनक जमीनी ताकत सेहो महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। एहि चुनाव मे अध्यक्ष पद पर




एबीवीपीक यश डबास एनएसयूआईक विजय शंकर मीणा कें 2,053 वोट सं हरौलनि। उपाध्यक्ष पद पर निर्दलीय दीपांशु शौकीन 30,615 वोट लए जीतलनि। एखनहुं दूरी रहि गेल पेपर लीक आ परीक्षा मे गड़बड़ीक विरुद्ध जंतर-मंतर पर युवा सभक आंदोलन ई संकेत देलक जे परीक्षा आ रोजगारक सवाल नव पीढ़ी लए महत्वपूर्ण मुद्दा अछि। राहुल गांधी सेहो एहि सवाल सभ कें राजनीतिक बहसक हिस्सा बनेबाक प्रयास केने छथि। मुदा डीयू मे कांग्रेसक छात्र संगठन एनएसयूआई कें एकर चुनावी लाभ नहि भेटल। एहि चुनाव मे एनएसयूआई केंद्रीय पैनलक एको पद नहि जीत सकल। कोनो मुद्दा पर सरकार सं नाराज होनाइ आ ओहि नाराजगीक वोट कांग्रेस कें देनाइ, दूनू अलग बात अछि। एहि कारण डीयूएसयू परिणाम कें राहुल गांधी द्वारा युवा सभक बीच कएल गेल कार्यक्रमक सफलता अथवा असफलता सं जोड़ि कए देखबाक बदला ई बुझनाइ महत्वपूर्ण अछि जे युवा सभक मुद्दा उठेबाक आ हुनकर राजनीतिक पसंद बनेबाक बीच एखनहुं दूरी अछि।

**युवा सभ कें एकटा राजनीतिक खांचा मे नहि राखू :** दिल्ली विश्वविद्यालय मे देशक अलग-अलग हिस्सा सं युवा पढ़बाक लए अबैत छथि। एहि कारण डीयूएसयू चुनावक परिणाम कें देशभरि युवा सभक पसंद अथवा निर्णयक सीधा प्रतिनिधि माननाइ उचित नहि होयत। खास कए आगू उत्तर प्रदेश, उत्तराखंड आ पंजाब मे होएबला चुनावक पृष्ठभूमि मे एहि परिणाम कें राजनीतिक नैरेटिव बनेबाक लए इस्तेमाल कएल जा सकैत अछि। ई तीनू राज्यक राजनीति अलग अछि, मुदा युवा सभक लए रोजगार, भर्ती परीक्षा आ शिक्षा सभ ठाम महत्वपूर्ण मुद्दा अछि। जेन जी बीजेपीक संग अछि अथवा कांग्रेसक विरुद्ध अछि, एहन कोनो सीधा निष्कर्ष मात्र डीयूएसयू चुनावक परिणाम सं निकालल नहि जा सकैत अछि। सवाल ई अछि जे युवा सभ जाहि मुद्दा पर सवाल उठा रहल छथि, की राजनीतिक दल सभ ओहि मुद्दा कें सुनबाक संग हुनकर भरोसा सेहो जीत पाबि रहल छथि? डीयू मे एबीवीपीक जीत, एनएसयूआईक हारि आ निर्दलीय उम्मीदवारक सफलता सं छात्र राजनीति मे अलग-अलग प्रवृत्ति देखाइ पड़ैत अछि। एहि परिणाम सं ई जरूर देखाइत अछि जे युवा सभ कें कोनो एकटा राजनीतिक खांचा मे राखि कए बुझनाइ सरल नहि अछि।

## यूपी-उत्तराखंडक 11 राज्यसभा सीट पर चुनावक घोषणा, मतदान आ परिणामक तारीख तय

चुनाव आयोग उत्तर प्रदेश आ उत्तराखंडक 11 राज्यसभा सीट लए द्विवार्षिक चुनावक कार्यक्रम घोषित केने अछि। एकर संगहि पश्चिम बंगालक एकटा रिक्त राज्यसभा सीट पर उपचुनाव सेहो कराओल जाएत। तीनू राज्य मे मतदान 16 अक्टूबर 2026 कें होयत। आयोगक अनुसार, उत्तर प्रदेशक 10 आ उत्तराखंडक एकटा राज्यसभा सीट पर वर्तमान सदस्य सभक कार्यकाल नवंबर 2026 मे समाप्त भए रहल अछि। ओतहि पश्चिम बंगाल सं राज्यसभा सदस्य रुक्मिणी मल्लिक 16 जुलाई 2026 कें इस्तीफा देलनि, जाहि कारण एकटा सीट रिक्त भेल छल। एहि सीट पर कार्यकाल 2 अप्रैल 2032 धरि छल।




रिक्त सीट कें भरबाक लए उपचुनाव कराओल जाएत। एहि 11 सीट मे 8 सीट बीजेपी, 1 सीट सपा आ 1 सीट बसपाक अछि। डॉ. दिनेश शर्माक कार्यकाल सेहो 25 नवंबर धरि छल। मुदा अंडमान आ निकोबारक उपराज्यपाल बनलाक बाद ओ इस्तीफा देलनि, जाहि कारण हुनकर सीट पर सेहो चुनाव होयत। सपा दिस सं पार्टीक प्रमुख राष्ट्रीय महासचिव रामगोपाल यादव आ बसपा दिस सं रामजी गौतमक कार्यकाल समाप्त होएत। पश्चिम बंगाल सं तृणमूल कांग्रेस (टीएमसी)क राज्यसभा सदस्य रुक्मिणी मल्लिक 16 जुलाई 2026 कें राज्यसभा सदस्यता सं इस्तीफा देलनि। ओ ममता बनर्जी नेतृत्व बला तृणमूल कांग्रेस सं जुड़ल छलथि। हुनका फरवरी 2026 मे राज्यसभा लए नामित कएल गेल छल, जाहि कें बाद अप्रैल 2026 मे ओ राज्यसभा सांसदक रूप मे शपथ लेलनि। पश्चिम बंगाल मे ममता बनर्जी नेतृत्व बला टीएमसी सत्ताक बाहर भेलाक बाद राज्यसभा सदस्यता सं इस्तीफा देनिहारि रुक्मिणी मल्लिक पार्टीक चारिम सांसद छलथि। एकरा पहिने टीएमसीक राज्यसभा सांसद सुखेंदु शेखर राय, सुष्मिता देव आ प्रकाश चिक बराइक सेहो उच्च सदनक सदस्यता सं इस्तीफा दे चुकल छलाह।

# यूपीक ओ 50 सीट, जतय 10 हजार सं कम वोट सं बदलि गेल 2022क चुनाव!



लखनऊ/एजेंसी

समाजवादी पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव प्रदेशक सभ 403 विधानसभा सीट पर कम सं कम 27 हजार वोट बढ़ेबाक लक्ष्य तय केने छथि। हुनकर ई बयान मात्र चुनावी नारा नहि, बल्कि चुनावी गणनाक हिस्सा मानल जा रहल अछि। 2022क विधानसभा चुनाव मे करीब 50 एहन सीट छल, जतय 10 हजार सं कम वोटक भेद सं जीत-हारि तय भेल छल। एहि मे बेसी सीट पर बीजेपी अथवा ओकर सहयोगी दलक जीत भेल छल। आब सपा 27 हजार वोट बढ़ाकए कम भेद बला विधानसभा सीट पर जीत हासिल करबाक लक्ष्य बना रहल अछि।

**की अछि राजनीतिक लक्ष्य :** पछिला विधानसभा चुनाव मे कुल 15 सीट एहन छल जतय जीत आ हारिक भेद 1000 सं सेहो कम छल। एहि 15 सीट मे सं 6 सीट समाजवादी पार्टी जीतलक, जखनकि 8 सीट पर बीजेपी जीत हासिल कएलक। एकटा सीट पर निषाद पार्टीक रमेश सिंह जीतल छलाह। ओहिना 14 सीट एहन छल जतय जीत-हारिक भेद 1000 सं 2000 वोटक बीच छल। एहि मे 7 सीट बीजेपी, 4 सीट सपा आ 2 सीट अपना दल (सोनेलाल) जीतलक, जखनकि एकटा सीट पर कांग्रेस कें जीत भेटल।

**आब अखिलेशक ओहि सीट पर नजरि**

**सपा 27 हजार वोटक लक्ष्य राखलक :** एकर अतिरिक्त कुल 8 सीट एहन छल जतय जीतक भेद 2000 सं 3000 वोटक बीच छल। एहि मे सं 5 सीट पर समाजवादी पार्टी आ 3 सीट पर बीजेपी जीत हासिल कएलक। ओहिना 3000 सं 4000 वोटक भेद बला कुल 7 सीट छल। एहि मे सपा कें 4, बीजेपी कें 2 आ अपना दल (एस) कें एकटा सीट पर जीत भेटल। 4000 सं 5000 वोटक भेद सं जीत-हारि बला कुल 9 सीट छल। एहि मे सं 7 सीट बीजेपीक खाता मे गेल आ सपा मात्र 2 सीट जीत सकल। राजनीतिक जानकारक अनुसार, अखिलेश यादवक 27 हजार वोट बढ़ेबाक लक्ष्य एहन सीट सभ कें ध्यान मे राखि कए तैयार कएल गेल अछि।

**सपाक पीडीए पर फोकस :** सपाक रणनीतिक केंद्र पिछड़ा वर्ग, दलित आ मुस्लिम मतदाता रहल अछि। मुदा 2024क लोकसभा चुनावक बाद पार्टी गैर-यादव ओबीसी, अति पिछड़ा वर्ग आ युवा सभ मे सेहो अपन पहुंच बढ़ेबाक प्रयास तेज केने अछि। 27 हजार वोट बढ़ेबाक लक्ष्य एहि सामाजिक विस्तार दिस एकटा कदम मानल जा रहल अछि।

**पार्टी कें ग्राउंड पर सक्रिय करबाक प्रयास :** पार्टी नेताक मानब अछि जे जं प्रत्येक बूथ पर नव समर्थक जोड़बाक, मतदाता सभ कें सक्रिय करबाक आ संगठनक पहुंच गाम स्तर धरि बढ़ेबाक योजना सफल भेल तं बीजेपीक मजबूत गढ़ मे सेहो मोकाबला कठिन बनाओल जा सकैत अछि। सपा प्रमुखक एहि बयान कें संगठन कें ग्राउंड लेवल पर सक्रिय करबाक प्रयासक रूप मे सेहो देखल जा रहल अछि। अखिलेश विधानसभा क्षेत्रवार लक्ष्य दए संगठन कें पहिने सं सक्रिय करबाक प्रयास मे छथि।

# समस्तीपुर मे ई-ऑफिस प्रणालीक शुरुआत

## ग्रामीण विकास विभाग सं होयत पहल

समस्तीपुर, समदिया



समस्तीपुर जिला मे कार्यालयी काज कें पारदर्शी, त्वरित आ पेपरलेस बनेबाक दिशा मे जिला प्रशासन महत्वपूर्ण पहल शुरू केलक अछि। आब जिला मे ई-ऑफिस प्रणाली लागू कएल जायत। एकर शुरुआत ग्रामीण विकास विभाग सं होयत आ बाद मे चरणबद्ध ढंग सं अन्य सभ विभाग आ कार्यालय कें एहिप्रणाली सं जोड़ल जायत। उप विकास आयुक्त सूर्य प्रताप सिंह, भा.प्र.से.क निर्देशपर बुधदिन जिला ग्रामीण विकास अभिकरण (डीआरडीए) कार्यालय परिसर मे ई-ऑफिसक प्रभावी क्रियान्वयन लेल एक दिवसीय प्रशिक्षण कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता उप विकास आयुक्त सूर्य प्रताप सिंह स्वयं केलनि।एहि अवसरपर उप विकास आयुक्त कहलनि जे समस्तीपुर मे सर्वप्रथम ग्रामीण विकास विभाग मे ई- ऑफिस प्रणाली लागू कएल जायत। एहि प्रणालीक अनुभव आ तकनीकी तैयारीक आधारपर क्रमशःजिलाक अन्य सभ विभाग आ कार्यालय मे सेहो एकर विस्तार कएल जायत। ओ कहलनि जे ई-ऑफिसकमाध्यम सं संचिकाक ऑनलाइन संधारण आ निष्पादन कएल जायत। एहि सं कार्यालयी काज मेपारदर्शिता, जवाबदेही आ समयबद्धता सुनिश्चित करब आसान होयत। कागजी काज कम भेला संकार्यालयक प्रक्रिया बेसी सुव्यवस्थित आ दक्ष बनत। संचिकाक आवाजाही, अग्रसारण आ अनुमोदनक प्रक्रिया मे सेहो तेजी आयत। प्रशिक्षण कार्यक्रम मे डीआरडीए आ जिला विकास शाखाक सभ कर्मी, जिलाकसभ प्रखंडक कर्मी आ प्रखंड विकास पदाधिकारी सभ भाग लेलनि। प्रशिक्षणक उद्देश्य अधिकारी आ कर्मीसभ कें ई-ऑफिस प्रणालीक व्यवहारिक जानकारी देब आ एकर उपयोग मे दक्ष बनायब छल। प्रशिक्षण सूचना प्रौद्योगिकी विभाग, पटनाक प्रोजेक्ट इंजीनियर (ई-ऑफिस) वैभव कुमार देलनि। ओ ई-ऑफिसकतकनीकी पक्ष, ऑनलाइन संचिका निर्माण, संचिकाक अग्रसारण आ अनुमोदनक प्रक्रियाक व्यवहारिक प्रशिक्षण देलनि। एहि दौरान एनआइसी, समस्तीपुरक टीम तकनीकी सहयोग प्रदान केलक। जिला प्रशासनक एहि पहल सं कार्यालयी काज मे कागजक उपयोग घटबाक संग-संग संचिका निष्पादन मेतेजी आ पारदर्शिता आबबाक अपेक्षा अछि।

# डीएम आ एसएसपी केलनि वृहद आश्रय गृहक निरीक्षण

## बच्चा सभ कें गुणवत्तापूर्ण भोजन आ नीक स्वास्थ्य सुविधा देबाक निर्देश

दरभंगा, समदिया



जिलाधिकारी कौशल कुमार एवं वरीय पुलिस अधीक्षक जगुनाथ रड्डी जला रड्डी मंगल कें भराठी स्थितवृहद आश्रय गृहक संयुक्त रूप सं निरीक्षण केलनि। एहि दौरान अधिकारी सभ आश्रय गृह मे रहनिहारबच्चा सभ कें उपलब्ध कराओल जा रहल सुविधा, सुरक्षा व्यवस्था, भोजन, स्वास्थ्य सेवा आ साफ-सफाइकस्थितिक जायजा लेलनि।जिलाधिकारी सभ सं पहिने आश्रय गृहक प्रवेश द्वार आ सुरक्षा व्यवस्थाक निरीक्षण केलनि। ओ ओतयतैनात होमगार्ड जवान कें पूर्ण सतर्कता आ सक्रियताक संग अपन दायित्वक निर्वहन करबाक निर्देश देलनि। तकर बाद बच्चासभक रहबाक व्यवस्था, भोजन, पेयजल, स्वास्थ्य सुविधा, साफ-सफाइ सहित अन्यव्यवस्थाक जानकारी संबंधित कर्मी सभ सं लेलनि। जिलाधिकारी आश्रय गृह मे रहनिहार बच्चा सभ संभेंट कए हुनका भेटि रहल सुविधाक संबंध मे फीडबैक सेहो लेलनि। ओ भोजनक गुणवत्ता, समयपर भोजनभेटबाक स्थिति, स्वास्थ्य सुविधा, परिसरक स्वच्छता सहित अन्य आवश्यक व्यवस्थाक संबंध मे बच्चासभ सं जानकारी प्राप्त केलनि। बच्चासभक फीडबैकक आधारपर संबंधित अधिकारी आ कर्मी सभ केंव्यवस्था मे निरंतर सुधार सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। वरीय पुलिस अधीक्षक सेहो आश्रय गृहकसुरक्षा व्यवस्थाक जायजा लेलनि। ओ सुरक्षा कर्मी सभ कें पूर्ण सतर्कताक संग अपन कर्तव्यक निर्वहनकरबाक निर्देश देलनि। आश्रय गृहक सुरक्षा व्यवस्था आर मजबूत रखबाक पर विशेष जोर देलनि।निरीक्षणक दौरान सहायक समाहर्ता कल्पना रावत, विशेष पुलिस इकाइक नोडल पदाधिकारी उदय शंकर, सिविल सर्जन डॉ. अरुण कुमार, सहायक निदेशक जिला बाल संरक्षण इकाइक अनिमेष कुमार चंद्र, जिला प्रोग्राम पदाधिकारी आइसीडीएस चांदनी सिंह सहित संबंधित पदाधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलाह।

# इंद्र पूजाक अवसर पर निकलल कलश यात्रा मे शामिल भेलाह विधायक

मनीगाछी, समदिया



गंगौली कनकपुर मे इंद्र पूजा समितिक तत्वावधान मे आयोजित पहिल इंद्र पूजाक पावन अवसरपर भव्य कलश यात्रा निकालल गेल। कलश यात्रा मे दरभंगा ग्रामीण विधानसभा क्षेत्रक विधायक राजेश कुमार मंडल उर्फ ईश्वर मंडल सेहो शामिल भेलाह। श्रद्धालुसभक उपस्थिति मे आयोजित धार्मिक कार्यक्रम संगामक वातावरण भक्तिमय बनल रहल। एहि अवसरपर विधायक ईश्वर मंडल देवराज इंद्रक विधिवतपूजा-अर्चना कए क्षेत्रवासीसभक सुख, शांति आ समृद्धिक मंगलकामना केलनि। ओ उत्तम बरखा होय आ क्षेत्र मे खुशहाली आबय, एकर लेल सेहो प्रार्थना केलनि। विधायक कहलनि जे धार्मिक आयोजन लोक सभ कें एक-दोसरा सं जोड़बाक आ सामाजिक समरसता कें मजबूत करबाक माध्यम अछि। एहन आयोजन मे समाजक सभ वर्गक सहभागिता सं आपसी भाईचारा आर मजबूत होइत अछि। कलश यात्रा मे पैघ संख्या मे महिला, युवा आ श्रद्धालु सभ भाग लेलनि। श्रद्धालु सभ धार्मिक जयघोष करैत यात्रा मे शामिलभेलाह। विधायक पूजा समितिक सदस्य, मातृशक्ति आ समस्त श्रद्धालु जनक प्रति आभार व्यक्त केलनि। ओ पहिल इंद्र पूजाक सफल आयोजन लेल समितिक सदस्य सभ कें बधाइ देलनि आ आगू सेहो एहि तरहक धार्मिक आ सामाजिक आयोजन निरंतर करैत रहबाक शुभकामना देलनि।कार्यक्रम मे पूजा समितिक अध्यक्ष अरुण मुखिया, सचिव बैद्यनाथ कमती, कोषाध्यक्ष आशीष कुमारमंडल, संचालक नुनु झा आ लाल मंडल, मुखिया शंकर मिश्र, संतोष कुमार सिंह, मुरारी मोहन मिश्र, परितोषकुमार यादव, अमलेश कुमार कर्ण, दीपक झा, राजीव मंडल, भोला कमती, रौशन यादव, विंदेश्वर मंडल, शंभुचौधरी, अभिषेक मंडल सहित सैकड़ो स्थानीय ग्रामीण आ कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

# अंचलाधिकारीक अध्यक्षता मे जनसुनवाइ आयोजित

सोनबरसा, समदिया



प्रखंड मुख्यालय स्थित अंचल कार्यालयक सभाकक्ष मे औद्योगिक क्षेत्रक स्थापना लेल मौजा दोस्तियां आजयनगरक भू-अर्जन सं प्रभावित हितबद्ध रैयतसभक पुनर्वास आ पुनर्व्यवस्थापन सं संबंधित जनसुनवाइआयोजित कएल गेल। जनसुनवाइक अध्यक्षता अंचलाधिकारी पंकज कुमार केलनि। जनसुनवाइक दौरानदोस्तियां आ जयनगर मौजाक विभिन्न रैयत सभ भू-अर्जन, पुनर्वास आ पुनर्व्यवस्थापन सं जुड़ल अपन-अपन समस्या आ मांग राखलनि। रैयत सभ मुआवजा, पुनर्वास, भूमि सं संबंधित अभिलेख तथा अन्यप्रक्रियात्मक मामिला सं जुड़ल अपन बात अधिकारीक समक्ष रखलनि। अंचलाधिकारी पंकज कुमार जनसुनवाइ मे उपस्थित रैयतसभक समस्या गंभीरता सं सुनलनि आ संबंधितमामिलाक जानकारी लेलनि। ओ कहलनि जे जनसुनवाइक उद्देश्य प्रभावित रैयतसभक समस्या सामनेआनब आ नियमानुसार ओकर समाधान सुनिश्चित करब अछि। ओ कहलनि जे रैयत सभ द्वारा उठाओल गेल समस्या आ सुझाव सं वरीय पदाधिकारी सभ कें अवगत कराओल जाएत। नियमानुसार आवश्यककारबाइ करैत समस्याक समयपर निराकरण सुनिश्चित कएल जाएत। भू-अर्जन आ पुनर्वास सं संबंधितप्रक्रिया मे प्रभावित रैयतसभक हित कें ध्यान मे राखि नियमानुसार कारबाइ करबाक बात सेहो ओ कहलनि। जनसुनवाइक दौरान संबंधित कर्मी आ अधिकारी सभ कें आवश्यक दिशा-निर्देश देल गेल। एहि अवसरपर पैघ संख्या मे संबंधित रैयत आ ग्रामीण उपस्थित छलाह। अधिकारी सभ द्वारा हुनकर समस्यासुनि उचित कारबाइक भरोसा देल गेलाक बाद रैयत सभ सेहो अपन समस्याक शीघ्र समाधानक उम्मीद व्यक्त केलनि।

# बैंक सं निकालल 40 हजार टाकाक झोरा काटि 20 हजार उड़ेलक

रोसड़ा, समदिया



बाजार मे बैंक सं रुपैया निकालि खरीदारी करबाक लेल पहुंचल महिलाक झोरा सं 20 हजार रुपैया चोरीभए गेल। घटना पछाति बाजार मे किछु समय लेल अफरातफरीक स्थिति बनि गेल। पीड़ित महिलाककहब अछि जे ओ अपन बेटाक संग रोसड़ा बाजार पहुंचल छलथि। बैंक सं ओ 40 हजार रुपैयाक निकासीकेने छलथि। रुपैया एकटा झोरा मे राखि ओ बाजारक एकटा दोकानपर सामान कीनबाक लेल गेलीह। एहिबीच अज्ञात व्यक्तिद्वारा झोरा काटि ओकरा मे राखल 20 हजार रुपैयाक एकटा बंडल निकालि लेल गेल।महिला कें घटनाक जानकारी तखन भेल, जखन सामान कीनलाक बाद ओ अपन झोरा देखलीह। झोरा कटल देखलाक बाद चोरीक जानकारी भेल। घटनाक बाद दोकान मे लागल सीसीटीवी कैमरेक फुटेज खंगारल गेल। फुटेज मे काठ मे बच्चा लेने एकटा महिला संदिग्ध रूप मे देखाइ पड़ि रहल अछि।हालांकि, चोरीक घटना मे हुनकर संलिप्तताक एखन धरि पुष्टि नहि भेल अछि। नगर इंस्पेक्टर सहथानाध्यक्ष लालबाबू कुमार कहलनि जे घटनाक सूचना भेटल अछि। हालांकि, पीड़िताक दिस सं एखन धरिथाना मे लिखित आवेदन नहि देल गेल अछि। लिखित आवेदन भेटलाक बाद मामिला मे आगांक कारबाइकएल जायत।

# सीएम साइंस कॉलेजक दू स्वयंसेवक शीर्ष 20 मे चयनित

दरभंगा, समदिया




बिहार राज्य आपदा प्रबंधन प्राधिकरण, पटनाक प्रायोजन मे आ राष्ट्रीय सेवा योजना, ललित नारायणमिथिला विश्वविद्यालय, दरभंगाक आयोजन मे चौथ युवा आपदा मित्र आवासीय प्रशिक्षण शिविर 16 सं22 सितंबर 2026 धरि जुबिली हॉल, दरभंगा मे आयोजित कएल गेल। सात दिवसीय एहि प्रशिक्षण शिविरमे दरभंगा, मधुबनी आ समस्तीपुर जिलाक कुल 200 प्रतिभागी शामिल भेलाह। प्रशिक्षणक दौरान सीएमसाइंस कॉलेज, दरभंगाक दू स्वयंसेवक प्रतिभा रानी आ संजीत कुमार उत्कृष्ट प्रदर्शन करैत शीर्ष 20 प्रतिभागी मे अपन स्थान बनाबऽ मे सफल रहलाह। दुनूक एहि उपलब्धि सं महाविद्यालय परिवार मेहर्षक वातावरण अछि। एहि उपलब्धिपर महाविद्यालयक प्रधानाचार्य प्रो. संजीव कुमार मिश्र दुनू स्वयंसेवक कें बधाइ दैत कहलनि जे आपदा प्रबंधन सं संबंधित एहि तरहक प्रशिक्षण सं युवा मे आपदाक समय राहति आ बचाव कार्य करबाक लेल आवश्यक सैद्धांतिक ज्ञान आ व्यावहारिक कौशल विकसित होइतअछि। प्रशिक्षित युवा आपदाक स्थिति मे अपन सुरक्षाक संग-संग परिवार आ समाजक सुरक्षा मे सेहो महत्वपूर्ण भूमिका निभा सकैत छथि। हुनकर अनुसार, महाविद्यालयक स्वयंसेवकसभक ई उपलब्धि अन्य विद्यार्थी सभ कें सामाजिक सेवा आ आपदा प्रबंधनक क्षेत्र मे सक्रिय रूप सं आगू आबऽ लेल प्रेरित करत। महाविद्यालयक राष्ट्रीय सेवा योजना कार्यक्रम पदाधिकारी डॉ. युगेश्वर साह कहलनि जे युवा आपदामित्र प्रशिक्षणक उद्देश्य युवा कें आपदाक स्थिति मे राहति, बचाव, प्राथमिक उपचार आ आवश्यक सहायताउपलब्ध करबाक लेल प्रशिक्षित करब अछि। प्रशिक्षणक दौरान स्वयंसेवक सभ अनुशासन, नेतृत्व, सामूहिककार्य, प्राथमिक उपचार आ विभिन्न प्रकारक आपदा सं निपटबाक व्यावहारिक कौशल सीखलनि। ओ कहलनि जे प्रतिभा रानी आ संजीत कुमार अपन लगन, अनुशासन आ सक्रिय सहभागिताक बलपर शीर्ष 20 मे स्थान प्राप्त केलनि। ई उपलब्धि सीएम साइंस कॉलेजक राष्ट्रीय सेवा योजना इकाई लेल गर्वक विषय अछि।

# 'यूथ बोले तो' कार्यक्रम कें लए लोजपाक तैयारी, पटना मे जुटत युवा

पटना, समदिया



लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास) दिस सं पटना मे 'यूथ बोले तो' नाम सं भव्य युवा कार्यक्रमक आयोजन कएल जा रहल अछि। कार्यक्रम कें लए पार्टी दिस सं प्रदेश भरिक युवा सभ सं पटना पहुंचि कएआयोजन मे भाग लेबाक आग्रह कएल गेल अछि।लोजपा (रामविलास) क युवा राष्ट्रीय उपाध्यक्ष सह पार्टी प्रवक्ता डॉ. विभय कुमार झा प्रदेशक युवा सभ सं अपील केने छथि जे ओ पैघ संख्या मे पटना पहुंचि कए कार्यक्रम मे भाग लथि आ पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्षसह केंद्रीय मंत्री चिराग पासवानक विचार सुनथि।डॉ. विभय कुमार झा कहलनि जे 'यूथ बोले तो' कार्यक्रमक मंच सं लोजपाक सांसद सभ आ पार्टीक वरिष्ठ पदाधिकारी सभक संग युवा मोर्चाक राष्ट्रीय अध्यक्ष प्रणव कुमार कें सेहो सुनबाक अवसर भेटत। ओ कहलनि जे ई कार्यक्रम युवा सभ सं जुड़ल मुद्दा आ हुनकर विचार सभ कें सामने रखबाक मंच बनत। एकटा सवालक जवाब मे डॉ. विभय कुमार झा बतौलनि जे मिथिला क्षेत्र सं हजारो संख्या मे युवा पटना मे वेटनरी कॉलेज मैदान मे आयोजित 'यूथ बोले तो' कार्यक्रम मे शामिल होयबाक लए पहुंचि रहल छथि। ओयुवा सभ सं अपील कए कहलनि जे प्रदेशक विभिन्न हिस्सा सं युवा एहि आयोजन मे भाग लए अपनउपस्थिति दर्ज करथि आ कार्यक्रमक माध्यम सं युवा नेतृत्व एवं युवा सभ सं जुड़ल विषय पर होएबला चर्चा मे सहभागी बनथि। ई आयोजन 24 सितंबर कें प्रस्तावित अछि।

## रेल पुलिसक निगरानी पर उठल सवाल

# ट्रेनक जनरल बोगी मे गांजाक कश लेबाक वीडियो वायरल

भागलपुर, समदिया



रेल यात्रीसभक सुरक्षाक लेल ट्रेन मे रेल पुलिसक तैनाती, नियमित गश्ती आ चौकसीक दावाक बीच सोशल मीडियापर वायरल एकटा वीडियो सुरक्षा व्यवस्थापर सवाल ठाढ़ कए देलक अछि। वायरल वीडियो मे किछु युवक ट्रेनक जनरल बोगी मे कथित रूप सं गांजाक कश लैत देखाइ पड़ि रहल छथि। पत्रकारशिवम चौधरी मंगलदिन अपन सोशल मीडिया अकाउंट एक्सपर ई वीडियो पोस्ट केलनि। हुनकर अनुसार ई वीडियो जमालपुर-हावड़ा कवि गुरु एक्सप्रेसक अछि, जे जमालपुर सं हावड़ाक दिस जा रहल छल। गतशनिदिनक ई वीडियो रामपुर हाट स्टेशन सं पहिने बनाओल गेल छल। हुनकर दावा अछि जे एहि ट्रेनकजनरल बोगी मे करीब आधा दर्जन नशेड़ी कथित रूप सं खुलेआम गांजाक कश लए रहल छल।हालांकि, वायरल वीडियोक स्वतंत्र रूप सं पुष्टि नहि भेल अछि। युवक सभक पहिचान सेहो एखन स्पष्ट नहि अछि। एहि कारण वीडियो मे कएल जा रहल दावाक पुष्टि जांचक बादे संभव होयत। वीडियो मे किछु युवक कथित रूप सं नशीला पदार्थ सेवन करैत अर्थात् धुआं उड़बैत देखाइ पड़ि रहल छथि। जं वीडियो मे कएल गेल दावा सही साबित होइत अछि तं ट्रेन मे यात्रीसभक सुरक्षा आ रेलवे नियमक पालनसं जुड़ल ई गंभीर मामिला होयत। जनरल बोगी मे पैघ संख्या मे यात्री यात्रा करैत छथि। एहन गतिविधिसं दोसर यात्री सभ कें परेशानीक संग असुरक्षाक सामना करय पड़ि सकैत अछि। वीडियो वायरल भेलाक बाद सवाल उठि रहल अछि जे ट्रेन मे सुरक्षा कर्मीक निगरानीक बावजूद एहन गतिविधि कोना भेल। रेलवे द्वारा यात्रीसभक सुरक्षाक लेल रेल पुलिस आ अन्य सुरक्षा कर्मीक गश्तीक व्यवस्था रहैत अछि। जं घटना ओहि ट्रेनक अछि तं घटनाक समय संबंधित बोगी मे सुरक्षा कर्मीकउपस्थिति आ निगरानीक स्तरक जांच करब आवश्यक होयत। हालांकि, मात्र वीडियो आधारपर ई निष्कर्ष निकालब उचित नहि होयत जे घटनाक समय ट्रेन मे कोनो सुरक्षा कर्मी मौजूद नहि छल। वीडियो वास्तविक अछि वा नहि, ई जांचक बादे स्पष्ट भए सकत। वायरल वीडियो मे देखाइ पड़ि रहल लोकसभक पहचान जांचक बाद महत्वपूर्ण होयत। जं वीडियो वास्तविकपाओल जाइत अछि आ आरोपित युवकसभक पहचान होइत अछि तं रेल पुलिस लागू कानून आ रेलवे नियमक अंतर्गत कारबाइ कए सकैत अछि। मालदा-भागलपुर रेलखंडपर प्रतिदिन पैघ संख्या मे यात्री यात्राकरैत छथि। तें यात्रीसभक सुरक्षा सं जुड़ल कोनो मामिला कें गंभीरता सं लेब आवश्यक अछि। फिलहालवायरल वीडियो रेल पुलिसक निगरानी व्यवस्थापर सवाल जरूर ठाढ़ कए देलक अछि। आधिकारिक जांच आ रेल पुलिसक पक्ष सामने अएलाक बादे मामिलाक वास्तविक स्थिति स्पष्ट भए सकत।

# गजेंद्र प्रसाद सिंहक 11म पुण्यतिथि पर भावपूर्ण श्रद्धांजलि

रोसड़ा, समदिया

» क्षेत्रक विकास मे योगदान कें कएल गेल याद

शिवाजीनगर प्रखंडक राधाकृष्ण मंडल गोविंद गोस्वामी महाविद्यालय परिसर मे बिहार सरकारक पूर्व मंत्री स्व. गजेंद्र प्रसाद सिंहक 11म पुण्यतिथिपर भावपूर्ण श्रद्धांजलि कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। एहिअवसरपर महाविद्यालय परिसर मे स्थापित हुनकर प्रतिमापर परिजन, जनप्रतिनिधि, समाजसेवी, शिक्षाविद् आ क्षेत्रक लोक सभ पुष्प अर्पित कए श्रद्धापूर्वक स्मरण केलनि। पुण्यतिथिक अवसरपर स्व. गजेंद्र प्रसाद सिंहक पत्नी डॉ. उर्मिला सिन्हा आ पुत्र चुन्नम स्वामी प्रतिमापर माल्यार्पण कए श्रद्धासुमन अर्पित केलनि। पुष्प अर्पित करैत दुनू भावुक भए गेलाह आ हुनकर आंखि नम भए गेलनि। एहि भावुक दृश्य सं उपस्थित लोक सभ सेहो भावविभोर भए गेलाह। परिजन कहलनि जे हुनकर निधनक वर्षो बादो क्षेत्रक लोकक बीच हुनकर स्मृति आ काज जीवंत अछि। कार्यक्रम मे समाजसेवी संतोष कुमार सिंह कहलनि जे स्व. गजेंद्र प्रसाद सिंहक योगदानक बिनाशिवाजीनगरक विकासक चर्चा अधूर रहत। हुनकर प्रयास सं क्षेत्र मे विकासक महत्वपूर्ण काज भेल। वक्ता सभ कहलनि जे ओ अपन राजनीतिक जीवन मे क्षेत्रक लोकक समस्या के प्राथमिकता दैत विकासक लेल निरंतर प्रयासरत रहलाह। वक्तासभक अनुसार, स्व. गजेंद्र प्रसाद सिंह मूल रूप सं शिवाजीनगर प्रखंडकपरसा पंचायतक निवासी छलाह। ओ राष्ट्रीय जनता दलक वरिष्ठ नेता रहलाह आ बिहार सरकार मे विभिन्न महत्वपूर्ण विभागक दायित्व सम्हारने छलाह। शिक्षा, उच्च शिक्षा, मद्यनिषेध, सूचना आ प्रसारण सहित अन्य विभाग मे मंत्रीक रूप मे काज करैत ओ अपन सक्रिय राजनीतिक जीवनक छाप छोड़लनि। पुण्यतिथिक अवसरपर उपस्थित लोक सभ हुनकर अधूर सपना आ क्षेत्रक विकासक सोच कें आगू बढ़ेबाक संकल्प लेलनि। कार्यक्रमक बाद भव्य भोजक आयोजन सेहो कएल गेल, जाहि मे पैघ संख्या मे स्थानीय लोक आ शुभचिंतक शामिल भेलाह।

# विमेंस कॉलेज समस्तीपुर मे अग्निशमन मॉक ड्रिल

## छात्रा कें आगि सं बचावक प्रशिक्षण

समस्तीपुर, समदिया



मंगलदिन विमेंस कॉलेज, समस्तीपुर मे जिला समादेष्टा सह जिला अग्निशमन पदाधिकारीक निर्देशपर महत्वपूर्ण अग्निशमन मॉक ड्रिल आयोजित कएल गेल। मॉक ड्रिल महाविद्यालयक प्रभारी प्रधानाचार्य प्रो.डॉ. राजेश कुमार रंजनक अध्यक्षता मे आयोजित भेल। एफएसओ ज्योति कुमारीक नेतृत्व मे अग्निशमनविभागक टीम शिक्षक आ छात्रासभक समक्ष मॉक ड्रिलक माध्यम सं आगि सं बचावक जीवंत प्रदर्शनकेलक। एहि दौरान अग्निशमन यंत्रक सही उपयोग करैत ज्वलनशील पदार्थ मे लागल आगि कोनाबुझाओल जाइत अछि, तकर व्यावहारिक प्रशिक्षण देल गेल।प्रशिक्षणक दौरान उपस्थित शिक्षक, शिक्षकेतर कर्मचारी आ छात्रा सभ कें बताओल गेल जे आगि जरबाक लेल ऑक्सीजन अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। तें आगिक ज्वाला कें समाप्त करबाक लेल ऑक्सीजनक संपर्क तोड़ब आवश्यक अछि। अग्निशमन यंत्रक प्रयोग, आगि बुझेबाक तरीका आ आपत्कालीन परिस्थिति मेअपन सुरक्षाक उपायसभक संबंध मे सेहो जानकारी देल गेल। एहि अवसरपर महाविद्यालयक अग्निशमन अधिकारी डॉ. रंजन कुमार, मीडिया प्रभारी डॉ. सुरेश साह सहित महाविद्यालयक सभ शिक्षक, शिक्षकेतर कर्मचारी आ पैघ संख्या मे छात्रा उपस्थित रहलीह।

# धनबाद मे गोल्फ ग्राउंड बचाबय सैकड़ो बच्चा सड़क पर उतरलाह

## मेला सं खेल प्रभावित होएबाक आरोप

**» रणधीर वर्मा चौक धरि पैदल मार्च निकाललक**



**धनबाद,समदिया**

धनबादक रणधीर वर्मा स्टेडियम, जे गोल्फ ग्राउंडक नाम सं सेहो जानल जाइत अछि, कें खेल गतिविधि लए बचा कए रखबाक मांग कें लए मंगल दिन सैकड़ो बच्चा आ युवा सड़कपर उतरला।एहि बच्चा सभ गोल्फ ग्राउंड सं रणधीर वर्मा चौक धरि पैदल मार्च निकाललनि। एहि दौरानबच्चा सभक हाथ मे पोस्टर आ तख्ती छल, जाहि पर मैदान कें मेला मुक्त रखबाक मांगलिखल छल।प्रदर्शन कएनिहार बच्चा आ युवा सभक कहब छल जे गोल्फ ग्राउंड धनबादक मुख्य खेल मैदानअछि। एतय पैघ संख्या मे बच्चा आ युवा बेर-बेर क्रिकेट, फुटबॉल सहित दोसर खेलक अभ्यासकरैत छथि। दू मास धरि खेल गतिविधि पर पड़ैत अछि असर हुनक आरोप अछि जे मैदान मे लंबा समय धरि मेला लगला सं करीब दू मास धरि खेल गतिविधि पर असर पड़ैत अछि। खेल प्रेमी सभक कहब अछि जे मैदान कें बचाबयक मांग कें लए ओ सभ जिला प्रशासन, नगर निगम आ जनप्रतिनिधि सभ कें पहिने सेहो लिखित आवेदन दए चुकल छथि।हुनक कहब अछि जे जं शहर मे मेला लगाबय लए कोनो दोसर ठाम भेटि सकैत अछि तं ओतय आयोजन कएल जाए आ गोल्फ ग्राउंड कें खेल लए सुरक्षित राखल जाए।दू आवेदक कें स्वीकृति भेटलाक बात आएल सामनेदुर्गापूजाक अवसर पर गोल्फ ग्राउंड मे डिजनीलैंड मेला लगाबयक प्रक्रिया आगू बढ़लाक बादखेलाड़ी आ युवा सभक विरोध तेज भए गेल अछि। बताओल जा रहल अछि जे मेला लगाबय लए कतेको लोक आवेदन देने छलाह, जाहि मे दू आवेदक कें स्वीकृति भेटलाक बात सामने आएल अछि।प्रदर्शनकारी सभक कहब अछि जे मेला किछु दिनक आयोजन होइत अछि, मुदा एहि सं खेलाड़ी सभक अभ्यास लंबा समय धरि प्रभावित होइत अछि। मेला समाप्त भेलाक बाद सेहो मैदान कें फेर खेल लए तैयार होय मे समय लगैत अछि। कतेको जनप्रतिनिधि मैदान मे मेला लगेबाक विरोध कएलनि गोल्फ ग्राउंड मे मेला लगेबाक मुद्दा पहिने सेहो उठि चुकल अछि। धनबाद विधायक राज सिन्हा, डुमरी विधायक जयराम महतो, जिला परिषद अध्यक्ष शारदा सिंह आ पूर्व महापौर चंद्रशेखर अग्रवाल समेत कतेको जनप्रतिनिधि मैदान मे मेला लगेबाक विरोध केने छलाह। पैदल मार्च मे शामिल बच्चा सभ जिला प्रशासन आ नगर निगम सं मेला आयोजनक फैसला पर फेर विचार करबाक आ गोल्फ ग्राउंड कें खेल गतिविधि लए सुरक्षित रखबाक मांग कएलनि। बच्चा सभक कहब अछि जे जं हुनक मांग पूरा नहि भेल तं ओ आगू सेहो शांतिपूर्ण तरीका सं आंदोलन जारी रखताह।

# एमजीएम मे शीघ्र शुरू होयत सरकारी दर पर सीटी स्कैन आ एमआरआई जांच, बढ़त डॉक्टरक संख्या



**जमशेदपुर,समदिया**

डिमना स्थित एमजीएम मेडिकल कॉलेज अस्पताल मे इलाज कराबय बला कोल्हानक रोगी सभक लए राहतिक खबर अछि। अस्पताल मे शीघ्र सरकारी दर पर सीटी स्कैन आ एमआरआई जांचक सुविधा उपलब्ध होयत। सीटी स्कैन मशीन लगेबाक प्रक्रिया आखरी चरण मेअछि, जखनकि एमआरआई यूनिट स्थापित करबाक दिस मे सेहो तेजी सं काज चलि रहलअछि। एहि सं रोगी सभ कें महंगा निजी डायग्नोस्टिक सेंटर मे जांच कराबयक जरूरत कमहोयत। मंगल दिन स्वास्थ्य सेवा निदेशक प्रमुख डॉ. सिद्धार्थ सान्याल एमजीएम अस्पतालक निरीक्षण कएलनि। ओ अस्पतालक विभिन्न वार्ड, इमरजेंसी, गायनिक, आर्थो, अल्ट्रासाउंड सेंटर, एक्स-रेयूनिट समेत अन्य विभागक जायजा लेलनि। एहि दौरान ओ इलाज लए अयल रोगी सभक संख्या, अस्पताल मे उपलब्ध सुविधा आ कर्मचारी सभक स्थिति सं संबंधित जानकारी लेलनि। रोगी आ कर्मचारी सभ सं सेहो अस्पताल मे भेटय बला सुविधा बारे जानकारी लेलनि। निरीक्षणक बाद पत्रकार सभ सं बातचीत मे डॉ. सिद्धार्थ सान्याल कहलनि जे राज्य सरकार एमजीएम अस्पताल मे स्वास्थ्य सेवाक विस्तार कें लए गंभीर अछि। अस्पताल मे सीटी स्कैन मशीन लगेबाक प्रक्रिया आखरी चरण मे अछि। एकरा शीघ्र शुरू कएल जाएत। ओतहि एमआरआई यूनिट स्थापित करबाक दिस मे सेहो तेजी सं काज चलि रहल अछि। सरकारी स्तर पर दूनू जांचक सुविधा उपलब्ध भेला सं गरीब आ जरूरतमंद रोगी सभ कें बहुत राहति भेटत। हुनका जांच लए निजी केंद्र दिस जेबाक जरूरत नहि पड़त। एहि सं समय आ अतिरिक्त आर्थिक बोझ दूनूक बचत होयत।डॉ. सान्याल कहलनि जे एमजीएम अस्पताल मे रोगी सभक संख्या बहुत बेसी अछि, मुदा तकर अनुरूप डॉक्टर आ मैनपावरक कमी अछि। सरकार शीघ्र डॉक्टरक संग मैनपावर आ टीचिंग स्टाफक संख्या बढ़ेबाक प्रयास कए रहल अछि। ओ बतौलनि जे एमजीएम मे पीजीक सीट सेहो कम अछि। एहि सीट सभ कें बढ़ेबाक दिस मे काज कएल जा रहल अछि, जाहि सं बेसी संख्या मे विशेषज्ञ डॉक्टर तैयार भए सकथि। एकर अतिरिक्त दोसर राज्य सं सेहो डॉक्टर सभ केंअनबाक प्रयास कएल जा रहल अछि।स्वास्थ्य सेवा निदेशक प्रमुख कहलनि जे एमजीएम अस्पताल मे उपलब्ध संसाधनक नीक उपयोग कए काज कएल जा रहल अछि। निरीक्षणक दौरान अस्पताल मे पानिक समस्या आलिफ्ट काज नहि करबाक जानकारी सेहो सामने आएल। ओ कहलनि जे एहि समस्या सभक शीघ्र समाधान कएल जाएत। निरीक्षणक बाद डॉ. सान्याल एमजीएम अस्पतालक अधीक्षक डॉ. बलराम झा आ सिविल सर्जन डॉ. साहिर पालक संग बैठक कएलनि। बैठक मे जिला आ एमजीएम अस्पताल मे उपलब्ध उपकरण, डॉक्टर आ मैनपावरक स्थितिक जानकारी लेल गेल। अस्पताल मे मौजूद कमी सभक सूची तैयार कए उपलब्ध कराबयक निर्देश देल गेल, जाहि सं आवश्यक उपकरण आ अन्य संसाधनक खरीदारी कएल जा सकय।

# रांचीक अनगड़ा मे श्रीश्री दुर्गा पूजा समितिक नव कार्यकारिणी गठित, कृष्णा सोनी बनलाह अध्यक्ष

**अनगड़ा (रांची),समदिया**

अनगड़ाक ढेलवाखुट्टा मे श्रीश्री दुर्गा पूजा समितिक एकटा महत्वपूर्ण बैठक भेल। श्रीश्री दुर्गा पूजा समिति ढेलवाखुट्टा अपन नव कार्यकारिणी समितिक गठन कएलनि। आगामी दुर्गापूजाक सफल आयोजन सुनिश्चित करबाक लए समितिक नव कार्यकारिणीक गठन कएल गेल अछि। बैठक मे कृष्णा सोनी कें अध्यक्ष, विजय सिंह आ अर्जुन प्रजापति कें कार्यकारी अध्यक्ष, रणवीर सिंह वालिया कें उपाध्यक्ष, वीरेंद्र भदरा कें सचिव तथा मधु करमाली आ प्रदीप सिंह कें उप सचिव चुनल गेलनि। ओतहि रामानंद साहू कें कोषाध्यक्ष तथा सौरभ कुमार आ सागर कुमार कें उप कोषाध्यक्ष बनाओल गेल। समितिक मार्गदर्शन लए कतेको संरक्षक चुनल गेल छथि। एहि मे विक्की सिंह वालिया, लक्ष्मण प्रसाद सैनी, चमरु बेदिया, हरातू मुखिया राजेंद्र बेदिया, पंसस विनोद रजवारआ प्रधान मनोज बेदिया शामिल छथि।एकर अतिरिक्त संरक्षक मंडली मे अर्जुन प्रसाद, ब्रज किशोर प्रसाद, दिलीप कुमार सोनी, ओम प्रकाश, सतपाल रावत, कृष्णा सिन्हा, शंकर सोनी, सुनील क्षेत्री, राजनंदन साहू, गणेश राजवार,मनोज मुंडा आ फागु मुंडा कें शामिल कएल गेल अछि। कार्यकारिणी सदस्य सभ मे ऋषभ, रिशु क्षेत्री, नितिन सोनी, अंकित कुमार, अनिकेत, संदीप कुमार, यशराज, लालजीत, रितेश, नमित, विशाल, सोनू सिंह, बादल मुंडा, रोशन, शुभम, निर्मल राजवार आ अनिल प्रजापति कें शामिल कएल गेल अछि। ई कदम समिति मे नव ऊर्जा आ विचार आनबाक संकेत दैत अछि, जे समितिक लए सकारात्मक कदम अछि।

# प्रशिक्षणक पहिल बैच मे 5 स्वयं सहायता समूहक कुल 50 महिला सभ लेलनि भाग



**राजनगर,समदिया**

झारखंड ट्राइबल डेवलपमेंट सोसाइटी डीपीएमयू सरायकेला-खरसावां दिस सं संचालित तथा नाबार्ड दिस सं पोषित लाइवलीहुड एंड एंटरप्राइज डेवलपमेंट प्रोग्रामक अंतर्गत राजनगरप्रखंडक कुमडीह मे आयोजित 10 दिवसीय कौशल उन्नयन प्रशिक्षण संपन्न भेल। प्रशिक्षण दू चरण मे आयोजित कएल गेल, जाहि मे पहिल चरण 07 सं 14 सितंबर आ दोसर चरण 20 सं21 सितंबर धरि संचालित भेल।प्रशिक्षणक पहिल बैच मे 5 स्वयं सहायता समूहक कुल 50 महिला सभ भाग लेलनि। प्रशिक्षणक दौरान प्रतिभागी सभ कें पेपर प्लेट आ दोना बनेबाक तकनीक, मशीन संचालन, गुणवत्ता नियंत्रण, उत्पाद पैकेजिंग तथा बाजार सं जुड़ाव समेत विभिन्न पहलुक व्यावहारिक जानकारी देल गेल।परियोजनाक उद्देश्य ग्रामीण महिला सभ कें कौशल आ स्वरोजगारक अवसर उपलब्ध करबैत आर्थिक रूप सं सशक्त आ आत्मनिर्भर बनेनाइ अछि। प्रशिक्षणक समापन अवसर पर जेटीडीएस, डीपीएमयू सरायकेला-खरसावां दिस सं स्वयं सहायता समूहक महिला सभ कें डबल डाई सेमी-ऑटोमेटिक पेपर प्लेट मशीन उपलब्ध कराओल गेल। मशीनक संग 12 इंच, 8 इंच आ 6 इंचकडाई सेहो उपलब्ध कराओल गेल अछि, जाहि सं विभिन्न आकारक पेपर प्लेट आ दोना तैयार कएल जा सकत।एहि अवसर पर जेटीडीएस, सरायकेला-खरसावांक डीपीएम नीरज नयन सहित संबंधित पदाधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलाह। प्रशिक्षण आ मशीन उपलब्ध कराओल गेलाक बाद कुमडीहक महिला सभ कें स्थानीय स्तर पर पेपर प्लेट आ दोना निर्माणक माध्यम सं आमदनीअर्जित करबाक अवसर भेटत। एहि सं ग्रामीण महिला उद्यमिता कें बढ़ावा देबाक संग स्थानीय स्तर पर रोजगार आ आजीविकाक अवसर कें मजबूत करबा मे सहायता भेटत।

# डीएमएफटी योजनाक गति बढ़ेबाक निर्देश, मांगल गेल प्रगति रिपोर्ट

## बैठक मे उपायुक्त डीएमएफटी पीएमयू आ मीडिया मॉनिटरिंगक समीक्षा कएलनि



**बोकारो,समदिया**

डीएमएफटी सं जुड़ल योजनाक धीमा प्रगति कें आब लक्ष्यक अनुरूप गति देबाक तैयारी अछि। डीसी अजय नाथ झा समाहरणालय मे डीएमएफटी पीएमयू आ मीडिया मॉनिटरिंग टीमक समीक्षा करैत संबंधित विभाग सभक संग समन्वय बढ़ा योजनाक काज तेजी सं पूरा करबाक निर्देश देलनि। ओ स्पष्ट रूप सं बेसलाइन सर्वे, डोर-टू-डोर एनसीडी स्क्रीनिंग, गोटरी बैंक, शिक्षा आ स्कूलइंफ्रास्ट्रक्चर गैप समेत प्रस्तावित काज मे तेजी आनबाक कहलनि। डीसी डीएमएफटी पीएमयू दिस सं विभिन्न योजना लए आवश्यक प्रस्ताव तैयार करबाक आ निर्धारित लक्ष्यक अनुसार काज पूरा करबाक स्थितिक समीक्षा कएलनि। ओ विभागवार प्रगति पर नजरि रखबाक तथा योजनाक क्रियान्वयन मे आबि रहल बाधाक समाधान लए समन्वय करबाक निर्देश देलनि।मीडिया मॉनिटरिंग टीम कें सभ विभाग सं प्रगति प्रतिवेदन प्राप्त कए ओकर समीक्षा करबाकआ समेकित रिपोर्ट तैयार करबाक कहल गेल। उपायुक्त मासक अंत धरि प्रेस सम्मेलनआयोजित करबाक लए सेहो आवश्यक तैयारी पूरा करबाक निर्देश देलनि। संगहि डीएमएफटी पीएमयू आ मीडिया मॉनिटरिंग सं जुड़ल अन्य बिंदु पर चर्चा भेल। बैठक मे डीडीसी आयुक्त शताब्दी मजूमदार, प्रशिक्षु आईएएस अरविंद राधाकृष्णन, एपीआरओ अविनाश कुमार समेत अन्य अधिकारी उपस्थित छलाह।

# विद्यार्थी सभ कें प्रतियोगिता तैयारी सं जुड़ल पुस्तक उपलब्ध कराओल जाय : डीसी



**लोहरदगा,समदिया**

उपायुक्त-सह-अध्यक्ष, जिला पुस्तकालय समिति संदीप कुमार मीना के अध्यक्षता मेसोम दिन जिला पुस्तकालय समिति के बैठक आयोजित कएल गेल। बैठक मे नदिया स्थितजिला पुस्तकालय मे अध्ययन लए अयल छात्र-छात्रा सभ कें नीक अध्ययन वातावरण आआवश्यक सुविधा उपलब्ध कराबय कें लए विभिन्न बिंदु पर विस्तार सं चर्चा कएल गेल आ कतेको महत्वपूर्ण निर्णय लेल गेल। बैठक मे निर्णय लेल गेल जे जिला पुस्तकालय मे अध्ययन लए अयल युवक-युवती सभ सं प्रति मास निर्धारित शुल्क लेल जाएत। एकर अतिरिक्त पुस्तकालयक संचालन आ व्यवस्था कें सुचारूबनेबाक लए पुस्तकालयक बैंक खाता खोलबाक निर्णय लेल गेल।उपायुक्त पुस्तकालयक लाइब्रेरियन कें आवश्यक पुस्तकक सूची उपलब्ध कराबयक निर्देश देलनि, जाहि सं विद्यार्थी सभ आ प्रतियोगी परीक्षा तैयारी कएनिहार युवा सभक आवश्यकताक अनुरूप पुस्तक उपलब्ध कराओल जा सकय।संगहि पुस्तकालय परिसर मे कैंटीनक संचालन शुरू कराबय, भवनक सुरक्षा लए रातिक प्रहरीक व्यवस्था करबाक, परिसर मे पेवर ब्लॉक लगाबय, अध्ययन लए अयल विद्यार्थी सभ आ अन्य पाठक सभ कें पहचान पत्र उपलब्ध कराबय तथा आरओ वाटर फिल्टर लगाबयक सेहो निर्णय लेल गेल।बैठक मे पुस्तकालयक साफ-सफाइ, सुरक्षा, मूलभूत सुविधा आ अध्ययनक अनुकूल वातावरण केंआरो नीक बनेबाक लए आवश्यक दिशा-निर्देश देल गेल।बैठक मे परियोजना निदेशक आईटीडीए सुषमा नीलम सोरेंग, जिला शिक्षा पदाधिकारी दाससुनंदा चंद्रमौलेश्वर, जिला पुस्तकालयक लाइब्रेरियन सहित संबंधित पदाधिकारी आ कर्मीउपस्थित छलाह।

# पाबनि सं पहिने रांची मे सप्लाई चेन कें लए चेंबरक पहल

## जरूरी सामान बला वाहन कें नो-इंट्री मे छूटक मांग



**रांची,समदिया**

आवश्यक वस्तुक आपूर्ति मे लागल तीन पहिया मालवाहक वाहन सभ कें नो-इंट्री अवधिमे प्रवेशक अनुमति देबाक मांग कें लए फेडरेशन ऑफ झारखंड चेंबर ऑफ कॉमर्स एंड इंडस्ट्रीजकप्रतिनिधिमंडल सोम दिन एसएसपी सं भेंट कएलनि। चेंबर अध्यक्ष तुलसी पटेल कहलनि जे भोरआ सांझ दू-दू घंटाक नो-इंट्रीक कारण छोट मालवाहक वाहन सभ कें परेशानी भए रहल अछि। त्योहार सभ कें देखैत जरूरी सामानक सप्लाई चेन निर्बाध राखनाइ जरूरी अछि। एसएसपी सांझ 5 सं 7 बजे धरि नो-इंट्रीक दौरान बेसी यातायात दबाव बला मार्ग सभक सूचीचेंबर सं मांगलनि। ओ कहलनि जे संबंधित रूट आ यातायात दबावक समीक्षा कएलाक बादआवश्यक वस्तुक आपूर्ति कएनिहार वाहन सभ कें छूट देबाक विचार कएल जाएत। प्रतिनिधिमंडल जालान रोडक ट्रांसपोर्ट व्यवसायी सभक समस्या सं सेहो एसएसपी कें अवगतकरौलनि। भेंटक बाद चेंबर आ रांची गुड्स ट्रांसपोर्ट एसोसिएशनक प्रतिनिधिमंडल ट्रांसपोर्ट नगरक निरीक्षण कएलनि। एहि दौरान व्यवसायी सभ कें व्यवस्थित स्थान उपलब्ध कराबयक संभावना पर चर्चा भेल।चेंबर अध्यक्ष तुलसी पटेल कहलनि जे एहि मुद्दा कें लए शीघ्र मुख्य सचिव सं वार्ता कएल जाएत। निरीक्षणक दौरान चेंबरक उपाध्यक्ष विकास विजयवर्गीय, सह सचिव अमित शर्मा, सहसचिव पूजा ढाढा, कार्यकारिणी सदस्य विनिता सिंघानिया आ मोनिका गोयनका तथा रांची गुड्सट्रांसपोर्ट एसोसिएशनक राजकिशोर सिंह आ रविंद्र दुबे उपस्थित छलाह।

# खनिज संशोधन अधिनियमक विरुद्ध सुप्रीम कोर्ट जाएत झारखंड सरकार

**रांची,समदिया**

केंद्र सरकारक खान एवं खनिज (विकास एवं विनियमन) संशोधन अधिनियम, 2026 कें झारखंड सरकार सुप्रीम कोर्ट मे चुनौती देबाक तैयारी मे अछि। एहि संबंध मे खान विभाग विधिविभाग सं राय लेलाक बाद संचिका मुख्यमंत्रीक मंजूरी लए पठौने छल। मुख्यमंत्रीक मंजूरीक बाद आब सुप्रीम कोर्ट मे याचिका दायर करबाक तैयारी कएल जा रहल अछि। राज्य सरकारक कहब अछि जे सुप्रीम कोर्टक 2024क फैसला आधार पर झारखंड खनिज पर सेस लगेनाइ आ ओकर वसूली शुरू केने छल। आब केंद्रक संशोधित कानून मे राज्य सभकखनिज सं जुड़ल अतिरिक्त कर वा सेस लगाबयक अधिकार कें सीमित कएल गेल अछि। राज्य सरकारक तर्क अछि जे एहि सं झारखंड कें राजस्वक पैघ नोकसान होयत आ विकास योजनापर सेहो असर पड़त। राज्य सरकार सुप्रीम कोर्टक 2024क फैसला कें अपन याचिकाक प्रमुख आधार बनेने अछि। सरकारक कहब अछि जे एहि फैसला कें बाद वर्ष 2024 मे राज्य खनिज पर सेस लगा कए ओकर वसूली शुरू केने छल। आब केंद्रक संशोधनक माध्यम सं एहि व्यवस्था कें समाप्त कएल जा रहल अछि। सरकारक तर्क अछि जे संसदक संशोधन सं सुप्रीम कोर्टक आदेशक आधार पर भेटल राज्यक अधिकार प्रभावित नहि कएल जा सकैत अछि। राज्य सरकारक अनुमान अछि जे खनिज सेस सं वित्तीय वर्ष 2026-27 मे करीब 14,000 करोड़रुपैयाक राजस्व भेटि सकैत छल। सरकारक कहब अछि जे संशोधित कानून लागू भेला सं राज्यएहि अनुमानित राजस्व सं वंचित भए सकैत अछि। वित्त मंत्री राधाकृष्ण किशोर सेहो करीब14,000 करोड़ रुपैयाक संभावित राजस्व नोकसानक बात कहि चुकल छथि।राज्य सरकार विभिन्न कोयला कंपनी सभक बकाया राशि कें मुद्दा सेहो उठौने अछि। सरकारकअनुसार कोयला कंपनी सभक लग झारखंडक करीब 1,36,042 करोड़ रुपैयाक बकाया राशि अछि। राज्यक तर्क अछि जे संशोधित कानूनक कारण एहि राशि वसूल करबाक ओकर दावापरसेहो असर पड़त। केंद्रक संशोधित कानून कें राष्ट्रपति सं 18 अगस्त 2026 कें मंजूरी भेटल छल। एकर बाद ई कानून लागू भए गेल। एहि मे राज्य सभ दिस सं खनिज पर अतिरिक्त कर वा सेस लगाबय सं संबंधित प्रावधान कें सीमित कएल गेल अछि। राज्य सरकारक कहब अछि जे ओ एखन झारखंडमे एहि संशोधन कें लागू नहि केने अछि आ कोल इंडिया समेत अन्य कंपनी सभ सेसक भुगतान कए रहल अछि। सरकार आब एहि पूरा मामिला कें सुप्रीम कोर्टक समक्ष उठेबाक तैयारी मेअछि।

# बिहारशरीफ मे 13 दिवसीय संत महोत्सवक शुभारंभ

## कलश शोभायात्रा मे 1000 महिला शामिल, 1 अक्टूबर धरि कथा वाचन आ प्रवचनक आयोजन

**बिहारशरीफ, समदिया**

बिहारशरीफ स्थित राजा कुआं संत बाबा मंदिर परिसर सं मंगल दिन 13 दिवसीय संत महोत्सवक अवसर पर भव्य कलश शोभायात्रा निकालल गेल। संत बाबा पुण्यतिथिक उपलक्ष्य मे आयोजित एहि वार्षिक अनुष्ठानक दौरान पूरा क्षेत्र ह्यजय संत बाबाह्णक जयकारा सं गुंजायमान रहल। शोभायात्रा मे 1000 सं बेसी महिला आ कन्या सभ माथ पर पवित्र कलश धारण कए करीब 8 किलोमीटर सं बेसी दूरी तय कएलनि।



### नियम-निष्ठाक संग 8 किलोमीटरक नगर भ्रमण

कलश यात्रा राजा कुआं स्थित संत आश्रम सं विधिवत वैदिक मंत्रोच्चारक बीच शुरू भेल। आश्रम सं निकलल शोभायात्रा पतुआना, बिहारशरीफ रेलवे स्टेशन, अंबेर मोड़, बारादरी आ नव सराय होइत कल्याणपुर पहुंचल। तकर बाद यात्रा राजा कुआं होइत संत आश्रम परिसर मे समाप्त भेल।

करीब 8 किलोमीटर लंबा एहि मार्ग मे श्रद्धालु सभक उत्साह देखबा लए बनैत छल। ठाम-ठाम स्थानीय नागरिक आ सामाजिक कार्यकर्ता सभ कलश यात्री सभक स्वागत लए शीतल पेयजल, शर्बत आ पुष्पवर्षाक व्यवस्था केने छलाह।

### बाबा प्रति जन-आस्थाक प्रतीकः पूर्व एमएलसी राजू यादव

ट्रस्टक अध्यक्ष सह पूर्व विधान पार्षद राजू यादव कहलनि जे संत बाबा प्रति लोकक अगाध विश्वास अछि। ई भीड़ बजाओल नहि गेल अछि, बल्कि बाबा प्रति भक्त सभक निस्वार्थ श्रद्धाक प्रत्यक्ष प्रमाण अछि जे लोक अपने सं खिंचल चलि अबैत छथि।

22 सितंबर कें कलश यात्रा सं महोत्सवक आगाज भेल अछि। एकर बाद 23 सितंबर सं 1 अक्टूबर धरि कथा वाचन आ प्रवचनक आयोजन होयत। ओतहि 3 अक्टूबर सं 5 अक्टूबर धरि तीन दिवसीय भव्य अखंड कीर्तनक आयोजन कएल जाएत, जाहिक बाद विशाल भंडारा संग महोत्सव संपन्न होयत।

### श्रद्धालु सभक सेवा मे जुटल रहल नगर प्रशासन आ जनप्रतिनिधि

पार्षद संजय यादव शोभायात्रा मे शामिल श्रद्धालु सभक स्वागत करैत कहलनि जे ई पूरा वार्ड आ क्षेत्रवासी सभक सामूहिक प्रयास अछि। बाबा दरबार मे अयल प्रत्येक श्रद्धालुक सेवा करनाइ हमर परम कर्तव्य अछि। वार्डक नागरिक सभ मिलि कए कलश यात्री सभक मार्ग, सुरक्षा आ जलपानक व्यवस्था सुनिश्चित केने छलाह, जाहि सं कोनो श्रद्धालु कें असुविधाक सामना नहि करय पड़य।

### संत बाबा इतिहास आ क्षेत्र मे हुनक महत्ता

नालंदा जिलाक बिहारशरीफ स्थित राजा कुआं संत बाबा इतिहास स्थानीय जनमानसक आस्था आ आध्यात्मिक चेतना सं गहीर रूप सं जुड़ल अछि। मान्यता अछि जे संत बाबा एकटा पहुंचल सिद्ध तपस्वी आ समाज सुधारक छलाह, जे अपन संपूर्ण जीवन मानव कल्याण, सामाजिक समरसता आ ईश्वरीय साधना कें समर्पित कए देने छलाह।

### सुरक्षाक पुख्ता इंतजाम

कलश शोभायात्रा संपन्न भेलाक संगहि पूरा राजा कुआं क्षेत्र आब अगिला 12 दिन धरि कथा, भजन आ अखंड संकीर्तनक भक्तिरस मे डूबल रहत। पुलिस-प्रशासन दिस सं सेहो महोत्सवक सफल आ शांतिपूर्ण संचालन कें लए सुरक्षाक कड़ा व्यवस्था कएल गेल अछि।

### प्रेम आ सद्भावक संदेश

बिहारशरीफ स्थित राजा कुआं संत बाबा इतिहास स्थानीय जनमानसक आस्था आ आध्यात्मिक चेतना सं गहीर रूप सं जुड़ल अछि। मान्यता अछि जे संत बाबा एकटा पहुंचल सिद्ध तपस्वी आ समाज सुधारक छलाह, जे अपन संपूर्ण जीवन मानव कल्याण, सामाजिक समरसता आ ईश्वरीय साधना कें समर्पित कए देने छलाह। मानल जाइत अछि जे राजा कुआं क्षेत्र मे संत बाबा वर्षो धरि मौन साधना आ कठोर तपस्या केने छलाह। हुनक सानिध्य मे आबि लोक मानसिक शांति आ आध्यात्मिक मार्गदर्शन प्राप्त करैत छलाह। समाजक दबाओल-पिछड़ल आ उपेक्षित वर्ग कें गला लगेनाइ आ जाति-पातिक भेद सं ऊपर उठि प्रेम आ सद्भावक संदेश देनाइ हुनक जीवनक मुख्य उद्देश्य छल।

### गंभीर बेमारी सं मुक्ति!

क्षेत्र मे लोकमान्यता अछि जे संत बाबा आश्रम मे सच्चा मन सं कएल गेल प्रार्थना कहियो निष्फल नहि जाइत अछि। गंभीर बेमारी सं मुक्ति आ पारिवारिक कष्टक निवारण लए आइयो दूर-दराज सं लोक हुनक समाधि आ मंदिर मे माथा टेकय अबैत छथि।

संत बाबा समाधिस्थ भेलाक बाद हुनक भक्त सभ हुनक स्मृति आ शिक्षा कें जीवित रखबाक लए राजा कुआं मे संत आश्रम आ मंदिरक स्थापना कएलनि। तखने सं प्रत्येक वर्ष हुनक पुण्यतिथि पर 13 दिवसीय विशाल संत महोत्सवक आयोजन एकटा परंपरा रूप मे निरंतर कएल जा रहल अछि। एहि मे नालंदा सहित आसपासक कतेको जिला सं लाखो श्रद्धालु माथा टेकबाक लए पहुंचैत छथि।

# सुपौल कें अस्पताल सभ मे ओपीडी बंद, रोगी बिना इलाज घुरल



**सुपौल, समदिया**

सुपौल जिलाक सदर अस्पताल सहित विभिन्न सरकारी अस्पताल सभ मे मंगल दिन ओपीडी सेवा बंद रहला सं इलाज कराबय पहुंचल रोगी आ हुनक परिजन सभ कें परेशानीक सामना करय पड़ल। जिलाक अलग-अलग क्षेत्र सं पैघ संख्या मे रोगी भोरहि इलाजक उम्मीद लए अस्पताल पहुंचल छलाह। ओपीडी बंद भेटला कें बाद कतेको रोगी बिना उपचार करौने वापस लौटय पड़लनि। रोगी सभ बतौलनि जे ओ सभ बहुत दूर-दराजक इलाका सं वाहनक भाड़ा खर्च कए भोर मे अस्पताल पहुंचल छलाह। कतेको लोक कें अस्पताल पहुंचय मे घंटो समय लागल। एतय आएलाक बाद ओपीडी सेवा बंद भेटला सं हुनका निराश भए कए वापस लौटय पड़लनि। रोगी सभक कहब छलनि जे तबीयत खराब रहला कें बावजूद नियमित चिकित्सकीय जांच आ उपचार नहि भेटि सकल।

अस्पताल परिसर मे ओपीडी बंद रहला सं इलाज कराबय आएल रोगी आ हुनक परिजन सभ इधर-उधर भटकल नजरि एलाह। किछु रोगी अस्पताल प्रबंधन सं वैकल्पिक व्यवस्था उपलब्ध करबाक मांग कएलनि। हुनक कहब छलनि जे चिकित्सक सं जुड़ल कोनो विवादक खामियाजा रोगी सभ कें नहि भुगतय पड़बाक चाही। बताओल जा रहल अछि जे पिछला दिन सभ मे सहरसा मे पत्रकार सभक संग कथित मारपीटक घटना कें बाद दू चिकित्सकक बदलीक मामिला सामने आएल छल। एहि बदलीक विरोध मे चिकित्सक सभ दिस सं पटना वापस अयबाक मांग कें लए ओपीडी सेवा बंद कएल गेलाक बात कहल जा रहल अछि। ओपीडी सेवा बाधित भेला सं अस्पताल मे इलाज लए पहुंचल आम रोगी पर सीधा असर पड़ल। दूर-दराज सं आएल रोगी सभ मांग कएलनि जे चिकित्सक सं जुड़ल विवादक शीघ्र समाधान कएल जाए, जाहि सं सरकारी अस्पताल सभक नियमित ओपीडी सेवा सुचारू रहय आ रोगी सभ कें बिना इलाज करौने वापस नहि लौटय पड़य।

# मोतिहारी मे कारोबारी सभ उठौलनि जामक समस्या

## डीएम-एसपी कहलनि- वन-वे सं मुख्य बाजार सभ मे जाम कम भेल




**मोतिहारी, समदिया**

मोतिहारी शहरक एकटा होटल मे चेंबर ऑफ कॉमर्स दिस सं जिला प्रशासन आ व्यवसायी सभक बीच संवाद कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। एहि मे सुगौली, अरेराज, चकिया, केसरिया समेत कतेको ठामक चेंबर संघक अध्यक्ष, सचिव आ जिलाक पैघ व्यवसायी सभ शामिल भेलाह।

कार्यक्रम मे जिलाधिकारी सौरभ सुमन यादव, पुलिस अधीक्षक स्वर्ण प्रभात, नगर आयुक्त आशीष कुमार, सदर एसडीओ अरुण कुमार आ डीएसपी दिलीप कुमार मुख्य अतिथिक रूप मे शामिल भेलाह। कार्यक्रमक शुरूआत दीप प्रज्वलित कए कएल गेल। अतिथि सभक स्वागत अंगवस्त्र आ स्मृति चिह्न दए कएल गेल।

बैठक मे शहरक यातायात व्यवस्था पर खास तौर पर चर्चा भेल। व्यवसायी सभ शहर मे लागय बला जामक समस्या कें प्रमुखता सं उठौलनि। ओ अधिकारी सभ सं पूछलनि जे शहरक लोक कें यातायात जाम सं कोना राहति भेटत।

# अररिया मे भूमिहीन परिवार सभ कें भेटत वासभूमिक लाभ

## 9.30 लाख लोकक भेल स्वास्थ्य जांच

**अररिया, समदिया**

अररिया मे भूमिहीन परिवार सभ कें वासभूमि उपलब्ध कराबय, लोक सभ कें घर-घर स्वास्थ्य जांच आ उपचारक सुविधा देबाक आ शहर मे ट्रैफिक आ अतिक्रमणक समस्या दूर करबाक लए तीन प्रमुख अभियान पर काज चलि रहल अछि। जिला प्रशासनक स्तर सं एहि अभियान सभक लगातार समीक्षा कएल जा रहल अछि। राजस्व एवं भूमि सुधार विभागक अभियान बसेरा-2क अंतर्गत योग्य भूमिहीन परिवार सभ कें बंदोबस्ती प्रमाण-पत्रक संग वासभूमिक लाभ देल जाएत। अनुसूचित जाति, अनुसूचित जनजाति, पिछड़ा वर्ग आ अति पिछड़ा वर्गक पात्र भूमिहीन परिवार सभ कें प्राथमिकता देबाक बात जिलाधिकारी कहलनि।




योजनाक लाभ लेबाक इच्छुक पात्र परिवार अपन संबंधित अंचल कार्यालय मे आवेदन जमा क' सकैत छथि। जिला प्रशासन लोक सभ सं योजनाक जानकारी लए सीधा प्रशासनिक स्तर पर संपर्क करबाक अपील केने अछि। जिलाधिकारी लोक सभ सं अपील केने छथि जे योजनाक लाभ लेबाक लए बेवजह पटनाक चक्कर नहि लगाबथि। कोनो व्यक्ति बहकावा मे आबि पाइस देब वा गलत प्रक्रिया अपनाएब सं बचथि। योजनाक लाभ दियेबाक नाम पर लोक सभ कें गुमराह करनिहारक विरुद्ध कानूनी कारबाइ कएल जाएत।

स्वास्थ्य विभागक ह्यजांच एवं उपचार-चिकित्सा अहांक द्वारह्ण अभियानक अंतर्गत जिला मे एखन धरि 9,30,250 लोकक जांच कएल जा चुकल अछि। जांच मे 9,350 लोक उच्च रक्तचापक आ 7,589 लोक शुगर सं पीड़ित पाओल गेल छथि। एहि रोगी सभक उपचार जारी अछि। कैंसर स्क्रीनिंगक दौरान 11,838 संदिग्ध मुख कैंसर मामिला मे 12 मामिलाक पुष्टि भेल अछि। तहिना 2,151 संदिग्ध स्तन कैंसर मामिला मे 6 आ 513 संदिग्ध सर्वाइकल कैंसर मामिला मे 3 मामिलाक पुष्टि भेल अछि।

स्वास्थ्य जांच मे 1,217 गंभीर एनीमिया आ 647 मोतियाबिंदक मामिला सेहो सामने आएल अछि। एहि मे सं 563 मोतियाबिंदक ऑपरेशन कराओल जा चुकल अछि। 2 सितंबर 2026 सं एखन धरि 6,873 गर्भवती महिलाक जांच कएल गेल अछि। एहि मे 150 महिला गंभीर एनीमिया सं पीड़ित पाओल गेल छथि। संबंधित रोगी सभक उपचार आ फॉलोअप पर सेहो स्वास्थ्य विभाग काज कए रहल अछि। नगर विकास एवं आवास विभागक अंतर्गत शहर मे यातायात जाम आ सड़कक कात अतिक्रमणक समस्या दूर करबाक लए कारबाइ तेज कएल गेल अछि। नगर थाना सं कोशी धार पुल धरि अतिक्रमण हटेबाक कारबाइ चलि रहल अछि।

शहरक यातायात व्यवस्था सुधारबाक लए सर्विस लेन मे दू आ चारि पहियाक वाहनक पार्किंगक व्यवस्था कएल जा रहल अछि। एकर उद्देश्य सड़क पर बेतरतीब पार्किंगक कारण लागय बला जाम कें कम करनाइ अछि। सदर अस्पतालक आसपास आपातकालीन वाहन आ रोगी सभक सुगम आवागमन कें देखैत यातायात व्यवस्था दुरुस्त करबाक निर्देश देल गेल अछि।

# अररिया मे गणेश पूजा कें अष्टमी पर उमड़ल भीड़, दूनू पंडाल मे बांटल गेल महाभोग

**अररिया, समदिया**

अररिया शहर मे चलि रहल 11 दिवसीय गणेश पूजा महोत्सवक अंतर्गत अष्टमी पूजा अवसर पर भक्त सभक भारी भीड़ उमड़ि पड़ल। ओम नगर वार्ड संख्या 08 स्थित पावर हाउसक लग आ नवरत्न चौक स्थित गणेश पूजा पंडाल मे पैघ संख्या मे श्रद्धालु पहुंचलाह। रात करीब 9 बजे गणेश महाआरती भेल। एहि दौरान दूनू पूजा पंडाल श्रद्धालु सभ सं खचाखच भरल रहल। भक्त सभ विधि-विधान सं पूजा-अर्चना कए भगवान गणेश सं सुख-समृद्धिक कामना कएलनि। नवरत्न चौक स्थित गणेश पूजा पंडाल मे शहरक प्रसिद्ध मां खरगेश्वरी महाकाली मंदिरक साधक नानू बाबा गणेश महाआरती करौलनि। महाआरतीक बाद दूनू पूजा पंडाल मे श्रद्धालु सभक बीच महाभोग बांटल गेल। महाभोग प्रसाद लेबाक लए श्रद्धालु सभक लंबा कतार लागल रहल। भक्त सभ श्रद्धाक संग प्रसाद ग्रहण कएलनि आ आयोजनक प्रशंसा कएलनि। ओम नगर स्थित गणेश पूजा समितिक यजमान अविनाश कुमार उर्फ पप्पू साह बतौलनि जे



पिछला 19 वर्ष सं ओम नगर वार्ड संख्या 8 मे पावर हाउसक लग भगवान गणेशक प्रतिमा स्थापित कए 11 दिवसीय गणेश पूजाक आयोजन कएल जा रहल अछि। ओ बतौलनि जे प्रत्येक वर्ष पूजा मे पैघ संख्या मे श्रद्धालु शामिल होइत छथि। अविनाश कुमार बतौलनि जे आगामी 24 सितंबर कें नवमीक अवसर पर पंडाल परिसर मे जागरण कार्यक्रमक आयोजन कएल जाएत। जागरण कें लए पूजा समिति तैयारी शुरू कए देने अछि। कार्यक्रम कें सफल बनाबय मे श्री श्री 108 गणेश पूजा समिति ओम नगरक संस्थापक सदस्य गगन झा, अध्यक्ष राजू राय, कोषाध्यक्ष सुभाष जायसवाल, संजीव कुमार पासवान उर्फ मुच्चु, नीरज झा आ रवि कुमार साह सहित अन्य सदस्य सक्रिय रूप सं जुटल छथि।



# यूपीआई कें लए सरकारक पैघ योजना, एमडीआर सं बैंकक कमाइ शुरू भेलाक बाद खतम भए सकैत अछि सब्सिडी

भारत मे डिजिटल भुगतान आइ सभक जिनगीक अहम हिस्सा बनि गेल अछि। शहर सं लए कए गाम धरि सभ ठाम यूपीआईक इस्तेमाल आम बात भए गेल अछि। एहि भुगतान प्रणाली कें पैघ आ मजबूत बनेबाक लए सरकार लगातार बैंक सभ कें वित्तीय मदति दैत रहल अछि। मुदा आब यूपीआई इकोसिस्टम मे पैघ बदलाव भए रहल अछि। सरकार कम मूल्यक यूपीआई लेनदेन पर भेटैत सब्सिडी कें बंद करबाक योजना बना रहल अछि। एकर पाछां सब सं पैघ कारण पैघ लेनदेन पर मर्चेंट डिस्काउंट रेट (एमडीआर) लागू होनाइ अछि। पैघ भुगतान पर एमडीआरक माध्यम सं बैंक सभक कमाइक बाट स्पष्ट भए गेल अछि। एहन स्थिति मे सरकारक मानब अछि जे जखन बैंक अपने कमाइ शुरू क' देत, तखन सरकारी खजाना सं सब्सिडी देबाक खास जरूरत नहि रहत।



पिछला किछु समय मे डिजिटल लेनदेनक दुनिया मे कतेको पैघ बदलाव देखबा मे आएल अछि। सरकार पैघ मर्चेंट भुगतान पर एमडीआर लागू कए देने अछि। 15 अक्टूबर 2026 सं एनपीसीआईक नव नियमक अंतर्गत 2,000 सं बेसीक चुनिंदा यूपीआई मर्चेंट (पी2एम) भुगतान पर 0.4 प्रतिशतक मर्चेंट डिस्काउंट रेट (एमडीआर) लागू भए जाएत। जखन पैघ भुगतान पर एमडीआर सं कमाइ शुरू भए जाएत, तखन सरकार अपन वित्तीय मददक योजना कें समेटबाक तैयारी मे अछि। आब भुगतान कंपनी सभक संग-संग बैंक सभ कें नेटवर्क सं सीधा लेनदेन आधारित आमदनी भेटय लागत। जखन पूरा प्रणाली अपनहि कमाइ करय लागत, तखन सरकार छोट भुगतान पर अपन दिस सं देल जाएबला आर्थिक मदति रोकय चाहैत अछि। इकोनॉमिक्स टाइम्सक एकटा रिपोर्टक अनुसार, वित्त वर्ष 2027 लए सरकार 2,000 करोड़ रुपैयाक बजट राखने छल, मुदा धरातल पर अप्रैल 2025क बाद सं कोनो नव सब्सिडी जारी नहि कएल गेल अछि।

एहि संभावित फैसलाक पाछां एकटा पैघ कारण करदाताक पानि बचेनाइ अछि। बैंकिंग क्षेत्र सं जुड़ल एक वरिष्ठ अधिकारीक अनुसार, पैघ भुगतान पर एमडीआर लागू करबाक मुख्य उद्देश्य ई अछि जे डिजिटल भुगतान इकोसिस्टम करदाताक पाइसापर निर्भर नहि रहय। अधिकारी स्पष्ट रूप सं कहलनि जे पिछला करीब डेढ़ वर्ष सं सरकार दिस सं कोनो नव सब्सिडी नहि देल गेल अछि। सरकार नहि चाहैत छल जे करदाताक मेहनतक कमाइ सं पैघ व्यापारी सभक भुगतान पर कोनो छूट देल जाए।

जं पिछला किछु वर्षक सरकारी आंकड़ा पर नजरि दैत छी तं पता चलैत अछि जे सरकार धीरे-धीरे अपन हाथ पाछां खींचि रहल छल। वित्त वर्ष 2024 मे यूपीआई प्रोत्साहनक रूप मे बैंक सभ कें 3,631 करोड़ रुपैया बांटल गेल छल। ओतहि वित्त वर्ष 2025 मे ई आंकड़ा तेजी सं घटि कए मात्र 1,046 करोड़ रुपैया रहि गेल। फंड मे भेल एहि पैघ गिरावट सं स्पष्ट संकेत भेटैत छल जे सरकार शीघ्र एहि प्रोत्साहन योजना कें पूरा तरह बंद क' सकैत अछि। आब एमडीआर सं आमदनी होएबाक संभावना सं एहि प्रक्रिया कें आरो तेज कए देल गेल अछि।

देशभरि मे डिजिटल भुगतान कें बढ़ावा देबाक लए सरकार पैघ पहल केने छल। जनवरी 2020 मे यूपीआई आ रुपे डेबिट कार्ड भुगतान पर एमडीआर कें पूरा तरह शून्य कए देल गेल छल। तखन शून्य एमडीआरक कारण बैंक सभ कें होएबला नुकसानक भरपाई लए सरकार ई सब्सिडी योजना शुरू केने छल। एकर मुख्य उद्देश्य छोट दुकानदार सभ कें डिजिटल भुगतान अपनाबय लए प्रोत्साहित करनाइ छल। एकर अतिरिक्त टियर-2, टियर-3 शहर सं लए कए ग्रामीण इलाका धरि सुरक्षित भुगतान ढांचा तैयार करनाइ सेहो सरकारक लक्ष्य छल।

# बैंक हड़तालः 28 सितंबर सं काजकाज ठप करबाक तैयारी, सरकार कहलक- संवाद सं समाधान निकालू

बैंक हड़ताल कें लए वित्त मंत्रालय पैघ बयान देने अछि। मंत्रालय बैंक यूनियन सभ सं काजकाज बंद नहि करबाक आ बाकी बचल मामिला सभ कें बातचीतक माध्यम सं सुलझेबाक अनुरोध केने अछि। यूनाइटेड फोरम ऑफ बैंक यूनियंस (यूएफबीयू) 5 दिनक कार्य सप्ताह समेत कतेको मांग कें लए 28 सितंबर सं तीन दिनक देशव्यापी हड़तालक घोषणा केने अछि। एहि पर सरकार स्पष्ट केने अछि जे कर्मचारी सभक अधिकांश मुख्य मांग पर पहिनहि सकारात्मक कदम उठाओल जा चुकल अछि। एहन स्थिति मे हड़ताल सं ककरो लाभ नहि होयत। जं ई हड़ताल होइत अछि तं देशभरि मे बैंकिंग सेवा पर पैघ असर पड़ि सकैत अछि। 28 सितंबर सं पहिने सप्ताहांतक छुट्टी अछि, जाहि कारण लगातार पांच दिन धरि शाखा बंद रहबाक स्थिति बनि सकैत अछि। सब सं पैघ चिंता ई अछि जे हड़तालक समय बैंकक अर्धवार्षिक समापन अर्थात 30 सितंबर सं टकरा रहल अछि। ई तारीख खाता सभक मिलान, प्रावधान, ट्रेजरी आ बाजार संचालनक हिसाब सं बहुत महत्वपूर्ण मानल जाइत अछि।




एहि समय काजकाज रुकला सं आम ग्राहक, छोट-पैघ कारोबारी आ सरकारी लेनदेन कें भारी परेशानी झेलय पड़ि सकैत अछि।

वित्त मंत्रालय अपन बयान मे कहलनि जे सार्वजनिक क्षेत्रक बैंक देशक आर्थिक आ सामाजिक विकासक रीढ़ अछि। कर्मचारी सभक योगदान कें बुझैत सरकार हुनक हित मे कतेको पैघ फैसला लेने अछि। सभ स्तरक कर्मचारीक वेतन आ भत्ता मे बढ़ोतरी कएल गेल अछि। नव वेतनमान लागू कएल गेल अछि आ कर्मचारी कल्याण कोषक दायरा बढ़ाओल गेल अछि। एकर अतिरिक्त असिस्टेंट जनरल मैनेजर सं लए कए चीफ जनरल मैनेजर धरि उच्च पदक संख्या बढ़ाओल गेल अछि। सरकार कर्मचारी सभक मांग मानैत विवादित परफॉर्मेंस लिंक्ड इंसेंटिव (पीएलआई) योजना कें सेहो बातचीतक बाद स्थगित कए देने छल।

मंत्रालय ई सेहो बतौलनि जे बैंक कर्मचारी सभक वेतन संशोधन आ भत्ता सं जुड़ल नव द्विपक्षीय समझौता (बाइपार्टाइट सेटलमेंट) पर बातचीत इतिहास मे पहिल बेर निर्धारित समय सं बहुत पहिने शुरू कएल गेल अछि। एकर उद्देश्य नवंबर 2027क समय-सीमा सं बहुत पहिने प्रक्रिया पूरा करनाइ अछि। ई दर्शबैत अछि जे सरकार बैंक कर्मचारी सभक समस्या कें लए कतेक गंभीर अछि। सरकारक कहब अछि जे हड़ताल सं मात्र आम जनता परेशान नहि होइत अछि, बल्कि बैंकक कारोबार आ स्वयं कर्मचारी सभक हित पर सेहो प्रतिकूल असर पड़ैत अछि।

# व्लादिमीर पुतिन : गुमनाम जासूस सं रूसक सब सं शक्तिशाली व्यक्ति बनबाक कथा







**नई दिल्ली, एजेंसी**

राष्ट्रपति व्लादिमीर पुतिनक समर्थन प्राप्त यूनाइटेड रशिया पार्टी रूसक स्टेट ड्यूमा अर्थात संसदक निचला सदन मे बहुमत कायम रखबाक स्थिति मे देखाइत अछि। प्रारंभिक परिणाम सं संकेत भेटल अछि जे पार्टीक सीट संख्या पिछला चुनावक अपेक्षा सेहो बेसी भए सकैत अछि। यूक्रेन युद्धक विरोध कएनिहार प्रमुख दल सभक अनुपस्थिति मे पहिने सं पुतिन समर्थक दलक जीतक संभावना व्यक्त कएल जा रहल छल।

एहि बीच रूसक राष्ट्रपति व्लादिमीर पुतिनक राजनीतिक जीवन आ सत्ताक शिखर धरि पहुंचबाक यात्रा पर सेहो लोकक ध्यान केंद्रित अछि। वर्ष 2000क शुरूआत मे जखन पुतिन रूसक कार्यवाहक राष्ट्रपति बनलाह, तखन बहुतो लोकक लेल ओ एकटा पहेलीक समान छलाह। ओ पूर्व खुफिया अधिकारी छलाह। हुनकर जीवनक प्रारंभिक अध्याय देखला सं बुझाइत अछि जे कठिन बाल्यकाल सं निकलि ओ रूसक सर्वोच्च पद धरि कोना पहुंचलाह। 31 दिसंबर 1999 कें रूसक राष्ट्रपति बोरिस येल्तसिन अनचोके पद सं इस्तीफा देबाक घोषणा कएलनि।

राष्ट्रक नाम अपन संबोधन मे ओ कहलनि जे रूस कें नव नेतृत्व, नव चेहरा आ नव ऊर्जा सं भरल मजबूत लोकक आवश्यकता अछि। भ्रष्टाचार आ राजनीतिक अस्थिरताक बीच येल्तसिनक लोकप्रियता तेजी सं घटि रहल छल। सोवियत संघक विघटनक बाद रूस साम्यवादी, सरकार-नियंत्रित अर्थव्यवस्था सं खुलल बाजारक अर्थव्यवस्था दिस बढ़ि रहल छल। एहि संक्रमणक समय देश आर्थिक आ सामाजिक कठिनाइ सं गुजरि रहल छल।

### आधा राति पुतिन देलनि पहिल संदेश

येल्तसिनक उत्तराधिकारी बनि व्लादिमीर पुतिन आधी राति कार्यवाहक राष्ट्रपतिक रूप मे अपन पहिल टेलीविजन संबोधन देलनि। ओ कहलनि जे सत्ताक कोनो रिक्तता नहि होयत। संगहि संविधानक अवहेलना आ कानूनक सीमा लांघबाक प्रयासक विरुद्ध कठोर कारबाइक चेतावनी सेहो देलनि। दुब्बर-पातर, फिट आ गंभीर स्वभावक पुतिन शीघ्र रूस मे लोकप्रिय होमय लगलाह। वर्ष 1999 मे प्रधानमंत्री बनल पुतिन तखन धरि खुफिया अधिकारीक रूप मे काज कए चुकल छलाह। चेचन्या युद्धक दौरान हुनकर कठोर नीतिक कारण हुनकर लोकप्रियता तेजी सं बढ़ल। मार्च 2000 मे भेल राष्ट्रपति चुनावक पहिल चरण मे पुतिन कें 53 प्रतिशत वोट भेटल आ ओ राष्ट्रपति निर्वाचित भेलाह। ओहि समय अधिकांश रूसी नागरिक आर्थिक स्थिरता कें प्राथमिकता दैत छल। पुतिनक मुख्य संदेश छल जे ओ रूस कें फेर मजबूत बनाओत। 47 वर्षक आयु मे रूसक सर्वोच्च पद पर पहुंचल पुतिनक व्यक्तित्व कठोर आ अनुशासित देखाइत छल। ओ जूडो मे ब्लैक बेल्ट छलाह आ अपराधी सभक विरुद्ध अत्यंत कठोर भाषा प्रयोग करबाक लेल सेहो चर्चित रहलाह।

### कोना बीतल पुतिनक बाल्यकाल?

व्लादिमीर पुतिनक जन्म 1952 मे लेनिनग्राद, वर्तमान सेंट पीटर्सबर्ग मे भेल छल। द्वितीय विश्वयुद्धक बादक कठिन समयक प्रभाव हुनकर परिवार पर सेहो छल। लेनिनग्रादक घेराबंदी मे हुनकर पैघ भाइक मृत्यु भए गेल छल आ माता-पिताक जीवन सेहो कठिन परिस्थिति मे बचल छल। पुतिनक पालन-पोषण एकटा भीड़-भाड़बला सामुदायिक फ्लैट मे भेल, जतय रसोई आ स्नानघर सभक लेल साझा छल। ओहि घर मे चूहा आ तिलचट्टा सेहो बहुत छल। अपन आत्मकथा मे पुतिन बचपनक एकटा घटना याद करैत छथि, जखन ओ सीढ़ी पर एकटा पैघ चूहाक पीछा कएलनि आ चूहा अनचोके हुनकर दिस झपटि पड़ल।

> **पुतिनक समर्थन प्राप्त यूनाइटेड रशिया पार्टी रूसक स्टेट ड्यूमा मे बना रहल अछि बहुमत**

हुनकर पुरान जूडो प्रशिक्षक एनातोली राखलिनक अनुसार पुतिन बहुत प्रतिभाशाली विद्यार्थी छलाह आ ओलंपिक टीम मे स्थान बनेबाक क्षमता रखैत छलाह। ओ दहिना आ बामा दुनू दिशा सं समान दक्षताक संग दांव लगाबैत छलाह आ विरोधी कें भ्रमित करब हुनकर विशेषता छल। पुतिनक बाल्यकालक मित्र आ मनोवैज्ञानिक मारिया ओसोरिनाक अनुसार कठिन वातावरण मे पुतिनक लेल मजबूत बनब आवश्यक छल। हुनकर परिवार मे सेवा, देशभक्ति आ निष्ठाक भावना प्रबल छल। पुतिन अपन माता-पिताक बहुत प्रिय छलाह, मुदा परिवारक लोक अपन भावना सार्वजनिक रूप सं कम प्रकट करैत छल। स्कूलक साथी सभक अनुसार युवा पुतिन शांत, चालाक आ आत्मनिर्भर स्वभावक छलाह। ओ भीड़ मे अपन उपस्थिति दर्ज करय सं बेसी दूर सं परिस्थिति कें प्रभावित करब पसंद करैत छलाह। हुनकर स्वभाव बोरिस येल्तसिनक अपेक्षा पूर्णतः अलग छल।

### खुफिया अधिकारी बनेबाक सपना

पुतिन कें कम उम्रहि मे केजीबी मे शामिल होयबाक इच्छा छल। हुनकर अनुसार 1968 मे देखल एकटा फिल्म द शील्ड एंड द स्वॉर्ड सं हुनका खुफिया अधिकारी बनेबाक प्रेरणा भेटल। 16 वर्षक आयु मे ओ केजीबी मुख्यालय पहुंचि नौकरीक इच्छा व्यक्त कएलनि। अधिकारी सभ हुनका कानूनक पढ़ाई करबाक सलाह देलनि। छह वर्षक बाद केजीबी हुनका नौकरी पर राखि लेल। करीब 16 वर्ष सं बेसी समय धरि पुतिन खुफिया अधिकारीक रूप मे काज कएलनि। बर्लिनक दीवार खसबाक समय ओ पूर्वी जर्मनी मे तैनात छलाह। बाद मे जखन ओ रूस लौटला, तखन सोवियत व्यवस्थाक पुरान आधार तेजी सं बदलि रहल छल। एहि तरह एकटा साधारण परिवार मे कठिन परिस्थिति मे पलल-बढ़ल, शांत आ अपेक्षाकृत गुमनाम खुफिया अधिकारी व्लादिमीर पुतिन धीरे-धीरे रूसक सर्वोच्च राजनीतिक सत्ता धरि पहुंचलाह।

# ‘2 लाख देब तं मनपसंद जगह पर तबादला...’ शिक्षकक घूस मांगबाक ऑडियो सं कलकत्ता हाई कोर्ट मे हड़कंप

**कोलकाता, एजेंसी**

पश्चिम बंगाल मे शिक्षकक तबादला मे कथित घूसखोरीक एकटा मामिला कलकत्ता हाई कोर्टक समक्ष आयल अछि। एकटा शिक्षक अदालत मे एहन ऑडियो रिकॉर्ड प्रस्तुत कएलनि, जाहि मे कथित रूप सं एकटा बिचौलिया मनपसंद स्कूल मे तबादला करयबाक लेल 2 लाख टाका घूस मांगैत सुनाइ पड़ैत अछि। मामिला सामने अयलाक बाद न्यायमूर्ति अमृता सिन्हा एहि पर गंभीरता व्यक्त करैत कोलकाता पुलिस

> **मामिला सामने अयलाक बाद न्यायमूर्ति अमृता सिन्हा देलनि जांचक आदेश**

कें जांचक आदेश देलनि। अदालत कोलकाता पुलिस कें प्रारंभिक जांच रिपोर्ट निर्धारित समय धरि प्रस्तुत करबाक निर्देश देलनि। जांच मे ई पता लगाओल जाएत जे शिक्षक सं टाका मांगनिहार व्यक्ति के अछि आ ओकर संबंध कोनो गिरोह अथवा संगठित नेटवर्क सं अछि वा नहि। कसबा थाना क्षेत्रक अधिकारी कें एहि मामिलाक जांचक जिम्मेदारी देल गेल अछि।



### घूस मांगबाक ऑडियो पर जांच

रिपोर्टक अनुसार, शिक्षक द्वारा अदालत मे प्रस्तुत ऑडियो मे एकटा व्यक्ति मनपसंद स्कूल मे तबादला करयबाक बदला मे 2 लाख टाका मांगैत सुनाइ दैत अछि। वर्तमान सरकारक स्कूल सर्विस कमीशन अर्थात एसएससी सेहो एहि घटनाक जांचक मांग केने अछि। न्यायालय पुलिस कें ई पता लगयबाक निर्देश देलनि जे टाका मांगबाक लेल फोन कोन नंबर सं कएल गेल छल आ फोन करनिहारक पाछां कोनो गिरोह सक्रिय अछि वा नहि। पुलिस कें प्रारंभिक स्तर पर कॉल करनिहारक पहचान करबाक संगहि संभावित नेटवर्कक संबंध मे जानकारी जुटेबाक अछि।

शिक्षकक बदली प्रक्रिया पश्चिम बंगाल मे पहिने सं विवादक विषय रहल अछि। किछु स्कूल मे विद्यार्थी कम अछि, जखन कि शिक्षकक संख्या तुलनात्मक रूप सं बेसी अछि। दोसर दिस किछु स्कूल मे शिक्षकक कमी सेहो अछि। एहि असंतुलन कें दूर करबाक लेल स्कूल शिक्षा विभाग जुलाई मे अतिरिक्त शिक्षक सभक पहचान कए हुनका दोसर स्कूल मे स्थानांतरित करबाक लेल एकटा मानक कार्यप्रणाली अर्थात एसओपी जारी केने छल।

### सरप्लस ट्रांसफर पर अंतरिम रोक

एसओपीक अंतर्गत विद्यार्थी संख्या नहि अथवा बहुत कम रहल स्कूल, अतिरिक्त शिक्षकवाला स्कूल आ शिक्षक-विद्यार्थी अनुपात अधिक रहल स्कूल सभ कें प्रक्रिया मे शामिल करबाक प्रावधान छल। मुदा एहि ट्रांसफर प्रक्रिया पर कलकत्ता हाई कोर्ट सवाल उठौलक। न्यायमूर्ति अमृता सिन्हाक एकल पीठ 2026 मे जारी संशोधित एसओपीक प्रभाव पर अंतरिम रोक लगबैत स्पष्ट कएलनि जे अगिला आदेश धरि सरप्लस ट्रांसफर नहि कएल जा सकत। उपलब्ध रिपोर्टक अनुसार रोक 15 दिसंबर 2026 धरि लागू अछि।

## ट्रंप प्रशासनक विरुद्ध सीएनएन समेत तीन समाचार संस्थानक मुकदमा, व्हाइट हाउस कवरेजक बहिष्कार

**वाशिंगटन, एजेंसी।** अमेरिकाक समाचार संस्थान सीएनएन, एमएस नाउ आ पोलिटिको सोमदिन राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंपक प्रशासनक विरुद्ध मुकदमा दायर कएलनि। सप्ताहांत मे व्हाइट हाउस द्वारा एहि संस्थान सभक समाचार कवरेज पर रोक लगाएल गेल छल। समाचार संस्थान सभ आरोप लगौने अछि जे चुनिंदा रूप सं लगाओल गेल ई प्रतिबंध कानूनक स्पष्ट उल्लंघन अछि। संस्थान सभक याचिका मे कहल गेल अछि जे अमेरिकी संविधानक प्रथम संशोधन राष्ट्रपति अथवा कोनो सरकारी अधिकारी कें मात्र समाचारक सामग्री पसिन नहि पड़लाक कारण प्रेसक स्वतंत्रता आ अधिकार सं



वंचित करबाक अनुमति नहि दैत अछि। बिना सूचना आ उचित प्रक्रिया अपनौने प्रेस पर प्रतिबंध लगेनाइ सेहो संविधानक भावना विपरीत अछि। शनिदिन एहि तीनू संस्थानक संवाददाता सभक प्रवेश-पत्र निष्क्रिय कएल गेल छल। एकर दू दिन बाद सोमदिन तीनू संस्थान संयुक्त रूप सं मुकदमा दायर कएलनि। एक दिन पहिने ट्रंप घोषणा केने छलाह जे ओ एहि संस्थान सभ पर प्रतिबंध लगा रहल छथि, कारण हुनकर अनुसार हुनका सभक समाचार फेक न्यूज अछि। सोमदिन प्रतिबंधित टेलीविजन नेटवर्क व्हाइट हाउस परिसरक ठीक बाहर सड़क सं समाचार प्रसारित करैत रहल। ओही दिन सीएनएन कें प्रमुख समाचार नेटवर्क सभ द्वारा साझा कएल जाएवला पूल ड्यूटी सं सेहो हटा देल गेल।

## अमेरिका मे 90 फीट ऊंच हनुमान मूर्ति कें लए कए विवाद, हिंदू संगठन आक्रोशित

**टेक्सास, एजेंसी**

अमेरिकाक टेक्सास स्थित भगवान हनुमानक 90 फीट ऊंच मूर्ति फेर राजनीतिक आ धार्मिक बहसक केंद्र बनि गेल अछि। कंजरवेटिव यूट्यूबर आ मेक अमेरिका ग्रेट अगेन अर्थात एमएजीए कार्यकर्ता जेसी ह्यूजेस सोशल मीडिया पर मूर्तिक फोटो साझा करैत लिखलनि जे, जखन हम जीतब, तखन एकरा खसा देब। हुनकर एहि टिप्पणीक बाद विवाद फेर तेज भए गेल। हिंदू संगठन, पूर्व सैनिक आ भारतीय-अमेरिकी समुदायक लोक सभ एहि बयान कें धार्मिक घृणा बढ़ेबला आ देशभक्तिक भावना विरुद्धक बतौने छथि। ई मूर्ति शुगर लैंड स्थित श्री अष्टलक्ष्मी मंदिर परिसर मे अछि। एकर नाम स्टैच्यू ऑफ द यूनियन अछि आ अगस्त 2024 मे एकर प्राण-प्रतिष्ठा कएल गेल छल। मंदिरक अनुसार, ई मूर्ति शक्ति, भक्ति, सेवा आ एकताक प्रतीक अछि। रामायणक अनुसार हनुमानजी राम आ सीता कें फेर मिलाबय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौने छलाह, ताहि कारण एकर नाम यूनियन राखल गेल अछि। पंचधातु सं निर्मित एहि मूर्तिक वजन करीब 90 टन अछि आ एकर निर्माणक खर्च समुदाय द्वारा देल गेल चंदा सं भेल अछि।

**पहिने सं विरोधक केंद्र रहल अछि मूर्ति :** मूर्ति स्थापित भेलाक बाद किछु ईसाई कंजरवेटिव समूह एकर विरोध केने छल। किछु लोक एकरा गैर-



> **एमएजीए कार्यकर्ताक सोशल मीडिया पोस्ट सं शुरू भेल विवाद**

ईसाई आ झूठ देवताक मूर्ति कहने छल। एकटा चर्च समूह मंदिरक लग मे प्रार्थना करबाक लेल सेहो पहुंचल छल। मंदिर प्रबंधन द्वारा पुलिस बजयबाक बात कहल गेलाक बाद ओ सभ ओतय सं चलि गेल। 2025 मे रिपब्लिकन नेता अलेक्जेंडर डंकन सेहो मूर्ति कें झूठ हिंदू भगवानक मूर्ति कहैत अमेरिका कें ईसाई राष्ट्र बतौने छलाह। हिंदू अमेरिकन फाउंडेशन सहित किछु संगठन एहि बयानक विरोध केने छल। 2026क मध्यावधि चुनावक माहौल मे ह्यूजेसक टिप्पणी सं विवाद फेर बढ़ि गेल अछि। पूर्व अमेरिकी सैनिक रुचिर बख्शी कहलनि जे ओ विभिन्न धर्मक लोकक संग सेना मे सेवा केने छथि आ धर्मक आधार पर कहियो भेदभाव नहि देखलनि। हुनकर कहब छल जे मंदिर मे पूजा कएनिहार लोक कर दैत छथि, व्यवसाय चलबैत छथि आ अपन बच्चा सभ कें सेहो देशक सेना मे पठबैत छथि।

# भारत पर कारबाइ सं पहिने सोचि ली... रूस सं तेल खरीदबाक मुद्दा पर अमेरिका कें जेमी डिमॉनक चेतावनी

**नई दिल्ली, एजेंसी**

रूस सं कच्चा तेल किनबाक मुद्दा पर भारतक विरुद्ध कारबाइ कें लए कए जेपी मॉर्गन चेजक मुख्य कार्यकारी अधिकारी जेमी डिमॉन पैघ बयान देलनि अछि। ओ कहलनि जे अमेरिका कें कोनो कठोर कारबाइ करबाक पहिने ओकर संभावित प्रभाव पर गंभीरतापूर्वक विचार करबाक चाही। अमेरिका कें भारतक संग-संग पूरा विश्वक तेल बाजार पर पड़यबला प्रभाव कें सेहो ध्यान मे रखबाक आवश्यकता अछि। जेमी डिमॉन ई बात मुंबई मे आयोजित जेपी मॉर्गन इंडिया इन्वेस्टर कॉन्फ्रेंसक दौरान सीएनबीसी-टीवी18 सं बातचीत करैत कहलनि। हुनकर कहब छल जे वाशिंगटन कें पहिने ई बुझबाक चाही जे भारतीय रिफाइनरी सभ रूस सं प्राप्त तेलक कोना उपयोग करैत अछि। डिमॉन कहलनि जे आशा अछि जे अमेरिका सभ मुद्दा कें ठीक सं बुझत आ रूसक विरुद्ध आवश्यक कदम उठबैत एहन निर्णय नहि लेत, जाहि सं भारत आ विश्वक तेल बाजार कें नोकसान पहुंचय। भारतीय रिफाइनरी मे रूसी तेलक उपयोगक संबंध मे सेहो डिमॉन अपन बात रखलनि। हुनकर अनुसार रूस सं आबयबला तेलक एकटा हिस्सा भारत मे परिष्कृत कए उपयोग मे आनल जाइत अछि, जखन कि किछु तेल रिफाइनरी सभक विशिष्ट आवश्यकता कें ध्यान मे रखि कए खरीदल जाइत अछि। ओ कहलनि जे जं भारत रूस सं तेल नहि खरीदत तं ओकरा दोसर कोनो देश सं तेल मंगबय पड़त। मुदा ई जरूरी नहि अछि जे दोसर देश सं भेटयवला तेल भारतीय रिफाइनरी सभक लेल उपयुक्त हो।

> **कहलनि, भारत संग-संग पूरा विश्वर बजार पर पड़यबला प्रभाव कें ध्यान मे राखक चाही**

रूस सं तेल किनबाक लेल 100 प्रतिशत धरि शुल्क डिमॉनक ई बयान एहन समय मे आयल अछि जखन अमेरिकी कांग्रेस रूस पर नव प्रतिबंध लगेबाक संबंध मे एकटा विधेयक पारित कए चुकल अछि। एहि कानूनक अंतर्गत राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप कें रूस सं तेल किननिहार देश सभ पर 100 प्रतिशत धरि शुल्क लगेबाक अधिकार भेटि सकैत अछि।



### भारत पर अमेरिका आ यूरोपीय संघक दबाव

रूस सं कच्चा तेल खरीदबाक मुद्दा पर भारत पर अमेरिका आ यूरोपीय संघक दबाव बढ़ल अछि। मुदा भारत लगातार रूसी तेल खरीदक आलोचना कें अस्वीकार करैत रहल अछि। नई दिल्ली अपन ऊर्जा खरीद कें निशाना बनाओल जएनाइ अनुचित आ गैरवाजिब बतौने अछि। रूस पर अमेरिकी प्रतिबंध संबंधी कानून पर भारतक कहब अछि जे एकर प्रभाव दुनू देशक संबंध पर पड़ि सकैत अछि। विदेश मंत्रालय सेहो स्पष्ट केने अछि जे भारत अपन व्यापारिक आ आर्थिक हितक रक्षा लेल आवश्यक कदम उठाओत। भारत विश्वक तेसर सभ सं पैघ तेल आयातक देश अछि आ रूसी तेलक प्रमुख खरीददार सभ मे सेहो शामिल अछि।

डिमॉन कहलनि जे रूस पर दबाव बनयबाक उपाय करबाक संगहि अमेरिका कें ई सेहो देखबाक चाही जे एहन कदमक तेल बाजार पर कतेक व्यापक प्रभाव पड़ि सकैत अछि। हुनकर अनुसार यूक्रेनक समर्थन मे अमेरिका कें आरो कदम उठेबाक आवश्यकता अछि।

# एशियन गेम्स 2026 : फाइनल मे भारतीय महिला टीम रचलक इतिहास

## टी-20 इंटरनेशनल मे हासिल कएलक अपन सब सं पैघ जीत



भारतीय महिला क्रिकेट टीम एशियन गेम्स 2026 मे लगातार दोसर बेर गोल्ड मेडल अपन नाम कए लेलनि। फाइनल मोकाबला मे भारतीय टीम शानदार प्रदर्शन करैत श्रीलंका कें 147 रन सं पराजित कएलनि। भारतीय टीम एहि जीतक संग इतिहास रचि देने अछि। ई रनक हिसाब सं टीम इंडियाक टी-20 इंटरनेशनल क्रिकेट मे एखन धरि कएले गेल सब सं पैघ जीत अछि। भारतीय टीम दिस सं देल गेल 217 रनक पैघ लक्ष्यक पीछा करैत श्रीलंकाक पूरा टीम मात्र 69 रन बना कए ऑलआउट भए गेल। एहि सं पहिने भारत एशिया कप 2018 मे मलेशिया कें 142 रन सं हरौने छल।

भारतीय टीमक गेंदबाज सभक प्रदर्शन फाइनल मोकाबला मे शानदार रहल। दीप्ति शर्मा 4 ओवरक स्पेल मे मात्र 6 रन खर्च कए 3 विकेट लेलनि। ओतहि शेफाली वर्मा, श्रेयंका पाटिल आ श्री चरणी दू-दू विकेट लेलनि। श्रीलंकाक आठ बल्लेबाज दहाइक आंकड़ा धरि सेहो नहि पहुंचि सकलनि। टीम दिस सं सर्वाधिक 14 रन कौशानी नुथ्यांगना बनौलनि। एकर पहिने टीम इंडियाक बल्लेबाज सभक प्रदर्शन दमदार रहल। शेफाली वर्मा आ स्मृति मंधाना पहिल विकेट लए मिलि कए 10 ओवर मे 99 रन जोड़लनि। शेफाली शानदार बल्लेबाजी करैत 29 गेंद मे 48 रन बनौलनि। ओतहि मंधाना 45 गेंदक सामना करैत 79 रन बनौलनि। अपन एहि पारी मे भारतीय उपकप्तान 5 चौका आ 7 छक्का लगौलनि। हरमनप्रीत कौर 19 रनक योगदान देलनि। ओतहि आखरी ओवर सभ मे ऋचा घोष 22 गेंद मे 49 रनक नाबाद पारी खेललनि। ऋचा 222क स्ट्राइक रेट सं खेलैत 6 चौका आ 3 छक्का लगौलनि। ओ चारिम विकेट लए भारती फुलमालीक संग मिलि कए 19 गेंद मे 53 रन जोड़लनि। भारती फुलमाली नाबाद 7 रन बनौलनि। फाइनल मे हारिक बावजूद श्रीलंका रजत पदक अपन नाम कए लेलनि। ओतहि पाकिस्तान बांग्लादेश कें 31 रन सं हराकए कांस्य पदक पर कब्जा जमा लेल।



## इंग्लैंडक तेज गेंदबाज मार्क वुड अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट सं लेलनि संन्यास

इंग्लैंडक तेज गेंदबाज मार्क वुड अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट सं संन्यासक घोषणा कए देने छथि। वुड इंग्लैंडक दू बेर विश्व कप जीतनिहार टीमक हिस्सा रहल छथि। वुड वर्ष 2015 मे लॉर्ड्सक मैदान पर न्यूजीलैंडक विरुद्ध अपन पदार्पण केने छलाह। ओ अपन अंतरराष्ट्रीय करियर मे कुल 38 टेस्ट मैच खेललनि आ एहि दौरान 19 विकेट लेलनि। ओतहि 70 एकदिवसीय मोकाबला मे वुड 80 विकेट लेलनि, जखनकि 38 टी20 अंतरराष्ट्रीय मैच मे ओ कुल 54 विकेट लेलनि। वुड वर्ष 2019 मे इंग्लैंडक एकदिवसीय विश्व कप जीतनिहार टीमक हिस्सा रहलाह। एकर संग जोस बटलरक कप्तानी मे वर्ष 2022 मे टी20 विश्व कप जीतनिहार इंग्लैंड टीम मे सेहो वुड शामिल रहलाह। 36 वर्षक वुड चारि एशेज श्रृंखला मे हिस्सा लेलनि आ 2015 मे अपन पहिल श्रृंखलाक दौरान ट्रेंट ब्रिज मे ट्रॉफी वापस हासिल करबाक लए इंग्लैंड दिस सं निर्णायक विकेट लेलनि। 2023 मे ऑस्ट्रेलियाक विरुद्ध हेडिंग्ले मे हुनक शानदार स्पेल सेहो इंग्लैंड कें 2-0 सं पाछां रहला बाद वापसी करबाक आ श्रृंखला ड्रॉ कराबय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौलक। इंग्लैंड कें 2019 मे एकदिवसीय विश्व कप जितेबा मे वुड महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि आ ओ टूनार्मेंट मे कुल 18 विकेट लेलनि। फाइनल मे मांसपेशी मे खिंचाव भेलाक बावजूद ओ पूरा गति सं गेंदबाजी करैत रहलाह। मार्क वुड अपन सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म इंस्टाग्राम पर लिखलनि, ³हम अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट सं संन्यास लेबाक फैसला केने छी। मुदा, पिछला वर्ष कें देखैत ई कोनो आश्चर्यक बात नहि भए सकैत अछि, मुदा हमर अनुबंधक अंत मे ई स्वाभाविक समय बुझाइत अछि। हम सदिखन मजबूत बनल रहबाक आ चोट सं वापसी कए लोक सभ कें गलत साबित करबाक तथा सभ कें ई देखेबाक प्रयास केने छी जे हम की क' सकैत छी। चिकित्सकीय सलाहक अनुसार टेस्ट क्रिकेट आ 50 ओवरक क्रिकेट खेलनाइ संभव नहि अछि, तें पिछला एक वर्ष मे इंग्लैंड लए खेलबाक सपना धीरे-धीरे हमरा सं दूर होइत गेल। ओ लिखलनि, ³इंग्लैंड लए खेलनाइ हमरा लए सब सं पैघ सम्मान आ सपना सच होएबाक जेकां रहल अछि। हमर भीतरक छोट बच्चा इंग्लैंड लए एतेक बेसी खेलला पर बहुत खुश होयत। दुनियाभरि मे घूमनाइ, शानदार लोक सं भेटनाइ आ बेहतरीन खेलाड़ी सभक संग आ हुनका विरुद्ध क्रिकेट खेलनाइ- ई सभ करनाइ हमरा लए बहुत सौभाग्यक बात अछि आ हम सदिखन एकरा पसंद केने छी। इंग्लैंड पुरुष क्रिकेट टीमक मैनेजिंग डायरेक्टर रॉब की वुडक संन्यास पर कहलनि, एकटा शानदार करियरक आखरी दौर देखनाइ सम्मानक बात रहल अछि। एशेज श्रृंखला आ दूटा विश्व कप जीत मे महत्वपूर्ण भूमिका निभेनाइ आ जखन-जखन हुनक हाथ मे गेंद आएल तखन दर्शक सभक रोमांच बढ़ेनाइ- एहन उपलब्धि बहुत कम खेलाड़ी हासिल क' पबैत छथि। ओ अपन शानदार करियर पर गर्व क' सकैत छथि।

## एशियन गेम्स : जापान कें हराकय सेमीफाइनल मे पहुंचल भारतीय पुरुष बैडमिंटन टीम, पदक भेल पक्का



एशियन गेम्स 2026 मे भारतीय पुरुष बैडमिंटन टीम सेमीफाइनल मे पहुंचि गेल अछि। क्वार्टर फाइनल मोकाबला मे भारतीय टीम शानदार प्रदर्शन करैत जापान कें 3-0 सं पराजित कएलनि। एहि जीतक संग भारतीय पुरुष टीम एशियन गेम्स 2026 मे अपन पदक पक्का कए लेलनि। लक्ष्य सेन शुरूआती एकल मोकाबला मे कोडाई नारोका कड़ा चुनौतीक सामना कएलनि। एकर बाद सात्विकसाईराज रंकीरेड्डी आ चिराग शेट्टीक युगल जोड़ी जीत दर्ज करैत भारत कें सेमीफाइनल अर्थात आखरी चारि मे पहुंचा देबाक दिस मे आगू बढ़ौलनि। ओतहि अंत मे आयुष शेट्टी कोकी वातानाबे कें सीधा गेम मे पराजित कए भारतक जीत पर मुहर लगा देलनि। पहिल गेम 11-21 सं हारलाक बाद लक्ष्य कें बहुत संघर्ष करय पड़लनि। भारतीय खेलाड़ी जोरदार वापसी करैत दोसर गेम 21-5 सं जीतलनि आ मोकाबला निर्णायक गेम मे पहुंचि गेल। तेसर गेम मे नारोका फेर बढ़त बना लेलनि आ पांच अंकक बढ़त लए लेलनि, मुदा लक्ष्य शानदार वापसी कएलनि। ओ स्कोर 19-19 सं बराबर कएलनि आ तकर बाद लगातार दू अंक जीतैत 11-21, 21-5, 21-19 सं मोकाबला अपन नाम कएलनि। एकर बाद विश्वक नंबर 5 भारतीय जोड़ी सात्विकसाईराज रंकीरेड्डी आ चिराग शेट्टीक सामना जापानक विश्वक नंबर 9 जोड़ी ताकुरो होकी आ युगो कोबायाशी सं भेल। भारतीय जोड़ी कड़ा मोकाबला बला पहिल गेम 21-18 सं जीतलनि। दोसर गेम बहुत रोमांचक रहल। जापान तीन मैच प्वाइंट बचाकए स्कोर 20-20 पर पहुंचा देलक। सात्विक आ चिराग धैर्य बना रखलनि आ आखिरकार 24-22 सं जीत दर्ज करैत भारत कें 2-0क बढ़त दियौलनि। ओतहि मोकाबला समाप्त करबाक जिम्मेदारी आयुष कें देल गेल आ युवा भारतीय खेलाड़ी वातानाबे विरुद्ध शानदार प्रदर्शन कएलनि। ओ शुरूआत सं पहिल गेम पर नियंत्रण बनौने रहलाह आ एकरा 21-10 सं जीतलनि। वातानाबे दोसर गेम मे वापसीक प्रयास कएलनि, मुदा आयुष अपन दबदबा कायम रखलनि आ 11-5क बढ़त संग गेमक आधा पड़ाव धरि पहुंचलाह। अंततः ओ मोकाबला 21-10, 21-19 सं जीतलनि, जाहि सं भारत सेमीफाइनल मे पहुंचि गेल आ टीम लए कम सं कम कांस्य पदक पक्का भए गेल। भारत अपन अभियानक शुरूआत राउंड ऑफ 16 मे बांग्लादेश पर 3-0क जीतक संग केने छल।

## भारतीय पुरुष क्रिकेट टीम रचल इतिहास, 200 टी-20 मोकाबला जीतनिहार पहिल टीम बनल



भारतीय पुरुष क्रिकेट टीम एशियन गेम्स 2026 मे मंगल दिन खेलल गेल मोकाबला मे मेजबान जापान कें 2 रन सं हरा देलक। टी20 क्रिकेट मे भारतक ई 200म जीत छल। 200 टी20 मोकाबला जीतनिहार भारत पहिल टीम अछि।

भारत अपन पहिल टी20 मोकाबला मे जीत दर्ज केने छल। 1 दिसंबर 2006 कें दक्षिण अफ्रीका विरुद्ध खेलल गेल मोकाबला मे भारत 6 विकेट सं जीत दर्ज केने छल। भारत अपन 50म जीत 2017 मे श्रीलंका विरुद्ध हासिल केने छल। कोलंबो मे खेलल गेल एहि मोकाबला मे भारत 7 विकेट सं जीत हासिल केने छल। भारत अपन 100म जीत 2022 मे कोलकाता मे वेस्टइंडीज विरुद्ध 8 रन सं, 150म जीत 2024 मे ऑस्ट्रेलिया विरुद्ध 24 रन सं आ 200म जीत 2026 मे जापान विरुद्ध 2 रन सं हासिल कएलक।

भारतीय टीम 50 जीत हासिल करबाक लए 83 मोकाबला, 51 सं 100 जीतक आंकड़ा धरि पहुंचबाक लए 72 मोकाबला, 101 सं 150 जीत धरि पहुंचबाक लए 70 मोकाबला आ 151 सं 200 जीत धरि पहुंचबाक लए 66 मोकाबला खेललक। भारतीय टीम अपन आखरी 50 जीतक लए सब सं कम मोकाबला खेललक अछि।

भारत-जापान मोकाबलाक बात करी तं सानो इंटरनेशनल क्रिकेट स्टेडियम मे भेल एहि मोकाबला मे भारतीय टीम टॉस जीतिकए पहिने बल्लेबाजी करबाक निर्णय लेलक। भारतीय टीमक बल्लेबाजी निराशाजनक रहल। बरखा के कारण गीला मैदान रहबाक कारण मोकाबला 20 ओवरक बदला मात्र 5-5 ओवरक भेल।

भारतीय टीम 4 विकेट गमा कए 32 रन बनौलनि। सब सं बेसी 16 रन कप्तान श्रेयस अय्यर बनौलनि। 33 रनक लक्ष्य हासिल करबाक लए मैदान मे उतरल जापान 5 ओवर मे 3 विकेट पर 30 रन मात्र बना सकल आ 2 रन सं मोकाबला हारि गेल। भारतीय कप्तान श्रेयस अय्यर कें प्लेयर ऑफ द मैच चुनल गेल।

### रोशिबिना देवी क्वार्टर फाइनल मे पहुंचली, एशियन गेम्स मे लगातार तेसर वुशु पदक पक्का

भारतक रोशिबिना देवी महिला 60 किग्रा वुशु क्वार्टर फाइनल मे मकाऊ, चीनक चू मैन सिन कें 5-0 सं पराजित कएलनि। मंगल दिन आइची प्रीफेक्चरल मार्शल आर्ट्स हॉल मे एहि जीतक संग रोशिबिना एशियन गेम्स मे अपन तेसर पदक सुनिश्चित कए लेलनि। 2018 आ 2022 एशियन गेम्सक पदक विजेता रोशिबिना एकटा आरो शानदार प्रदर्शन करैत अपन तेसर महाद्वीपीय पदक पक्का कए लेलनि। ओ अंकक भेद सं मोकाबला 5-0 सं अपन नाम कए बुध दिन खेलय बला सेमीफाइनल मे जगह बनौलनि। रोशिबिना एकर पहिने सोम दिन प्री-क्वार्टर फाइनल मे बांग्लादेशी शिखा खातून कें पराजित कए क्वार्टर फाइनल मे प्रवेश केने छलथि। वर्तमान एशियन गेम्स मे वुशु मे भारतक ई पहिल पक्का पदक अछि। रोशिबिना



एशियन गेम्स 2023 मे रजत पदक विजेता रहल छथि, जखन ओ सांडा 60 किग्रा वर्ग मे दोसर स्थान पर रहल छलथि। ओ 2018 जकार्ता खेल मे सेहो एहि भार वर्ग मे कांस्य पदक जीतने छलथि। हुनका अतिरिक्त भारतक आर्यन सेहो क्वार्टर फाइनल मे पहुंचि गेल छथि, जे आब पदक लए मोकाबला करताह। आर्यन पुरुष 56 किग्रा प्री-क्वार्टर फाइनल मे अफगानिस्तानक साफी शहजादा कें 2-0 सं हरा कए क्वार्टर फाइनल मे जगह बनौलनि। दिनक शुरूआत मे भारतक हंजाबम लैंगलेनटोंबी देवी महिला नानक्वान आ नंदाओ फाइनल मे 18.839 अंकक संग नवम स्थान पर रहलथि। सोम दिन भारतक न्येमन वांगसु महिला चांगक्वान फाइनल मे 15म स्थान पर रहलथि। भारतीय वुशु खेलाड़ी सभ शानदार प्रदर्शनक झलक देखौलनि, जाहि मे सूरज सिंह मयांगलामबम रवि दिन पोडियम फिनिशक लग पहुंचि गेल छलाह। सूरज पुरुष चांगक्वान वुशु फाइनल मे 11म स्थान पर रहलाह आ कड़ा मोकाबला मे मात्र 0.040 अंक सं पोडियम पर स्थान बनाबय सं चूक गेलाह।


धन्यवाद मिथिला

10 Lakh

आइ अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेहक बल पर प्रतिदिन 'समदिया मिथिला'क डिजिटल संस्करण दस लाख पाठक धरि पहुंच रहल अछि। भारत आ नेपालक संगहि अपनेक ई दैनिक पत्र यूके, यूएसए, यूएई, सिंगापुर, मॉरिशस, श्रीलंका आदि देश मे रहि रहल मैथिली भाषी लोकनि प्रतिदिन एहि अखबारक बाट तकैत रहैत छथि आ बहुत चाव सं एहि अखबार कें पढ़ैत छथि। अपने लोकनिक एहि प्रेमक बल पर 'समदिया मिथिला' मिथिलाक एकमात्र लोकप्रिय दैनिक पत्र बनि गेल अछि। एकर हार्ड कॉपी सेहो संपूर्ण मिथिला मे देखिते-देखिते छुहुक्का उड़ि जाइत अछि।

हमरा सभकें आशा आ विश्वास अछि जे अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेह अहिना बनल रहत आ 'समदिया मिथिला'क पाठकक संख्या मे उत्तरोत्तर वृद्धि होइत रहत।

आभार सहित

समदिया परिवार





वर्ष 17, अंक 15 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 ( * पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053